E. Sariqov, B. Xaydarov

# EKONOMIKA BILIM TIYKARLARÍ

# 8

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen ulıwma orta bilim beriw mekteplerinıń 8-klası ushın sabaqlıq sıpatında usınıs etilgen*

Tashkent — 2019

http://eduportal.uz

**Pikir bildiriwshiler:**

**A.N.Sattarov** – Respublika tálim orayı «Ekonomika bilim tiykarları» páni metodisti;
**X.T.Jumanov** – Nizomiy nomidagi TDPU «Ekonomika bilim tiykarları pánin oqıtıw metodikası» kafedrası docenti.

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan ijara ushın basıp shıǵarıldı.**

© «Huquq hám Jamiyet» JSHJ formasındaǵı baspa, 2019

ISBN 978-9943-07-295-4

http://eduportal.uz

# MAZMUNÍ

Sabaqlıqtan paydalanıw boyınsha ulıwma kórsetpeler..............................5

## I bap. Ekomomikaǵa kirisiw

*1- tema.* Ekonomika menen tanısıw..................................................8
*2- tema.* Sheklengenlik mashqalası.................................................. 12
*3- tema.* Tańlaw hám onıń alternativ qunı.......................................... 16
*4- tema.* Óndiris hám onıń faktorları.... ............................................ 20
*5- tema.* Miynettiń bólistiriliwi hám qánigelesiw..................................... 24
*6- tema.* Ekonomikalıq sistemalar.................................................... 28
*I baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar.................................... 34*

## II bap. Bazar

*7- tema.* Almastırıw hám pul........................................................ 38
*8- tema.* Bazar hám onıń túrleri .................................................... 42
*9- tema.* Bazarlar hám nırqlar.............................................. .................... 46
*10- tema.* Bazar qatnasıwshıları ...................................................... 50
*II baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar.................................... 56*

## III bap. Shańaraq — úy xojalıqları ekonomikası

*11- tema.* Tutınıwshılardıń dáramatları hám qárejet túrleri…....................... 60
*12- tema.* Múlk hám menshiklestiriw......................... ..................................... 64
*13- tema.* Dáramat hám baylıq........................................................ 68
*14- tema.* Toplaw hám qamsızlandırıw............................... ............................ 72
*15- tema.* Ekonomikalıq sheshim qabıllaw........................... .......................... 76
*16- tema.* Tutınıwshılardıń huqıqları hám májburiyatları................................ 80
*III baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar................................... 84*

http://eduportal.uz

## IV bap. Talap hám usınıs

*17- tema.* Talap hám talap nızamı........ 88
*18- tema.* Talapqa tásir etiwshi basqa faktorlar........ 92
*19- tema.* Usınıs hám usınıs nızamı........ 96
*20- tema.* Usınısqa tásir etiwshi basqa faktorlar........ 100
*21- tema.* Tovardıń bazar nırqı ........ 104
*22- tema.* Talap ham usınıs nızamlarına baylanıslı ámeliy shınıǵıw........ 108
*23- tema.* Talap hám usınıs ózgeriwiniń bazar nırqına tásiri........ 110
*IV baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar........ 113*

## V bap. Báseki hám bazar ekonomikası

*24- tema.* Báseki........ 116
*25- tema.* Monopoliya hám monopollasqan bazarlar........120
*26- tema.* Bazar ekonomikası........ 124
*27- tema.* Ózbekstan bazar ekonomikasına qaray........ 128
*V baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar........ 132*

## VI bap. Salıq sisteması

*28- tema.* Salıqlar ham olardıń túrleri........ 136
*29- tema.* Salıqqa tartıw tiykarları........ 140
*30- tema.* Salıq tólewshilerdiń huqıqları hám májbúriyatları ........ 144
*VI baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar........ 148*
Bilimińizdi sınap kóriń........ 152

http://eduportal.uz

## SABAQLÍQTAN PAYDALANÍW BOYÍNSHA ULÍWMA KÓRSETPELER

Hár bir temaǵa tiyisli materiallar tómendegi punktlerge bólingen hám belgili bir tártipte sabaqlıqtıń betlerinde jaylastırılǵan. Bazı punktler anıq bir belgi astında ajıratıp kórsetilgen:

1. Sabaqtıń qatar sanı hám teması.
2. Sabaq temasın jarıtıp beriwge járdem beretuǵın mashqalalı jaǵdayǵa tiyisli kórgizbeli maǵlıwmat, súwret, keste, diagramma hám basqalar.
3. Temaǵa baylanıslı, tiykarınan úyde úyreniwge arnalǵan tiykarǵı tekst.
4. Berilgen mashqalalı jaǵdayǵa tiyisli jedellestiriwshi soraw hám tapsırmalar.
5. Sabaq dawamında qollanılatuǵın tayanısh atamalardıń anıqlaması.
6. Ózlestirilgen bilimlerdi tereńlestiriw, tákirarlaw hám ózin-ózi tekseriw ushın berilgen sorawlar.
7. Esaplaw jumısların hám ekonomikalıq pikirlewin talap etiletuǵın, ámeliy xarakterdegi tapsırma hám shınıǵıwlar.
8. Izleniw hám kishi izertlew alıp barıw ushın oqıwshılarǵa óz aldına beriletuǵın óz betinshe úy tapsırmaları.
9. Óz betinshe pikirlew hám bilimlerin tereńlestiriw ushın berilgen sorawlar.
10. Temanıń yadta saqlanıwı kerek bolǵan tiykarǵı ózegi.
11. Jurtımızǵa tán shıǵıs úrp-ádetleri hám olarǵa baylanıslı soraw hám tapsırmalar.
12. Temaǵa baylanıslı dúnyaǵa kózqarastı keńeytetuǵın maǵlıwmatlar.
13. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M. Mirziyaev shıǵarmalarınan úzindiler.
14. Ekonomikalıq túsiniklerdi ózara baylanıstıratuǵın formulalar
15. «Erkin xızmet» teması astındaǵı qosımsha mateiallar.



http://eduportal.uz

Sabaqlıq boyınsha 30 sabaq hám 4 (hár bir sherekte birewden) aralıq qadaǵalaw ótkeriw maqsetke muwapıq. Hár bir temaǵa tiyisli materiallardı bir sabaq dawamında hám úyde orınlaw lazım.

Jańa temanı ótiwde, tiykarınan joqarıda kórsetilgen 2—5-punkt materialları menen islesiw kerek.

3- punkttegi berilgen materiallardan, tiykarınan úyde oqıw hám úyreniw ushın paydalanıw lazım.

Sabaq temasın bekkemlewdi 6-punkttegi soraw hám tapsırmalar menen

7- punkttegi shınıǵıw járdeminde ámelge asırǵan maqul.

8- punkttegi  tapsırmalar kishi izleniw hám izertlew sıpatında oqıwshılarǵa óz betinshe jumıs islewge arnalǵan.

9—12-punkttegisorawlar, tiykarǵı qatarlar hám qádiryatlar óz betinshe baqlaw júrgiziw, bilimlerin bayıtıw, ámelde qollanıp kóriw hám ózin- ózi tekseriw maqsetinde paydalanǵanı maqul.

Oqıwshılar dıqqatı 4-punkttegi gilt atamalar hám 10-punkttegi temanıń tiykarǵı qatarlarına qaratılıwı lazım.

Úyge tapsırmalar sabaqta talqılanǵanda 9—10-punkt soraw hám tapsırmaları tiykarında berilgeni maqul.

Hár bir bap aqırında berilgen tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalardan ótilgenlerdi óz betinshe tákirarlap barıw, aralıq qadaǵalaw sorawlarına tayarlanıw maqsetinde paydalanıw usınıs etiledi. Berilgen testler aralıq baqlawdı ámelge asırıw ushın testler tayarlawda úlgi sıpatında xızmet etedi.

Sabaqlıqtan, sonday-aq, «Erkin xızmet» teması astındaǵı materiallar hám orın alǵan. Bul materiallardı oqıwshılar sabaqtan bos waqıtlarında úyreniw maqsetke muwapıq. Bul materiallar oqıwshılardı óz betinshe pikirlew, izleniw, izertlewge baǵdarlaydı. Olarǵa mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalar haqqında maǵlıwmat beredi. Bul materiallar menen islewde, álbette, ustazlardıń hámde ata-analardıń járdemi hám máslátlerinen paydalanıw lazım.

http://eduportal.uz

*Biz tek aktiv isbilermenlik, tınımsız miynet hám umtılıw arqalı rawajlanıwǵa, abadan turmısqa erise alamız.*

*Shavkat Mirziyoyev*



1

# I bap. Ekonomikaǵa kirisiw



2



3



4



5



6



7



8

http://eduportal.uz

# 1-TEMA EKONOMIKA MENEN TANÍSÍW






## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sońǵı jıllarda mámleketimizde júz berip atırǵan ekonomikalıq ózgerisler kózge túspekte. Bul ózgerislerdi bir neshe mısallar arqalı keltiriń.
2. «... mámleketimizdi tanıtıw ushın, aldınnan, ekonomika tarawın rawajlandırıw kerek» degende neni túsinesiz? Pikir bildiriwde joqarıdaǵı súwretlerden paydalanıń.

Biz ǵarezsiz ózgerip, rawajlanıp baratırǵan jámiyette jasamaqtamız. Átirapqa názer salsańız jańa tovarlar hám xızmet túrleriniń payda bolıp atırǵanlıǵı adamlardıń jańa zatlarǵa bolǵan talaplardıń artıwı, kósheler, qalalar awıllardıń jańasha kórinis berip atırǵanlıǵınıń gúwası bolasız. Usı jańalanıp atırǵan jámiyette jasar ekensiz, siz hám hár bir ózgeriske ózińizdiń múnásebetińizdi bildiriń, jańa sharayatqa maslasıp barıwıńız zárúr boladı.

http://eduportal.uz

Ekonomika jámiyet turmıs tarawlarınan eń ózgeriwsheńi bolıp esaplanadı. Sebebi adamlardıń jaqsı jasawı ushın zárúr shart-sharayatlardı hár kúni jaratıp barıwı zárúr. Tábiyatta tayar halında nan, kiyim-kenshek joq. Insan tábiyatta gezlespeytuǵın barlıq nárselerdi ózi jaratiwǵa májbúr. Ol usı maqsette tábiyat qushaǵında *ekonomika* dep atalatuǵın úlken xojalıqtı júzege keltiredi. Sońǵılıǵında ekonomika xojalıq júrgiziw sisteması sıpatında insannıń jasawı hám kamalǵa keliwiniń birden bir quralına aylanǵan.

Ekonomikanıń eń tiykarǵı quramlıq bólegi — adamlar. Adam óz miyneti aqıl oyı arqalı ekonomikanı háreketke keltiredi, basqaradı. Ekonomikanıń ekinshi quramlıq bólegi — tábiyat. Tábiyat ekonomikanıń shiyki zat qoyması. Ekonomikanıń úshinshi bólegi jay hám imaratlar, zavod hám fabrikalar, jol hám kópirler, ásbap-úskeneler, mashina hám xızmetler hám basqa birqansha insan qolı menen dóretilgen nárselerden quralǵan jasalma ortalıq.

**Ekonomika** — insanlardıń zárúrliklerin qanaatlandırıw ushın zárúr bolǵan hár túrli ónimlerdi islep shıǵarıw, bólistiriw hám tutınıw wazıypaların orınlawǵa baǵdarlanǵan xızmetler sisteması.

Ekonomikanıń usı úsh quramlıq bóleginiń birigiwi nátiyjesinde ekonomikalıq procesler payda boladı. Ekonomikalıq procesler tórt basqıshta ótedi. Birinshi basqıshta, insan zárúrliklerin qanaatlandırıw ushın xızmet etetuǵın ónimler, yaǵnıy tovar hám xızmetler jaratıladı, islep shıǵarıladı. Ekinshi basqıshta jaratılǵan tovar hám xızmetler bólistiriledi. Keyingi basqıshta, olar hám aqırǵı basqıshında paydalanıladı.

Ekonomikanı júrgiziw, yaǵnıy ekonomikalıq proceslerdi basqarıw mashqalası menen adamlar áyyemnen tanıs bolǵan. Greciyada eki mıń jıl burın «Ekonomikos» (awdarması — «úy xojalıǵın júrgiziw óneri») dep atalatuǵın ekonomikaǵa baylanıslı birinshi kitap Ksenofont tárepinen jazılǵan. «Ekonomika» (ózbek tilinde «ekonomika») sózi usı kitap atınan kelip shıqqan.

Házirgi waqıtta ekonomika páni tek ǵana úy xojalıǵın emes, al, pútkil bir mámleket, hátte, dúnya xojalıǵın júrgiziw jol jobaları haqqındaǵı ilim sıpatında túsiniledi. Solay etip, ekonomika páni — adamlardıń ekonomikalıq ónimlerdi jaratıw procesindegi iskerligin óz ara múnásibetlerin úyretetuǵın pán eken.

**Ekonomika páni** — insanlardıń ekonomikalıq ónimlerdi jaratıw procesindegi xızmetin hám óz ara qatnasıqların úyretetuǵın pán.



Ksenofont (eramızdan aldınǵı 430 — 356-jıllarda jasaǵan) — grek tariyxshısı hám filosof. Ksenofont ekonomika pánine baylanıslı bir neshe shıǵarmalar jazǵan.

Ksenofont ekonomika ilimi tariyxına miynet bólistiriliwiniń áhmiyeti, onıń bazar ólshemlerine baylanıslı ekenligin, tovar qunı, onıń paydalılıǵı hám almasıwlılıǵına baylanıslı ekenligin, puldıń sheksiz kólemde toplaw múmkin bolǵan arnawlı tovar ekenligin birinshi bolıp túsinik bergen shaxs sıpatında kirgen.

Zamanagóy ekonomika páni mikroekonomika hám makroekonomika dep atalǵan bólimlerge bólinedi. Mikroekonomika — jeke alınǵan shańaraq, karxana, taraw ekonomikasın úyrenedi. Makroekonomika bolsa, mámleket kólemindegi ekonomikanı úyrenedi. Biz ekonomika páni menen tanısıwdı onıń mikroekonomika bóliminen baslaymız.

Mámleketimizde sońǵı jıllarda ámelge asırılıp atırǵan belgili reformalardıń úlken bólimi ekonomika tarawına baylanıslı. Ekonomika tarawın keskin ráwishte erkinlestiriw mámlekettiń ekonomika xızmetine aralasıwın qısqartıw, hár bir shaxstıń ekinomikalıq xızmet júritiwi ushın qolay shárt-sharayatlar jaratıw usı xızmetler nátiyjesi esaplanadı. Bul reformalar mámleketimiz ekonomikasın dúnya ekonomikasına uyǵınlastırıwdı da názerde tutadı. Nátiyjede mámleketimiz rawajlanıwınıń jańa basqıshına qádem qoymaqta.

Bunday túpten ózgerisler ekonomikalıq qatnasıqlardıń turaqlasıwına alıp keliwi tábiyiy, álbette. Bunnan bir neshe jıl aldın innovaciya, sanlı ekonomika, blokcheyn, kriptovaluta, klaster usaǵan ekonomikalıq atamalar qulaǵımızǵa shalınsa, bunıń bizge qatnası joq, tek ǵana shet el ekonomikasına tiyisli atamalar dep qabıl eter edik. Búgingi kúnge kelip usı hám usıǵan uqsas atamalar hám túsiniklerin ańlaw hám olardı turmısqa engiziw sizlerdey erteńgi kún kadrları ushın júdá áhmiyetli wazıypaǵa aylanıp qalmaqta. Siz keleshekte qanday kásip iyesi bolmań qále isbilermen bolasańba, shıpaker yaki oqıtıwshı, basshı bolasańba, basshı lawazımında isleysiz be, yamasa ápiwayı xızmetker bolasańba ekonomikalıq bilimdi ózlestiriwge májbúrsiz. Sebebi

http://eduportal.uz

ekonomika bilimińiz siziń keleshegińizge, keleshektegi turmısıńızǵa xızmet etedi.

Mámleketimizdiń hár bir puqarası, jámiyetimizdiń hár bir aǵzasınıń jaqsı jasawı, óz náwbetinde pútkil mámleketimizdiń, jámiyetimizdiń rawajlanǵan mámleketler qatarınan orın alıwına alıp keledi.

Áziz oqıwshı!

Joqarıda aytılǵanlardan ekonomika bilim tiykarların úyrenseńiz ózińizge ekonomikalıq bilimdi payda etesiz, ekonomikalıq mádeniyattı qáliplestiriwińiz qánshelli zárúrlikti sezgen bolsańız kerek.

Siz pándi ózlestiriw waqtında sabaqlıqtaǵı materiallardı ózletiriw menen qanaatlanıp qoymań. Hár bir ózlestirgen baptı átiraptaǵı ekonomikalıq waqıya menen baylanıstırıp úyreniwge háreket etiń.

Imkanı barınsha hár qıylı ekonomikalıq obyektlerge barıń. Ol jerdegi xızmet penen janlı ráwishte tanısıń, úyreniń, óz ámeliy kompetenciyalarıńızdı qáliplestiriń.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ekonomika xojalıqtı júrgiziw sisteması sıpatında nelerden quralǵan?
2. Ekonomika pániniń kelip shıǵıwı haqqında qısqasha aytıp beriń.
3. Ekonomikalıq process basqıshların sanań hám bir mısal tiykarında olardı túsindiriń.
4. Hár bir puqara ushın ekonomikanı úyreniw turmıslıq zárúrlik ekenligin úsh dálil járdeminde tiykarlań.
5. Kúndelikli turmısta ekonomikalıq bilimler qashan hám qanday jaǵdaylarda kerek boladı?
6. Ekonomika páni neni úyrenedi?
7. Ekonomika qanday bólimlerden quralǵan?

**Bunı yadta saqlań!**

- Ekonomika — insannıń jasawı hám kamal tabıwınıń birden-bir usılı.
- Ekonomikanıń quramlıq bólekleri: tábiyat, adamlar hám adamlar tárepinen jaratılǵan barlıq zatlar.
- Ekonomikalıq process basqıshları: óndiris, bólistiriw, almastırıw hám paydalanıw.
- Mikroekonomika hám makroekonomika — ekonomika pániniń quramlıq bólekleri.
- Ekonomikalıq bilim — keleshektegi jaqsı turmıs gilti.

http://eduportal.uz

# 2-TEMA SHEKLENGENLIK MASHQALASÍ


1


2


3


4

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Insan jer betinde jasap, talap dárejesinde turmıs keshiriwi ushın ózinde nelerge mútajlik, zárurlik sezedi? 3-minut ishinde bul zárurlikler dizimin isleń. Eger waqıt jetkilikli bolǵanda, bul dizimdi jáne qansha dawam etiwińiz múmkin edi? Ulıwma alǵanda, insan zárúrlikleriniń shegi barma?
2. 1-súwrette súwretlengen pillekeshtiń qanday zárúrligi bolıwı múmkin?
3. 2-súwrettegi súwretlengen atamızdıń onıń fermer balasınıń hám kishkene aqlıǵınıń qanday zárúrlikleri bar dep oylaysız.
4. 3-súwrette súwretlengen mektep oqıwshılarınıń qanday zárúrlikleri bar hám olardı qanıqtırıw ushın neler kerek boladı?
5. 4-súwrettegi náreste úlkeyip er jetkenshe oǵan qanday nárseler kerek boladı?
6. Dúnyadaǵı eń bay adamlardıń zárúrlikleri barma yamasa joqpa? Dúnyadaǵı ayırım rawajlanbaǵan mámleketlerde asharshılıq bar. Buǵan ne sebep dep oylaysız?

Insan sanalı tirishilik iyesi. Olar hár qashan jaqsı jasawǵa umtılıp kelgen. Ayıwdıń qarnı toysa uyasına kirip uyqılaydı. Insan bolsa qolǵa

http://eduportal.uz

kirgizgen nársesi hám abıroy atağı menen qanaatlanbaydı. Ol jaqsı jasawǵa awqatlanıwǵa, jaqsıraq kiyiniwge, jaqsı turmıs sharayatına iye bolıwǵa jaqsıraq bilim alıwǵa umtıladı. Oǵan hár qashan qanday da bir nárse jetispeydi sonıń ushın da insan zárúrlikleriniń sońı, shegi joq dep ataymız.

**Zárúrlik** — insannıń belgili bir sharayatta jasawı hám kámalǵa keliwi ushın zarúr bolǵan nárselerge mútájligi.

Insan zarúrlikleri belgili bir adamǵa yamasa toparǵa tiyisligi boyınsha jeke zárúrlik hám sociallıq zárurlik sıyaqlı túrlerge bólinedi.

Jeke zárúrlik dep bólip alınǵan jeke adamǵa ǵana tiyisli jeke gigiena quralları, kiyim-kenshek, gazeta oqıw sıyaqlı zárúrliklerge aytıladı. Sociallıq zárúrlikler adamlardıń bir-birine jaqın tatıwlıqta turmıs keshiriwi menen baylanıslı, birgelikte qanaatlandıralatuǵın mektepte bilim alıw, jámiyetlik transporttan paydalanıw sıyaqlı ulıwmalıq zárúrliklerden ibarat.

**Pán tariyxına baylanıslı shıǵarmalardan úzindi**

«Haywan tábiyat ónimlerine qanaat etpeydi. Adamlarǵa bolsa, tábiyat ónimleri kemlik etedi. Olar awqat, kiyim-kenshek, úy-jayǵa zárúrlik sezedi. Haywan tábiyat inamların tayar halda ózlestirip aladı, adam bolsa óz miyneti menen óine awqat kiyim-kenshek, turaq jay jaratadı. Usı maqsette insan diyqanshılıq hám ónermentshilik penen shuǵıllanıwı kerek»

(*Abu Ali ibn Sina*)

Insan zárúrliklerin qanaatlandırıw ushın oǵan hár qıylı azıqlar zárúr boladı bul azıqlardıń ayırımların (hawa, suw, quyash ıssılıǵı hám basqalardı) insanǵa tábiyat inam etedi olardı erkin azıqlar dep aytamız al basqaların insan óz miyneti, ekonomikalıq iskerligi menen jaratıwı, óndiriwi zárúr boladı. Olardı ekonomikalıq azıqlar dep aytamız. Insan zárúrliklerin qanday da bir materiallıq nárse — tovardı tutınıwı yamasa qanday da bir xızmet túrinen paydalanıw arqalı qanaatlandırıwı múmkin. Qanday da bir ónimdi islep shıǵarıw ushın tábiyattan shiyki zattan baslap insannıń fizikalıq kúshi, bilimi hár túrli mashina hám mexanizmler ásbap-úskeneler imarat hám qurılıslar kerek boladı. Bul nárselerdiń barlıǵı resurs dep ataladı.

Resurslar óz tábiyatına qarap hár qıylı. Olardı ulıwmalastırıp tábiyiy, miynet hám kapital túrlerge bóliw qabıl qılınǵan.



http://eduportal.uz

**Resurslar** — tovar hám xızmetler jaratıw ushın kerekli barlıq nárseler.

**Erkin ónimler** — insanǵa tábiyat tárepinen inam etilgen biypul azıqlar.

**Ekonomikalıq ónimler** — insan ekonomikalıq iskerligi nátiyjesinde jaratıǵan ónimler.

Tábiyiy resurslardiń deregi bul tábiyattiń ózi. Tábiyiy resurslarǵa jer hám jer astı baylıqları toǵaylar, suw, hawa, quyash nurın mısal qılıp keltiriw múmkin.

Bunday resurslardıń ayırımları tiklenbeydi (neft, gaz, kómir, temir rudası hám t.b) ayırımları tikleniw qásiyetine iye. Máselen jerden paydalanǵannan keyin oǵan jaqsı islew berilse hám azıqlandırılsa ónimdarlıǵı tiklenedi, hátte artıwı da múmkin.

Miynet resursları bul — xalıqtıń miynetke jaramlı bólimi. Bul adamlar ónim jaratıw waqtında ózleriniń fizikalıq hám ruwxıy qábiletlerin jámlegen halda qatnasadı. Xalıqtıń bul bólimi dep — xalıqtıń ekonomikalıq belsendi bólimi dep juritiledi.

Zámanagóy sharayatta miynet resurslarına qoyılǵan talaplar aldıńǵı dáwirlerge qaraǵanda joqarı. Olardıń bilimi mádeniyatı kásipke tayarlıǵı zamanagóy texnologiyalar menen tanıslıǵı, sawlıǵı hám t.b.

Úshinshi túr resurslar — bul kapital resurslar dep ulıwma at berilgen resurslar bolıp oǵan imaratlar, qurılıslar, texnika quralları, shiykizat, jollar hám baylanıs quralları sıyaqlı materiallıq zatlar menen bir qatar da pul qarjıları da kiredi. Kapital resurslarǵa tiyisli pul qarjılar óz ishine ónim jaratıw procesinde jumsaw múmkin bolǵan shet el valyutası, qımbat baha metallar, xalıqtıń kárxanalardıń pul qarjıları sıyaqlılar kiredi.

Zamanagóy ekonomikada maǵlıwmat hám waqıt sıyaqlı resurslardıń ahmiyeti oǵada artıp barmaqta. Ásirese, axborat kommunikaciya texno-logiyaları rawajlanıp atırǵan waqıtta bunday resurslardıń roli áhmiyetli.

Biz joqarıda aytqanımızday, insan zárurlikleriniń shegi joq olar kóbeyip bara beredi. Resurslardıń muǵdarı bolsa, shegaralanǵan. Sonıń ushın, insannıń barlıq jetispewshilikleri hám zárúrliklerin tolıq qanaatlandırıwdıń ilájı joq. Ekonomistler bul mashqalanı sheklengenlik mashqalası dep júritedi hám ol ekonomikanı tiykarǵı mashqalası esaplanadı.

Adamlardıń sheklengen resurslarınan paydalanıp, sheksiz zárúrliklerin tolıǵıraq qanaatlandırıwǵa qaratılǵan aqılǵa muwapıq xojalıqtı júrgiziw jol-jobaların ekonomika páni úyretedi.

**Sheklengenlik mashqalası** — sheksiz zárúrlikler hám sheklengen resurslar arasındağı qarama-qarsılıq.

Sheklengen resurslardan qalay paydalanıw insannıń ruwxıy dunyasına da baylanıslı. Ruwxıy tárepten tómen adam óz zárúrlikleriniń materiallıq tárepin ğana itibarğa aladı. Bul bolsa aqır-aqıbetinde sol insannıń turmısına, onıń jámiyettegi ornına jaman tásirin kórsetedi. Sol sebepli hár bir adam óz zárúrlikleriniń ruwxıy hám materiallıq tárepine áhmiyet beriwi lazım. Ruwxıy jaqtan joqarı insan óziniń materiallıq zárúrliklerin qanaatlandırar eken, átiraptağı adamlarğa hám jámiyetke zıyan bermewge umtıladı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Nege insan zárúrlikleriniń shegi joq? Sheksiz zárurlikler qalay qanaatlandıraladı?
2. Awıl hám qalada jasaytuğın shańaraqlardıń zárúrlikleri hár túrli bolıwınıń sebebi nede?
3. Sheklengenlik mashqalasınıń mańisi nede? Oğan 5 mısal keltiriń.
4. Shańaraq bolıp jasawdıń qanday ekonomikalıq abzallıqları bar?
5. Hár bir resurs túrine úshewden mısal keltiriń hám olardıń bir-birinen ayırmashılığın aytıń.
6. Sizge jáne qansha pul ajıratılsa siziń zárúrligińiz tolıq qanaatlandırıladı dep oylaysız?
7. Ne sebepten sizge qálegenińizshe pul ajıratılmaydı? Juwabıńızdı resurslardıń shegaralanğanlığı menen tiykarlań.

**Bunı yadta saqlań!**

- Insan tiri eken ol hár dayım ózinde belgili ónimlerge mutajlikti-zárurlikti sezip jasaydı.
- Insan zárúrlikleri sheksiz.
- Qanday da bir ónimdi jaratıw ushın bizge islep shığarıw resursları kerek boladı.
- Islep shığarıw resursları zárúrliklerden parıqlı túrde shegaralanğan.
- Ekonomikanıń tiykarğı mashqalası — insan zárurlikleriniń sheksizligi hám bul zárurliklerdi qanaatlandırıw ushın islep shığarıw resurslarıń jetispewshiliginde.
- Ekonomika páni sheklengen resurslardan paydalanıp insannıń sheksiz zárurliklerin tolıǵıraq qanaatlandırıw jolların uyrenedi.



http://eduportal.uz

# 3-TEMA TAŃLAW HÁM ONÍŃ ALTERNATIV QUNÍ



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Shahjáhánniń tuwılǵan kunine ákesi ózine jaqın bir nárse alıw ushın júz mıń som pul berdi. Ol kópten beri futbol forması, jańa ayaq kiyim (krossovka) hám futbol tobın satıp almaqshı bolıp júr edi. Shahjahán dúkanlardı aralap júrip bul pulǵa ózi qálegen nárselerden tek qana birewin alıw imkaniyatı barın anıqlaydı hám ne alsam eken dep oylap qaldı. Shahjáhán úsh imkaniyattan tek birewin tańlawǵa májbúr. Ekonomikada bunday imkániyatlar alternativ imkaniyat dep aytıladı.

Aytayıq Shahjáhán ushın usı nárselerdi satıp alıw tómendegi tártipte qanaatlanıw sezimin oyatadı. 1) krossovka; 2) futbol tobı; 3) futbol forması; sol sebepli ol krossovkanı satıp aladı, sebebi bul qanaatlanıw sezimin oyatadı. Shahjáhánniń bul tańlawı futbol tobın ala-almaytuǵını menen oǵan «qımbatqa túsedi». Ekonomistler bunı — tańlawdıń alternativ qunı dep ataydı. Demek Shahjáhán tańlawınıń, yaǵnıy krossovkanıń qunı — futbol tobı menen ólshenedi.

1. Qáne aytıń, Shahjáhán ne sebepten úsh imkaniyattan birewin tańlawǵa májbúr boldı?
2. Shahjáhán ne sebepten krossovkanı tańladı?
3. Nege Shahjáhánnıń tańlawınıń alternativ qunı futbol forması menen ólshenbey atır?
4. Siz Shahjáhánniń ornında bolǵanıńızda bul úsh imkaniyattan qay birin tańlaǵan bolar edińiz? Nege?
5. Tańlawdıń alternativ qunın anıqlań.

http://eduportal.uz

Adamzat talabın qanaatlandırıw ushın zarúr bolǵan barlıq tovar hám xızmetlerdi islep shıǵarıwdıń imkanı joq. Sebebi ekonomikalıq resurslar sheklengen. Sonlıqtanda, tek ǵana ayırım jeke adam bolmasa kárxanalar hám firmalar, mámleket hám jámiyet kóleminde sheklengenlik mashqalasına duwshar boladı. Hár qanday firma óz xızmetin keńeytiw háreketinde bolıp, kóbirek sapalı ónim túrlerin islep shıǵarǵısı keledi. Mámleket bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw tarawlarına hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵawǵa imkanı barınsha kóbirek qarjı ajıratıwdı qáleydi. Tilekke qarsı imkaniyatlar, anıqraǵı óndiris resursları sheklengen. Sheklengenlik mashqalası bar eken bar imkaniyatlardan birewin tańlawǵa, yaǵnıy sheklengen resurstı nege jumsaw haqqqında bir sheshimge keliwge tuwrı keledi. Tańlaw dep sheklengen resurslardan paydalanıw imkániyatları arasınan birewin tańlawǵa aytıladı.

**Tańlaw** — sheklengen resurslardan paydalanıw imkaniyatları arasınan birewin tańlaw.

Bankten qarız almaqshı bolǵan firmanıń aldında dáslep bul pulǵa jańa stanoklar satıp alıp, óndiristi keńeytiw yamasa eski stanok hám imaratlardı ońlap, jumısshılardıń miynet shárayatların jaqsılaw mashqalası turadı. Mámleketten 10 gektar jer alǵan fermer xojalıǵı aldında bolsa báharde jerge qaysı eginlerdi egiw mashqalası kóldeneń turadı. Qala hákimiyatı óz ıqtıyarındaǵı belgili bir muǵdardaǵı qarjını jollardı ońlaw yamasa jańa mektep qurıwǵa jumsaw haqqında bas qatıradı. Mámleket kóleminde bola densawlıqtı saqlaw tarawına kóbirek pul ajıratıw kerekpe yamasa iri neftti qayta islew zavodın qurıw kerekpe degen mashqalaǵa dus kelinedi.

Joqarıda keltirilgen mısallarda bir neshe imkaniyattan birewin tańlawǵa qalǵanlarınan bolsa bas tartıwǵa tuwra keledi. Tańlaw nátiyjesinde bas tartılǵan imkaniyatlar ishinen eń kóp payda keltiriwshi imkaniyattı tańlawdıń alternativ qunı dep aytıladı.

**Alternativ imkaniyatlar** — birewin tańlaǵan da qalǵanlarınan bas tartılatuǵın imkaniyatlar.

**Tańlawdıń alternativ qunı** — tańlaw nátiyjesinde bas tartılǵan imkaniyatlar ishinen eń úlkeni paydalısı.

Tańlaw ámelge asırılıp atırǵan jaǵdaylarda da imkaniyatlardıń birewi tańlanıp, qalǵanlarınan bas tartılmaydı. Sonday jaǵdaylar da boladı, olarda tańlaw ámelge asırılǵan waqıtta barlıq imkaniyat penen

de kelisimge keliwge tuwra keledi, yaǵnıy barlıq imkaniyatlardan az-azdan paydalanıladı. Aytayıq sawda menen shuǵıllanıwshı jeke dúkan iyesi Abdullaev 10 800 000 swmǵa kótere sawda firmasınan krem hám shampun satıp almaqshı. Shampunnıń nırqı 27 000 swm bolıp, 10 800 000 swmǵa onnan jámi 400 dana satıp alıw múmkin. Kremniń nırqı 18 000 swm bolıp, 10 800 000 swmǵa 600 dana krem alıw múmkin. Biraq Abdullaev shampun hám krem hám satıp alıw kerek. Sonlıqtan Abdullaev yarım qarjısı — 5 400 000 swmǵa 200 dana shampun, qalǵan yarımına bolsa 300 dana krem satıp alıwdı sheshti. Yaǵnıy hár eki imkaniyat penen de kelisimge barıp olardan az-azdan bolsa da paydalandı. Bunday tańlaw kelisimli tańlaw dep ataladı.

| Shampun muǵdarı | Krem muǵdarı |
|---|---|
| 0 | 600 |
| 100 | ? |
| ? | 250 |
| 200 | 300 |
| | |
| 400 | 0 |




1. Abdullaev 10 800 000 swm nıń hámmesine jáne qanday muǵdarda shampun hám krem satıp alıw múmkin edi? Bunday imkaniyatlardıń 4—5 in anıqlap kesteni toltırıń.
2. Kesteden paydalanıp, koordinatalar tegisliginde noqatlardı belgilep, olardı tutastırıp shıǵıń. Koordinata kósheri hám usı sızıq penen qorshaǵan taraw óndiris imkániyatları dep ataladı.
3. Bul taraw ne sebepten usılay ataladı?
4. Usı bólimniń ishinde jatqan (150; 250;) noqatına sáykes keletuǵın imkaniyattı túsindirip beriń. Bul jaǵday da pul qarjılarınan nátiyjeli paydalanıp atırma? Juwabıńızdı tiykarlap beriń?
5. Usı bólimniń sırtında jatırǵan (250—350) noqatına sáykes keletuǵın imkaniyat haqqında ne ayta alasız? Bul jaǵday Abdullaevtıń imkaniyat dárejesinde me? Juwabıńızdı tiykarlap beriń?
6. Pul qarjısınan tolıq paydalanǵan imkaniyatlarǵa sáykes keletuǵın noqatlardıń bir neshesin kórsetiń hám grafigte belgileń?



http://eduportal.uz

**Kelisimli tańlaw** — bir waqıttıń ózinde bir neshe imkaniyatlardan az-azdan paydalanıw.

**Qádriyatlar!**

1. Belgili aǵartıwshı Abdulla Avloniydiń «Ekonomika dep, pul hám mal dúnya sıyaqlı baylıqlardıń qádirin biliwge aytıladı. Mal dúnyanıń qádirin biletuǵın adamlar orınsız jerge bir tiyindi da sarıplamas, ornı kelgende swmdı da ayamas» degen sózlerin túsindiriń.
2. Ata-babalarımızdıń «Biri kem dúnya» degen naqıl ne haqqında?
3. «Rısqı» hám «Nápsi» sózlerin qalay túsinesiz.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Oqıw quralları dúkanına keldińiz. Qaltańızda 1 000 swm pul bar. Pulıńız bir dápter yamasa bir ruchka alıwǵa jetedi. Siz bul nárselerdiń qaysı birin satıp alǵan bolar edińiz? Ne ushın? Tańlawıńızdıń alternativ qunı neden ibarat boladı?
2. Ne sebeb adam ushın tańlawdıń alternativ qunın biliw zárúr dep oylaysız.
3. Aytayıq rayonıńız orayında bos jatırǵan jer maydanı bar. Hákimiyat bul jerge emlewxana, bazar, tennis kortı yaki mektep salıw múmkin. Ókinishlisi bul maydanǵa tek ǵana bir mekemeni qurıw múmkin. Ekinshi tárepten bolsa, hákimiyattıń tek bir mekemeni qurıwǵa qarjısı bar. Tańlaw imkaniyatı sizge berilse, siz neni qurıwdı sheshken bolar edińiz. Tańlawıńızdı tiykarlań hám onıń alternativ qunın anıqlań.

**Bunı yadta saqlań!**

- Sheklengenlik mashqalası adamlardan talapları ushın zárúr tovar hám xızmetler arasınan bazıların tańlawǵa tuwrı keledi.
- Adamlar sıyaqlı, mámleket hám jámiyette jetispewshilikti sezedi, sebebi olardıń da zárúrlikleri sheksiz, resurslar sheklengen boladı.

http://eduportal.uz

# 4-TEMA ÓNDIRIS HÁM ONÍŃ FAKTORLARÍ




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Qaysı súwretlerdegi azıqlar tábiyat tárepinen, insan qatnasısız payda bolǵan?
2. 2-súwrettegi nanlar tayar bolǵanınsha qanday basqıshlardan ótken?
3. 3 — 6- súwretlerdegi nárselerdiń qaysı biriniń payda bolıwında insan qatnası kóbirek talap etiledi dep oylaysız?
4. Súwrettegi nárselerdiń payda bolıwında insan qatnasınan tısqarı jáne neler bolıwı talap etiledi.

Insanlardıń óz talapların qanaatlandırıw maqsetinde ekonomikalıq baylıqlar jaratıw procesi óndiris dep júrgiziledi. Ekonomistler ekonomikalıq baylıqlardı islep shıǵarıwshı kárxanalardı — islep shıǵarıwshılar, olardı tutınıwshılardı bolsa tutınıwshılar dep ataydı.

Sút, nan, avtomobil, ayaqkiyim, top, kitap, miymanxana hám shashtárez xızmeti házirgi zamanda ekonomika tarawı tárepinen islep shıǵarılıp atırǵan tarawlar hám xızmet kórsetiwdiń bir bólimi. Islep shıǵarılıp atırǵan tovarlar hám kórsetilip atırǵan xızmetlerdiń túrleri júdá kóp hám hár túrli. Ekonomistler olardı bir neshe jollar menen tómendegi túrlerge ajıratadı:

1. Islep shıǵarıw ekonomikanıń qaysı tarawında júz beriwine qarap:

http://eduportal.uz

— ekonomikanıń birinshi tarawında paydalı qazılma baylıqlar, suw, gaz, neft, aǵash uqsaǵan tábiyiy baylıqlar shiyki zat sıpatında tábiyattıń ózinen tuwrıdan-tuwrı alınadı. Bul baylıqlardı biz islep shıǵarıwdıń tábiyiy faktorı dep ataǵan edik.

— ekonomikanıń ekinshi tarawında shiyki zat qayta islenedi hám kiyim-kenshek, konfet, dápter, velosiped usaǵan tayar ónimge aylandırıladı.

— ekonomikanıń úshinshi yamasa xızmet kórsetiw tarawında bolsa turizm, teatr tamashaları, den sawlıqtı saqlaw sıyaqlı xızmetler kórsetiledi.

2. Islep shıǵarılǵan ónim kimge arnalǵanlıǵına qarap:

— Mámleket sektorındaǵı islep shıǵarıw;

— jeke sektordaǵı islep shıǵarıw.

3. Islep shıǵarılgán ónim kimge arnalǵanlıǵına qarap:

— Tutınıwshılar ushın tayar ónim islep shıǵarıw;

— Islep shıǵarıwshılar ushın ónim islep shıǵarıw.

4. Islep shıǵarıw faktorlarınan paydalanıw dárejesi boyınsha:

— kapitaldan kóp paydalanılatuǵın islep shıǵarıw mısalı ximiya, neft hám gaz, avtomobil saanatlarında imarattan, mexanizmlerden, asbap-úskenelerden kóp paydalanıladı hám olardan islep shıǵarıw faktorlarındaǵı úlesi úlken.

— Isshi kúshinen kóp paydalanılanatuǵın islep shıǵarıw. Mısalı, turizm, usaqlap satıw, teatr tamashaları qusaǵan xızmet kórsetiw tarawlarında isshi kúshiniń islep shıǵarıw faktorları quramındaǵı úlesi úlkenrek.

**Óndiris**— insan talapların qanaatlandırıw maqsetinde ekonomikalıq baylıqlardı jaratıw procesi.

Islep shıǵarıwshılar ádette, materiallıq hám materiallıq emes óndiris tarawlarına bólinedi. Materiallıq tarawda materiallıq kórinistegi ónimler islep shıǵarıladı. Materiallıq óndiris tarawına sanaattaǵı zavod hám fabrikalardı, awıl xojalıǵındaǵı fermer hám diyqan xojalıqları sıyaqlı kóp túrli kárxanalardı mısal keltiriwge boladı.

**Islep shıǵarıwshılar** — ekonomikalıq ónimlerdi islep shıǵarıwshı kárxanalar yamasa jeke adamlar.

**Tutınıwshılar** — ekonomikalıq ónimlerdi paydalanıwshılar.

Óndiristiń materiallıq emes tarawına bolsa, tiykarınan hár qıylı kórinistegi xızmetler kórsetiledi. Olardıń qatarına bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, jol

qáwipsizligi, qorǵanıw, turmıslıq hám komunallıq xızmet, mádeniyat sıyaqlı tarawlar kiredi.

Xızmetlerdiń materiallıq kórinistegi ónimlerden parqı, olardı materiallıq baylıqlardı jıynaǵanday qoymaxanada saqlap bolmaydı.

Xızmetler óndiris procesiniń ózinde-aq paydalanıladı, yaǵnıy olardan qollanıladı.




Qanday da bir ónimdi shıǵarıw ushın resurslar kerek boladı. Óndiriske engizilgen resurslar tek qor, derek sıpatında ǵana emes, bálki onı háreketke keltiriwshi, oǵan tásir kórsetiwshi faktor sıpatında da qaraladı. Sol sebepli, óndiriske tartılǵan resurslardı basqasha — *óndiris faktorları* dep ataydı. Olar, ádette, tabiyiy, kapital hám miynet resurslarına bólinedi. Tábiyiy resurslarǵa islep shıǵarıwda paydalanılatuǵın barlıq tábiyiy resurslar kiredi.

*Kapital resurslar* dep insan tárepinen jaratılǵan hám basqa ónim túrlerin jaratıwda qatnasatuǵın resurslarǵa aytıladı. Ekonomistler olardı basqasha— óndiris quralları dep te ataydı. Olarǵa imarat hám qurılıslar, ásbap-úskene hám mashina mexanizmleri, hár qıylı stanoklar hám úskeneler, shiyki zatlar hám basqa da san-sanaqsız túrdegi nárseler kiredi. Miynet resursları degende, miynet etiwge uqıplı adamlar, olardıń bilimi, is tájriybesi hám sheberligi birgelikte túsiniledi.

**Tábiyiy resurslar** — Tovar hám xızmetler, óndiriste isletiletuǵın tábiyattıń barlıq baylıqları.

**Kapital resurslar** — insan tárepinen jaratılǵan hám basqa ónim túrlerin jaratıwǵa qatnasatuǵın resurslar.

**Miynet resursları** — miynet islewge uqıplı adamlar, olardıń bilim, is-tájiriybesi hám sheberligi.

Sońǵı waqıtlarda óndiristiń tábiyiy, miynet hám kapital faktorları qatarına, tórtinshi faktor-adamlardıń ekonomikalıq sheshim qabıllawı, islep shıǵarıwdı uyımlastırıw hám shólkemlestiriw menen baylanıslı iskerligi-isbilermenlikti de kirgizbekte.

Qurılıs ushın eń zárúr bolǵan cement islep shıǵarıwdı shólkemlestiriw mısalında onıń menen baylanıslı faktorlardı anıqlayıq. Cement islep shıǵarıwdı ámelge asırıw ushın, birinshiden, tábiyiy resurs — jer maydanı hám cement alınatuǵın taw jınısı bolıwı kerek. Ekinshiden, cement islep shıǵarıw ushın miynet

http://eduportal.uz

resursları— adamlar— jumısshı kúshı bolıwı lazım. Miynet faktorı — adamlarsız, olardıń fizikalıq kúshisiz, aqılı hám qánigeligisiz hesh nárse islep bolmaydı. Úshinshiden, taw jınıslarına islew beriwde qollanılatuǵın ásbap-úskene, imarat hám qurılıslar, yaǵnıy capital resurslarda bolıwı kerek.

Bul faktorlardı óz ara birlestiriw — tórtinshi faktor — isbilermenlik esabınan ámelge asırıladı. Isbilermen cement óndiriw imkaniyatların hámmeden burın kórip, baslamanı qolǵa aladı. Bul jumıstı ámelge asırıw ushın úsh faktordı da birlestiredi. Bar resurslardı iske qosadı, kúsh-ǵayratı, bilimi hám belgili bir maǵanada táwekel etip, isbilermenligin iske saladı. Eń sońında onıń is-háreketleri, isbilermenligi cement islep shıǵarıwdı jolǵa qoyıwǵa sebepshi faktor boladı. Demek, óndiris tábiyiy, miynet, kapital hám isbilermenlik faktorlarınıń birlestiriwinen júzege keledi eken. Bazar ekonomikası sharayatında isbilermenlik faktorı ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Isbilermenlik** — adamlardıń ekonomikalıq sheshim qabıllawı menen baylanıslı bolǵan tovar hám xızmetlerdi islep shıǵarıw iskerligi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Rayonıńızdaǵı óndiris kárxanaların sanap beriń.
2. Rayonıńızdaǵı bir karxana mısalında usı kárxananıń qanday resurs túrlerinen paydalanıp atırǵanın aytıp beriń.
3. Isbilermenlik hám miynet faktorı arasında qanday ózgeshelik bar?
4. Asaka qalasındaǵı avtomobil zavodınıń iske túsiriliwi nátiyjesinde ótken jıllar dawamında respublikamızda qanday ózgerisler júz berdi?
5. Ekonomistler islep shıǵarıwdı qanday túrlerge ajratıladı?
6. Sóńǵı jıllarda respublikamızda jetistirilgen paxtanıń biraz bólegi qayta islenip, tayar ónim túrinde shet elge satılıp atır. Bunıń sebebi nede dep oylaysız?

**Bunı yadta saqlań!**

• Islep shıǵarıw procesi arqalı ekonomikalıq ónim islep shıǵarıladı.

• Islep shıǵarıwdıń tabiyǵıy, kapital, miynet kúshi hám bul úsh faktordı biriktiriwshi isbilermenlik faktorları bar.

• Islep shıǵarıwdıń bir qansha túrleri bar.

http://eduportal.uz

# 5-TEMA

# MIYNETTIŃ BÓLISTIRILIWI HÁM QÁNIGELESIW






## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdağı sızlılmada muzqaymaq islep shığarıw ushın zárúr resurslar, olardıń kelip shığıwı, qay jerde tayarlanıwı haqqında mağlıwmat keltirilgen. Muzqaymaq islep shığarıwda jáne qanday resurslardan paydalanılıwı, olardıń qay jerden keltiriliwin anıqlap sxemanı toltırıń (zárúr bolsa jáne qosımsha sxemalar sızıń).

Muzqaymaq islep shığarıwda onlağan adam qatnaspaqta hám olardıń hár biri ózine tiyisli bolğan bir túrdegi wazıypanı orınlaydı.

1. Jumıstıń bunday bólistiriliwiniń qanday abzallığı bar?
2. Bul proceske siz qanday ózgeris kirgizgen bolar edińiz?

---

Óndiris procesi resurslardıń óz ara birigiwi nátiyjesinde júzege keledi. Resurs birliginen paydalanıp, islep shığarılğan ónim muğdarı ónimdarlıq dep ataladı. Hár bir kárxananıń maqseti az resurs sarıplap, kóp muğdarda ónim islep shığarıwdan, yağnıy ónimdarlıqtı arttırıwdan ibarat. Sebebi, islep shığarılıp atırğan ónimniń kólemi qansha jumısshı islep atırğanına ğana emes, al qalayınsha islep atırğanına da baylanıslı boladı. Bul kórsetkish miynet ónimdarlığı járdeminde anıqlanadı.

*Miynet ónimdarlığı* dep waqıt birligi ishinde bir birlik resurstan paydalanıp, islep shığarılğan tovar hám xızmet muğdarına aytıladı. Yağnıy,

$$U=Q:T$$

bul jerde Q islep shığarılğan ónim muğdarı, T—usı ónimdi islep shığarıwğa sarplanğan waqıt, U—miynet ónimdarlığı.

Tómendegi faktorlar miynet ónimdarlığınıń artıwına sezilerli tásir kórsetedi:

http://eduportal.uz

— kárxanadaǵı jumısshılardıń qánigeligi, olardıń kásiplik sheberligi;
— óndiris stanokları hám ásbap-úskenelerdiń sapası;
— óndiris procesi texnologiyasınıń durıs tańlanıwı;
— miynet bólistiriliwiniń tuwrı shólkemlestirilgenligi.

**Ónimdarlıq** — resurs birliginen paydalanıp, islep shıǵarılǵan ónimniń muǵdarı.

**Texnologiya** — ónimdi islep shıǵarıwda qaysı resurslardan paydalanıw, qanday usıl hám izbe-izlikte islep shıǵarıw jol-jorıǵı.

**Miynet ónimdarlıǵı** — waqıt birligi ishinde bir birlik resurstan paydalanıp islep shıǵarılǵan tovar hám xızmetler muǵdarı.

Bir kárxanaǵa barıp ónim islep shıǵarıw procesin baqlaǵan bolsańız, shiyki zatqa islew beriw procesi jumısshılar arasında bólistirilgen bolıp, hár bir jumısshı ózine ajıratılǵan jumıstı ǵana orınlaydı. Jumıstı isshilerge bunday bólistirip beriwge, óz ataması menen miynet bólistiriliwi dep ataladi. Miynet bólistiriliwiniń tiykarında — jumıstı tezirek orınlaw, az resurs jumsap, kóbirek jaqsı, sapalı ónim islep shıǵarıw, yaǵnıy miynet ónimdarlıǵın arttırıw jatadı. Miynet bólistiriliwi nátiyjesinde, adamlar hár túrli kásip boyınsha qánigelesedi. Bulardıń barlıǵı bir maqset — miynet ónimdarlıǵın arttırıwǵa qaratılǵan boladı.

**Miynet bólistiriliwi** — ónimdi islep shıǵarıw procesiniń jumısshılar arasında bólistiriliw tiykarında shólkemlestiriw.

## MIYNET BÓLISTIRILIWINIŃ

### UNAMLÍ TÁREPLERI:

— adamlar neni jaqsı isley alsa, sonı orınlawǵa qánigelesedi;
— arzan bahada kóbirek ónim islep shıǵaradı;
— mashina hám stanoklardı qollanıw imkaniyatı tuwıladı;
— hár bir jumısshı kúnnen-kúnge óz jumısın jaqsıraq hám tezirek orınlaw kónlikpesine iye bola baslaydı;
—Keyingi jumıstı orınlaw ushın jumısshınıń bir orınnan ekinshi orınǵa kóshiwine zárúrlik bolmaǵanı ushın ónim islep shıǵarıw waqtı qısqaradı;
— Jumısshılardıń qandayda bir kásipti iyelewi ańsatlasadı

### UNAMSÍZ TÁREPLERI:

—tek bir jumıstı orınlaw jumısshılardı sharshatıwı múmkin;
—hámme tovarlar bir qálipte standartlasqan halda shıǵarıla baslaydı,
— arnawlı jumısshılardıń sheberlik dárejesi hám qánigeligi tómenlep ketedi, sebebi, olardıń jumısın mashinalar orınlay baslaydı;
ónimdarlıq barlıq jumısshılardıń jumıs islew tezligine baylanıslı bolıp qaladı;
— jumısshılar tar kólemdegi jumıstı orınlawǵa qálipleskenligi ushın olar jumıstan bosatılǵanda jumısqa ornalasıw mashqalasına dus keledi.

Óndiristiń rawajlanıwı nátiyjesinde geypara ónim túrlerin islep shıǵarıw procesi quramalasıp baradı. Bir kárxana kóleminde bunday ónimlerdi islep shıǵarıwdıń ilajı bolmay qaladı. Sol sebepli, kárxanalar arasında bul ónimlerdi islep shıǵarıw procesi, yaǵnıy jumıs óz ara bólinip alınadı. Nátiyjede kárxanalar ortasında miynet bólistiriliwi júzege kelip, olar bir pútin ónimdi emes, al onıń belgili bir bólegin islep shıǵarıwǵa beyimlesedi, qánigelesedi.

Solayınsha, bir neshe kárxanalardan ibarat, belgili bir ónimdi islep shıǵarıwshı tarmaq júzege keledi. Mısalı ushın, avtomobil islep shıǵarıwdı alayıq. Avtomobildiń júzden artıq úlken-kishi detallar, bóleklerden turatuǵını belgili. Onıń bir detalı, mısalı, rezina dóńgelekleri bir kárxanada islep shıǵarılsa, aynası, ekinshi kárxanada, al motorı bolsa úshinshi kárxanada islep shıǵarıladı. Qullası, avtomobil bóleklerin islep shıǵarıw menen onlaǵan kárxana shuǵıllanadı. Eń sońında jıynaw kárxanasında usı bóleklerden avtomobil jıynaladı. Mine usılayınsha bul karxanalar avtomobil islep shıǵarıw tarmaǵın quraydı hám hár biri belgili bir detaldı islep shıǵarıwǵa qánigelesedi. Kárxanalardıń belgili bir ónimdi islep shıǵarıw boyınsha bir tarmaqqa birlesiwi de miynet ónimdarlıǵın arttırıwǵa qaratılǵan boladı.

Óz nawbetinde, bir-birine jaqın bolǵan ónim islep shıǵaratuǵın tarmaqlar birlesip, óndiristiń úlkenirek tarmaqların. Olar da óz náwbetinde birlesip óndiris tarawların dúzedi.

Sharayat, dástúr, jergilikli imkaniyatlar sebepli bir pútin aymaq, hátte mámleketlerde ónimniń ayırım túrlerin islep shıǵarıwǵa qánigelesedi. Mısalı: Braziliya — kofe, Hindstan — chay islep shıǵarıwǵa qánigelesken. Bunday qánigelesiw *aymaqlıq qánigelesiw* dep ataladı.

**Qánigelesiw** — bir ónim túrin yamasa ónimniń bir bólegin islep shıǵarıw boyınsha kárxanalar arasındaǵı miynet bólistiriliwi.

**Aymaqlıq qánigelesiw** — sharayat, dástúr, jergilikli imkaniyatlar sebepli pútin bir aymaq ónimniń bir túrin islep shıǵarıwǵa beyimlesiwi.

Qánigelesiwdiń bir qatar abzallıqıları bolsa da, tómendegi faktorlar qánigelesiwdi ámelge asırıwǵa jol qoymaydı:

1. Hár qanday islep shıǵarıwdı proceslerge, bólimlerge qanshelli kóp bólimin belgili tarawdaǵı bóliniwden keyin bul bólimlerdi ele de maydaraq bólimlerge yamasa proceslerge bóliwdiń ilajı joq bolıp qaladı.

2. Ónimdi almastırıw da qánigelesiwge tásir etedi. Mısalı, fermer xojalıǵı kartoshka jetistiriwge qánigelesken bolsa hám kartoshkanıń bahası bir neshe



http://eduportal.uz

jıl dawamında arzan bola berse, fermer óz jerinde basqa egin egiwge ótiwi múmkin.

3. Qánigelesiwge bazardağı talap ta tásir etedi. Mısalı, mámleketimiz avtomobil sanaatı «Malibu» avtomobilin «Spark» avtomobiline qarağanda bir qansha az islep shığaradı. Sebebi «Spark» únemli hám arzanlığı ushın alıwdı qálewshiler sanı kóbirek.

4. Ónim úlken kólemde bir jerde islep shığarılğanda onı tutınıwshılarğa jetkiziw ayrım jağdaylarda kóp ğárejet hám waqıttı talap etedi.

5. Tutınıwshılar úlken zavod hám fabrikalarda islep shığarılğan ónimge qarağanda ónermentler tárepinen jergilikli ónimlerdi qálewshiler de kóp. Máselen, hayallar ayrım jağdaylarda fabrikalarda tigilgen kiyimlerge qarağanda kishi tigiw atelyesinde arnawlı buyırtpa tiykarında tigilgen kiyimlerdi abzal kóredi.

6. Turizm yamasa shashtárezxana usağan xızmet túrlerin iri kárxanalarğa qarağanda kishi shaqapshalar ámelge asırğanı qolayraq.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Miynet ónimdarlığı degen ne, oğan tásir etiwshi faktorlardı sanań.
2. Ónimdarlıq hám miynet ónimdarlığınıń bir-birinen ayırmashılığın aytıń.
3. Miynet bólistiriliwi hám qánigelesiwiden gózlengen tiykarğı maqset ne?
4. Qánigelesiwdiń abzallığı hám kemshiliklerin sanań.
5. Qánigelesiwdi anıq mısallar járdeminde túsindiriń.
6. Aymaqlıq qánigelesiw degen ne? Mámleketimizdegi qanday da bir ónimdi jetistiriwge qánigelesken walayat, rayon hám aymaqlardı anıqlań.
7. Qánigelesiwdi restoran xızmeti haqqındağı kórsetiwine qarağanda televizor islep shığarıwdı jolğa qoyıw ańsatıraq ekenligin tiykarlap beriń.
8. «Qánigelesiwge bazardağı talap tásir etedi» degen qatardı óz sózlerińiz benen túsindirip beriń.

**Bunı yadta saqlań!**

- Ekonomikalıq rawajlanıw tiykarında miynet ónimdarlığın arttırıw jatadı.
- Miynet ónimdarlığına-miynettiń bólistiriliwi, jumısshı xızmetkerlerdiń qánigeligi, texnologiya hám ásbap-úskenelerdiń jağdayı tásir kórsetedi.
- Miynet bólistiriliwiniń bir qatar unamlı hám unamsız tárepleri bar.
- Qánigelesiwdiń tiykarğı maqseti islep shığarıw ónimdarlığın asırıw hám islep shığarıwshılar imkaniyatların keńeytiw.

http://eduportal.uz

# 6-TEMA EKONOMIKALÍQ SISTEMALAR

**A**

Mámlekette «natural xojalıq» dep atalıwshı ekonomikalıq sistema húkim súredi. Bunda:

— mámleket xalqı ushın zárúr bolǵan barlıq ónimler mámleket aymaǵında islep shıǵarıladı.
— tutınıw ushın zárúr ónimdi hár bir shańaraq islep shıǵarǵan ónimge almastıradı. Sebebi bul mámlekette pul joq.
— mámlekette jumıssızlıq joq.
— tutınıwshılar júdá az muǵdardaǵı nárseler menen qanaatlanadı.

**B**

Mámlekette barlıq ekonomikalıq qatnasıqlar qatań jobalar tiykarında ámelge asırıladı. Bunda:

— islep shıǵarıw kólemi, tovarlar hám xızmetler (nırqları), is haqı ólshemi mámleket tárepinen qatań belgilenedi.
— ónimler tutınıwshılar arasında mámleket tárepinen bólistiriledi.
— tiykarǵı múlk mámleketke tiyisli.
— ekonomika mámleket tárepinen buyrıqlar tiykarında basqarıladı.

**D**

Mámlekette ekonomika isbilermenlik tiykarında qurılǵan. Bunda:

— jeke múlk keń tarqalǵan.
— isbilermenlikke keń jol ashılǵan.
— qanday ónimdi, qanday kólemde islep shıǵarıwdı isbilermenlerdiń ózi sheshedi.
— ónim bahası bazarda belgilenedi.
— ekonomika bazar faktorları arqalı basqarıladı
— mámleket ekonomikasına minimal dárejede tásir etedi.

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Mámlekettegi ekonomikalıq sistemalardı óz-ara salıstırıń.
2. Qaysı mámlekette ekonomikalıq belsendilik joqarı? Ne sebepten?
3. Qaysı mámlekettegi ekonomikalıq sistemanı házirgi payıtta ushıratıwdıń ilajı joq? Ne sebepten?
4. Qaysı mámlekette ónimler sıpatlıraq boladı? Buǵan sebep ne?
5. Qaysı mámlekette adamlar ushın jasaw jaqsıraq?
6. Siz hár qaysı mámlekettiń ekonomikalıq sistemasına qanday ózgerisler kiritken bolar edińiz? Pikirińizdi dálilleń.

http://eduportal.uz

Hár qanday mámlekette, jámiyette ekonomikanıń tiykarǵı wazıypası resurslardiń jetispewshiligi sharayatında bar resurslardan paydalanıwdıń eń nátiyjeli hám aqılǵa muwapıq jolların tańlap, mámleket puqaralarınıń zárúrliklerin tolıǵıraq qanaatlandırıwdan ibarat. Bul maqsette ekonomikanıń tómendegi ush sorawına juwap tabıw mashqalasına dus kelinedi: *Ne? Qalay? Kim ushın?*

Bul úsh soraw hár qanday ekonomikalıq sistema — mámleketlerdegi (jámiyettegi) xojalıqtı júrgiziw sisteması ushın ortalıq bolıp, onı hár bir sistema ózinshe, hár túrli sheshedi. Sistemalar bul mashqalanı qalay sheshiliwine qaray dástúriy ekonomika, bazar ekonomikası, oraylasqan jobalı ekonomika hám aralas ekonomika usaǵan túrler ajıratıladı.

**Ekonomikalıq sistema** — jámiyettiń (mámlekettiń) ekonomikalıq turmısın shólkemlestiriw forması




Dástúriy ekonomikalıq sistema — Ne? Qalay? Kim ushın? degen sorawlarǵa jámiyette saqlanıp kiyatırǵan júz jıllıq dástúrlerge muwapıq juwap beredi. Ónim ata-babalardan miyras bolıp kiyatırǵan usıllar járdeminde islep shıǵarıladı, eski úrp-ádetler tiykarında bólistiriledi. Bunday ekonomika túri júdá áyyemgi bolıp, natural xojalıq payda bolıwı menen baslanǵan. Házirgi kúnde bolsa artta qalǵan, pútkil dúnyadan bóleklenip jasap atırǵan, sırtqı dúnya menen baylanısıw hám barıw qıyın bolǵan Tundra, Afrika hám Amazonka qalıń toǵaylıqları, Sibir taygaları, okeanlardaǵı kishi atawlarda hám biyik tawlarda jasap atırǵan jámáát hám qáwimlerde ushıratıw múmkin.

**Dástúriy ekonomika** — ekonomikanıń tiykarǵı sorawlarına jámiyettegi dástúrlerge tiykarlanıp juwap beretuǵın ekonomikalıq sistema.

Oraylasqan jobalı ekonimikalıq sistemada derlik barlıq óndiris quralları mámleket qaramaǵında bolıp, barlıq ekonomikalıq sheshimler, neni qansha

http://eduportal.uz

muǵdarda islep shıǵarıw máselesi húkimet tárepinen oraylasqan halda sheshiledi. Islep shıǵarılǵan ónim húkimet tárepinen bólistiriledi. Islep shıǵarıwdan alınǵan payda mámleket ıqtıyarında qaldırıladı hám ol jobaǵa tiykarlanıp bólistiriledi. Oraylasqan jobalı ekonomikalıq sistema burınǵı awqam bir qatar sociallıq mámleketlerde bar edi.

**Oraylasqan jobalı ekonomika** — derlik barlıq óndiris quralları mámleket qaramaǵında bolıp, ekonomikalıq sheshimler oraylasqan halda mámleket tárepinen qabıl etiletuǵın hám jobaǵa qaray ámelge asırılatuǵın ekonomikalıq sistema.

Bazar ekonomikalıq sistemasında derlik barlıq óndiris quralları jeke kárxanalar, jeke adamlar qolında bolıp, barlıq ekonomikalıq sheshimler tutınıwshı hám islep shıǵarıwshılar tárepinen erkin qabıl etiledi. Neden, qansha muǵdarda islep shıǵarıw máselesi talap hám usınısqa tiykarlanǵan bazar mexanizmi jádeminde anıqlanadı. (Bul mexanizm haqqında keyinrek toqtalamız). Mısalı tutınıwshılarda temekini satıp alıwǵa bolǵan tilek, yaǵnıy talap bolmasa, fermer xojalıqları temeki ekpeydi, sebebi onı hesh kim satıp almaydı hám onnan payda joq. Onıń ornına bolsa paydalıraq dán eginlerin egedi hám basqalar.

**Bazar ekonomikası** — jeke menshikke tiykarlanǵan, barlıq ekonomikalıq sheshimler erkin qabıl etilgen, ekonomikalıq ónimler bolsa bazar járdeminde bólistirilgen ekonomikalıq sistema.

Aralas ekonomikalıq sistemasında óndiris resurslarınıń bir bólegi mámleket qaramaǵında, al qalǵanları jeke kárxanalar hám adamlar qolında boladı. Geypara túrdegi tovar hám ónimler mámleket tárepinen islep shıǵarılsa, qalǵanları jeke kárxanalar tárepinen islep shıǵarıladı. Sonday-aq, aralas ekonomikada mámleket ekonomikasın tártipke salıp turıwshı kúsh sıpatında qatnasadı hám sonıń menen bir qatarda islep shıǵarıwshılardıń ekonomikalıq erkinlikleride támiyinlenedi. Sol sebepten, aralas ekonomikanı bazar ekonomikası hám oraylasqan jobalı ekonomikanıń «birikpesi»nen ibarat ekonomika dep atawǵa boladı. Házir dúnyanıń kóplegen mámleketlerinde aralas ekonomikalıq sisteması húkim súrmekte. Buǵan mısal etip, Germaniya, Shveciya, Norvegiya, Finlyandiya, Kanada sıyaqlı bir qatar mámleketlerdi keltiriw múmkin. Sonısı qızıq, bul mámleketlerde mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıwı barǵan sayın jetilistirilip barmaqta.

**Aralas ekonomika** — barlıq ekonomikalıq sistemalardıń qolaylı táreplerin ózinde jámlegen ekonomikalıq sistema.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ne? Qalay? Kim ushın? sorawları qanday mashqalalardı óz ishine aladı?
2. Ekonomikalıq sistemalar bir-birinen nesi menen parıqlanadı?
3. Dástúriy ekonomikanıń artıqmashılıq hám kemshilik táreplerin talqılań?
4. Oraylasqan jobalı ekonomikanı táriplep beriń..
5. Bazar ekonomikasın táriplep beriń.
6. Hár bir ekonomikalıq sistemaǵa mısallar keltiriń hám olardı túsindiriń.
7. Aralas ekonomikalıq sistemanıń payda bolıwına ne sebep bolǵan dep oylaysız?
8. Mámleketimizde qaysı ekonomikalıq sistemanıń tiykarı jaratılıp atır?
9. Aralas ekonomika sharayatında tómendegi islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw tarawlarınıń qaysıların mámleket, qaysıların jeke firmalar basqarsa maqsetke muwapıq boladı dep oylaysız? Juwabıńızdı tiykarlap beriwge háreket etiń.

a) bilimlendiriw; b) televideniye; d) tez medicinalıq járdem;
e) qorǵanıw; f) elektr tarmaǵı; g) temir jol;
h) avtomobil jolları; i) awıl xojalıǵı;
j) qorshaǵan ortanı qorǵaw.

**Bunı yadta tutıń!**

• Dástúrge tiykarlanǵan ekonomikalıq sistemada islep shıǵarıw hám bólistiriw úrp-ádetler, yaǵnıy ótmishte qollanılatuǵın usıllar menen belgilenedi.

• Bazar ekonomikasında islep shıǵarıwshı hám bólistiriw sheshimi úy xojalıqları hám firmalardıń máplerinen kelib shıqqan halda qabıl etiledi.

• Oraylasqan jobalı ekonomikalıq sistemada tiykarǵı qararlardı oraylıq húkimet qabıl etedi.

• Házirde hár qanday zamanagóy ekonomikalıq sistema «aralas sistema» bolıp, ol ózinde dástúriy, oraylasqan jobalı hám bazar ekonomikası belgilerin jámlegen.

http://eduportal.uz

# ERKIN ISLEW USHÍN ÁMELIY TAPSÍRMA

## KLASTER DEGEN NE?

Zamanagóy óndiris procesine júdá kóp resurslar, adamlar, karxanalar tartıladı. Mısalı, pecheniye ónimin alsaq, onıń quranina un, qumsheker, sarımay hám basqada kóplegen shiyki zat kiredi. Demek, pecheniyeni tayarlaw procesinde láblebi, sút jetistiriwshi fermerlerden, un, qumsheker, sarımay islep shıǵarıwshı zavodlardıń qatnasısız ámelge aspaydı. Jáne júdá kóp kárxanalardıń ónimleri de pecheniyeniń shiyki zatı sıpatında áhmiyetke iye.

Islep shıǵarıwdı sıpatlı shólkemlestiriw ushın onıń barlıq basqıshında qatnasıwshı kárxanalardıń xızmetin muwapıqlastırıw, sistemalastırıw maqsetinde ekonomikalıq klasterler shólkemlestirilip ekonimikaǵa usınılmaqta. Ekonomikalıq klasterlerge málim bir aymaqta jaylasqan óz ara baylanıslı kárxana, shólkem yamasa mekemeler kiredi. Olar óz ara ónimler jetkerip beriw, xızmetler kórsetiw, infrasistemanı shólkemlestiriw, ilimiy-texnikalıq xızmet kórsetiw arqalı bir-birin qollap quwatlap turadı. Bunıń menen klasterdiń hár bir qatnasıwshısı hám barlıq klasterlerdiń básekige shıdamlılıǵı artadı hám imkaniyatları keńeyedi.

**Ekonomikalıq klaster** — belgili bir aymaqta toplanǵan, ónim, málim bir xızmetler, infrasistema menen óz ara támiyinlewshi shólkemler (kárxanalar, ilimiy va bilimlendiriw mákemeleri h.t.b.) toparı bolıp, topar qatnasıwshıları bir-birleriniń hám klasterleriniń básekige shıdamlılıǵın arttıradı.



















http://eduportal.uz

Sońǵı jıllarda Ózbekstanda da ekonomikalıq klasterler keń tarqalmaqta. Shólkemlestirilip atırǵan paxta-toqımashılıq, balıqshılıq, azıq-awqat klasterleri buǵan mısal bola aladı.

Ekonomikalıq klasterdiń qásiyetleri tómendegilerden ibarat: geografiyalıq tárepten óz ara jaqınlıq; texnologiyalardıń hártúrliligi; shiyki zat bazasınıń ortalıq ekenligi; innovacion xızmettiń barlıǵı.

1. Joqarıdaǵı súwretler tiykarında paxtadan hár túrli tayar ónimler islep shıǵarıw menen baylanıslı kárxanalardizimin dúziń.
2. Dizimge jáne qanday kárxanalardı qosıw múmkin?
3. Chigit egiwden baslap, tayar ónimnıń tutınıwshıǵa jetip barǵanǵa shekemgi islep shıǵarıw procesiniń izbe-izligin dúziń.
4. Bir dana er adamlar kóylegin islep shıǵarıwdaqanday: a) tábiyiy; b) kapital; d) miynet resursları jumsalıwın anıqlań.
5. Eger súwretlerdegi kárxanalardı ulıwma bir dizimge birlestirilse, bul qanday abzallıqlar beriw múmkinligi boyınsha óz pikirińizdi bildiriń.

***1-másele:*** Eki isshi birinshi 5 kúnlikte 500 dana, ekinshi 5 kúnlikte 750 dana ónim tayarladı. Bir isshiniń birinshi hám ekinshi bes kúnliktegi bir kúnlik miynet ónimdarlıǵın tabıń hám óz ara salıstırıń.

Sheshiliwi: Sarplanǵan ulıwma waqıt = Isshiler sanı. Hár bir isshi sarplaǵan waqıt = 2 isshi. 5 kún = 10 kún

Bir isshiniń birinshi bes kúnliktegi miynet ónimdarlıǵı:

U=Q:T=500:10=50 ge,

Bir isshiniń ekinshi bes kúnliktegi miynet ónimdarlıǵı bolsa:

750:10=75 ke teń.

Endi olardı salıstıramız: 75:50=1,5 yaǵnıy, bir isshiniń ekinshi bes kúnliktegi miynet ónimdarlıǵı birinshisinikine qaraǵanda 1,5 ese kóp bolǵan.

***2-másele (erkin islew ushın):*** Tigiwshilik fabrikasında 120 isshi háptesine 5 kúnnen isleydi. Fabrika 2019-jıldıń 1-martınan 31-mayǵa shekem 95040 dana kóylek tikti. Islep shıǵarıw procesi 1-iyunnan qánigelestirildi, 1-sentyabrden boslap klaster dizimine ótkerildi. Eger

1-iyunnan 31-avgustqa shekem 117000 dana, 1-sentyabrden 30-noyabr ge shekem 140400 dana kóylek tikilgen bolsa, bir isshiniń qánigelespegen, qánigelesken hám klaster dizimi sharayatındaǵı miynet ónimdarlıqların tabıń hám óz ara salıstırıń. Máseleni sheshiwde kalendardan paydalanıń. Bazı sanlardı bólistiriwge tuwra keliwi múmkin.

http://eduportal.uz

# I BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Ne ushın házirde ekonomikanı úyrenbekshi bolǵanlardıń sanı kóbeyip barmaqta?
2. Ekonomikanı tek ekonomistler biliwi kerek pe?
3. Ekonomikalıq turmısta ekonomikalıq bilimler zárúr bolǵan jaǵdaylarǵa mısallar keltiriń.
4. Ne ushın insan talaplarınıń shegi joq?
5. Sheklengenlik mashqalasınıń mazmunı neden ibarat?
6. Sheklengenlik mashqalasına 5 mısal keltiriń.
7. Tańlaw hám onıń alternativ qunı degen ne?
8. Miynet ónimdarlıǵın arttırıp, sheklengenlik mashqalasın sheshiw múmkin be?
9. Miynet ónimdarlıǵın arttırıwdan gózlengen maqset ne?
10. Miynet bólistiriliwi hám qánigelesiwiniń mánisin túsindirip beriń.
11. Ekonomikanıń tiykarǵı úsh sorawı haqqında nelerdi bilesiz?
12. Dástúriy hám oraylasqan ekonomikanı óz ara salıstırıń.
13. Bazar ekonomikalıq sisteması Ne? Qalay? Kim ushın? degen sorawlarǵa qalayınsha juwap beriwin túsindirip beriń. Bazar ekonomikasınıń tiykarǵı qásiyetlerin sanań.
14. Aralas ekonomikalıq sistemanıń payda bolıwına neler sebepshi bolǵan dep oylayaız?

## B. TAPSÍRÍQLAR

Tómende dáslep atamalardıń atları, soń olardıń talqılawları berilgen. Hár atamaǵa sáykes talqılawlardı tawıp, atama sanı qasına durıs kelgen talqılaw háribin jazıń.

### ATAMALAR:

1. Talap.
2. Xızmetler.
3. Isbilermenlik.
4. Resurslar.
5. Óndiris.
6. Sheklengenlik
7. Bazar ekonomikası.
8. Tańlawdıń ózine túser qunı
9. Qánigelesiw.
10. Miynet mashqalası.
11. Ekonomikalıq sistema.
12. Dástúriy ekonomika.
13. Tańlaw.

http://eduportal.uz

## TALQÍLAWLAR:

a) ekonomikalıq baylıqlardı jaratıw procesi;
b) adamladıń payda alıw maqsetinde ekonomikalıq sheshim qabıllaw menen baylanıslı tovar hám xızmetler islep shıǵarıwı;
d) tańlaw nátiyjesinde bas tartılǵan imkaniyatları ishindegi eń úlken payda;
e) sheklengen resurslardan paydalanıw imkaniyatları arasınan birewin tańlaw;
f) insannıń belgili bir sharayatta jasawı hám kamal tabıwı ushın zárúr bolǵan nárselerge mútájligi;
g) talaplardı tolıq qanaatlandırıw ushın resurslardıń jeterli dárejede bolmawı;
h) insan talapların qanaatlandırıw ushın kerek bolǵan barlıq nárseler;
i) materillıq zat jaratpaytuǵın, biraq nátiyjesi talaplardı qanaatlandıratuǵın iskerlik yamasa is-háreketler;
j) qanday da bir ónim túrin islep shıǵarıw boyınsha kárxanalar arasındaǵı miynet bólistiriliwi;
k) tovar islep shıǵarıw procesin jumısshılar arasında jumıstı bólistiriw tiykarında shólkemlestiriliwiishi;
l) jeke menshikke tiykarlanǵan, barlıq ekonomikalıq sheshimler erkin qabıl qılınatuǵın, ekonomikalıq ónimler bolsa bazar járdeminde bólistiriletuǵın ekonomikalıq sistema;
m) jámiyet (mámleket) ekonomikasın shólkemlestiriw forması;
n) ekonomikanıń tiykarǵı sorawlarına jámiyettegi dástúrlerge tiykarlanıp juwap beretuǵın ekonomikalıq sistema.

## D. TESTLER

Berilgen sorawlarǵa mánisi jaǵınan eń durıs hám tolıq juwaptı belgileń.

**1. Talaplar — bul ...**

A. kúndelikli talapqa paydalanatuǵın zatlar dúkanında satılatuǵın barlıq zatlar.
B. adamlardıń tovar hám xızmetlerge iye bolıwǵa degen tilegi.
D. insannıń belgili bir sharayatta jasawı hám kamal tabıwı ushın zárúr bolǵan nársege mútájligi.
E. qanaatlandırıwdıń imkanı bolmaǵan insannıń arzıw-tilekleri.

**2. Sheklengenlik mashqalası qaysı jaǵdayda durısraq sáwlelengen?**

A. Hár qanday mámleket ekonomikasında mudamı bir nárse jetispeydi.
B. Barlıq waqıtta insannıń hámme zárúrliklerin qandırıw ushın resurslar.

http://eduportal.uz

D. Bir resurs qanshelli kem bolsa, ol shonsha jetispeydi.
E. «Úy — úńgir», degenindey, shańaraqta mudamı bir nárse jetispeydi.
3. Qaysı toparda keltirilgen mısallar tek ruwxıy talaplarǵa tiyisli?
A. Dápter, nan, kitap, televizor hám xat jazıw.
B. Muzqaymaq, kompyuter, bilim alıw, sport.
D. Bilim alıw, muzıka, esitiw, kásip óner úyreniw, ayaq-kiyim.
E. Til úyreniw, kitap oqıw, súwret salıw, muzıka esitiw.
4. Qaysı toparda keltirilgen mısallar tek ǵana zárúrliklerge tiyisli?
A. Jol, jámáát transportı, mektep, kiyim-kenshek, qol saatı.
B. Qorǵanıw, den sawlıqtı saqlaw sisteması, telefon tarmaǵı, kitapxana, muzey.
D. Tariyxıy esteliler, keselxana, jeke dúkan, metro, velosiped.
E. Qorıqxana, dárya, dem alıw baǵı, salıq xızmeti, jeke avtomobil.
5. Fermer atızına biyday ekse 40 t, Salı ekse 80 t ónim alıw múmkin. Bir tonna biydaydıń alternative qunı ...
A. Anıqlaw múmkun emes, sebebi qansha biyday yaki salı egilgeni belgisiz.
B. 0,5 tonna salıǵa teń.
D. 4 tonna salıǵa teń.
E. 2 tonna salıǵa teń.
6. Óndiris faktorları — bul...
A. miynet ónimdarlıǵı hám nátiyjeliligi.
B. miynet ónimdarlıǵı hám qánigelesiw.
D. Tek ǵana imarat, qurılıslar, ásbap-úskeneler hám stanoklar.
E. Tábiyiy resurslar, miynet, kapital hám isbilermenlik.
7. Tómendegi toparlardıń qaysı birinde óndiris resurslarınıń hár úshewine mısallar keltirilgen?
A. Atız, traktor, paxta.
B. Ofis, menejer, baslıq.
D. Neft, zavod, jumısshı.
E. Kompyuter, baǵdarlamashı, printer.
8. Hárqanday sistema aldında turǵan eń tiykarǵı mashqala — bul:
A. óndiris. B. sheklengenlik.
D. tutınıw E. bólistiriw.
9. Bazar ekonomikası sharayatında ...
A. Múlktin; tiykarǵı bólegi jeke adamlar qolında boladı..
B. Mámleket jalǵız múlk iyesi bolıp qaladı.
D. Mámleket múkine ústinlik beriledi.
E. Múlk óz mánisin joǵaltadı.

*Biz erkin bazar tendenciyasın ornatpaqshı ekenbiz, ekonomikanıń jetekshi tarawların reformalaw hám rawajlandırıw arqalı salamat báseki ortalıǵın jaratıwımız shárt...*

*Shavkat Mirziyoyev*



# II bap. Bazar



http://eduportal.uz

# 7-TEMA ALMASTÍRÍW HÁM PUL



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdağı súwrette súwretlengen etikshige nan, nanbayǵa un, digirmanshıǵa biyday, diyxanǵa oraq hám temirshige etik kerek bolsın.

1. Bul jaǵdayda etikshi bir nanǵa bolǵan talabın qanaatlandırıw ushın ózi tikken etigin qalayınsha nanǵa almastırıp alǵan dep oylaysız?
2. Bul almasıw procesin qalayınsha ańsatlastırıw múmkin?
3. Joqarıda keltirilgen ónimlerdiń ishinen qaysı birewine hámme óz ónimlerin óz erki menen almastırıwǵa razı dep oylaysız?
4. Joqarıda keltirilgen ónimlerdiń birewin basqa ónimler hám xızmetler ushın tólemdi ámelge asırıwǵa arnalǵan universal almasıw quralı sıpatında tańlanǵanda etikshi óziniń nanǵa bolǵan zárúrligin qalay qanaatlandırǵan bolar edi?
5. Nan hám biydaydıń universal almasıw quralı sıpatında qanday unamlı hám unamsız tárepleri bar ekenligin anıqlań?

Áyyemgi zamanda adamlar qáwim-qáwim bolıp jasaǵan. Hár bir qáwim ózi ushın kerekli azıq-awqat ónimlerin, kiyim-kensheklerdi hám ápiwayı jumıs qurallarıń ózi islep shıǵarǵan hám ózi paydalanǵan. Bunday xojalıq ekonomikanıń eń dáslepki kórinisi bolıp, ol natural xojalıq dep júrgizilgen. Natural xojalıqtıń hár bir aǵzası áste-aqırın belgili bir ónim túrin óndirip shıǵarıwǵa iykemlesken. Waqıttıń ótiwi menen hár bir kásip iyesi

http://eduportal.uz

óz ónimlerin basqalar menen belgili bir bólegin almastıra baslaǵan, yaǵnıy ayırbaslaǵan. Usı tárizde almastırıwǵa arnalǵan ónim-tovar payda bolǵan.

**Almastırıw** — bir ónimdi satıw, satıp alıw yamasa basqasına almastırıw.
**Tovar** — almastırıw maqsetinde islep shıǵarılǵan ónim.

Adamlar metalldı qayta islewdi úyrengennen soń metall pullar payda bolǵan. Keyin ala, aylanısta qımbat bahalı metallar, altın hám gúmisten islengen pullar aylanısqa shıǵarılǵan.

Hár túrli awırlıqta bolǵan altın hám gúmis bóleklerin pul sıpatında qollanǵanda hár sapar olardı tárezide ólshewge tuwrı kelgen. Bunday qolaysızlıqtan qutılıw ushın belgili bir awırlıqqa hám kóriniske iye bolǵan hám hár túrli mórler basılǵan teńgeler aylanısqa kiritilgen. Waqıt ótiwi menen teńgelerdiń de kemshiligi bar ekenligi bilingen. Altın hám gúmis teńgeler qoldan-qolǵa ótip jelingen hám jeńillesip qalǵan. Al, bul bolsa óz náwbetinde olardıń baslanǵısh qunı, yaǵnıy basqa tovarlar menen almasıw qábiletiniń kemeyiwine alıp kelgen. Bul mashqalanıń sheshimin tabıwǵa urınıwı nátiyjesinde qaǵaz pullar payda bolǵan. Birinshi qaǵaz pul 812-jılı Qıtayda basıp shıǵarılǵan, sońınan bolsa basqa mámleketlerde de shıǵarıla baslaǵan.

**Pul** — ónim hám xızmetler ushın tólemdi ámelge asırıwǵa arnalǵan arnawlı almasıw quralı.

Hár qanday mámlekette óziniń pul sisteması qáliplesedi. Pul sisteması — bul pul qatnasıǵınıń mámleket tárepinen shólkemlestirilgen forması. Pul sistemasında tómendegi elementlerdi ajıratıp kórsetiw múmkin:

— Pul birligi — bul mámlekette qabıl qılınǵan puldıń atı (swm, dollar, yena hám t.b). Pul birligi — bul tovardıń narqın belgilew ushın qollanılatuǵın pul belgisi. AQSH tıń pul birligi dollar. Pul birligi jáne kishi bóleklerge bóliniwi múmkin. Mısal ushın, 1 dollar — 100 centge teń.

— Nırqlar kólemi — bul tovarlar qunın ólshew usılı. Basqasha aytqanda, nırqlar kólemi arqalı puldıń qun ólshew funkciyası ańlatıladı.

— Pul túrleri hám olardı aylanısqa shıǵarıw usılları. Pul túrleri — bul aylanıstaǵı qaǵaz pullar hám teńgelerdiń nominalları bolıp tabıladı. Ózbekstan Respublikası Oraylıq banki tárepinen shıǵarılǵan

swm — pul túrine mısal boladı. Sonday-aq naq (qaǵaz hám teńge) hám naq emes (bank esap betindegi jazıw kórinisindegi) pullardı da ajıratadı.

— Pul emissiyası sisteması — pul belgileri aylanısqa shıǵarıw hám aylanıw tártibi. Pul emissiyası Oraylıq bank tárepinen ámelge asırıladı. Oraylıq bank pul aylanısın shegaralaw hám muwapıqlastırıw islerinde ámelge asıradı.

Pul aylanıwı — bul tovar aldı-sattı, tovarsız tólemlerdegi hám basqa hár túrli esap-kitaplardaǵı aylanısta bolǵan pullardıń háreketi.

Pul aylanısınıń quramlıq bólımleri dep tómendegilerdi keltiriw múmkin:

— Tólew aylanısı — bul is haqı, salıqlar, qımbat bahalı qaǵazlar satıp alıw hám basqa májbúriy tólemlerdi ámelge asırıw.

— Naq emes pul aylanısı — bul pul aylanısınıń banktegi esap betindegi jazıwlar arqalı naq pulsız ámelge asırılatuǵın bólimi.

— Naq pul aylanısı — bul jámi pul aylanısınıń qatnasıq hám tólew quralı sıpatında naq pul isletiletuǵın bólimi.

— Pul sıpatında isletilgen nárse tómendegi qásiyetlerge, sıpatlarǵa iye bolıw lazım:

— adamlar janında alıp júriwi ushın qolaylıraq hám jeńillirek, yaǵnıy ıqsham bolıwı;

— bekkem, shıdamlı materialdan bolıwı, waqıt ótiwi menen óziniń sapası hám muǵdarın joǵaltpawı;

— siyrek ushırasıwı, hámmeniń oǵan erisiwge bolǵan imkaniyatınıń sheklengen bolıwı;

— hártúrli qundı sıpatlawshı túrleriniń bolıwı;

— ańsat tanılatuǵın hám onı qálbikelestiriwdiń qıyın bolıwı.

Puldıń birinshi funkciyası — pul bul aylanıs quralı. Pul járdeminde tovarlar pulǵa almastırıladı. Nátiyjede, tovar — pul almasıwı ámelge asırıladı. Ekinshiden, pul — bul tovar qunınıń ólshew quralı. Hárbir tovardıń qunı pul menen ólshenedi. Tovardıń pul da kórsetilgen qunı — onıń narqın belgileydi. Úshinshiden, pul baylıq toplaw quralı. Tovardı pulǵa almastırıp, túsken pulǵa basqa tovar almastan, onı belgili bir waqıtqa shekem saqlaw yaǵnıy toplaw múmkin.

Xalıqaralıq sawdada pul — dúnya pulları, tovar ushın pul tólegende bolsa — tólew quralı funkciyaların orınlaydı.

Házirgi zamanda pullardıń naq — teńge hám qaǵaz pullar; kredit — veksel, banknot hám shek kórinisindegi pullar; naq emes pullar; kredit hám tólew plastic kartadaǵı pullar; elektron pul túrleri bar.

Pulmassası — bul fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar hám de mámleket ıqtıyarındaǵı aylanıstaǵı naq hám bankler esap betlerindegi naq emes pullardıń ulıwma kólemi. Pul massası puldıń qanday islep atrǵanlıǵın kórsetiwshi áhmiyetli kórsetkish. Zamanagóy pul sisteması sharayatında puldıń aylanıs tezligi tezlespekte, pul massasınıń ósiwi bolsa páseymekte. Yaǵnıy pul jaqsıraq islemekte.

Djon Meynard Keyns bazar ekonomikasına mámlekettiń keń aralasıwınıń zárúrligin tiykarlap berdi hám de pul-kredit siyasatı boyınsha óziniń modelin usındı. Oǵan kóre qatań salıq siyasatı hám jeńil pul siyasatı birgelikte ekonomikalıq ósiwdi támiynleydi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Áyyemde ónimlerdi ayırbaslaw procesi haqqında maǵlıwmat beriń.
2. Altın teńgeler mısalında pul óz wazıypasın qanday atqarǵan?
3. Hár qanday nárse de pul wazıypasın atqara ala ma?
4. Puldıń hárbir funkciyasın anıq kórsetiwshi turmıslıq mısallar keltiriń.
5. Sizińshe pul qanday qásiyetlerge iye bolıwı kerek?
6. Puldıń qanday túrlerin bilesiz?
7. Pul sisteması ne? Onıń elementlerin aytıń.
8. Pul aylanısınıń quramlıq bólimlerin túsindirip beriń.
9. Pul massası ne?
10. Puldıń qásiyetleri hám funkciyaları haqqında nelerdi bilesiz?
11. Keyns modeli haqqında ulıwma pikir bildiriń.

**Bunı yadta saqlań!**

- Pul barlıq tovar hám xızmetlerdi satıp alıw múmkin bolǵan arnawlı tovar.
- Pul adamzattıń eń úlken oylap tabıwshılıǵınıń biri boladı.
- Pul aylanıs, ólshew hám toplaw quralı.
- Adamlar belgili mápti gózlep tovar hám xızmetlerdi almastıradı.



http://eduportal.uz

# 8-TEMA BAZAR HÁM ONÍŃ TÚRLERI




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. 1- súwrette kórsetilgen diyqan bazarındaǵı adamlardı qanday ónermentshilik ónimleri bazarındaǵı adamlardı qanday eki qatlamǵa ajıratıw múmkin? Kimler satıwshı yaki qarıydar sıpatında qatnasıp atır? Olardıń parqı nede? Olardıń bazardaǵı maqseti neden ibarat?
2. 2- hám 3- súwretlerdi bazar dep atasaq bolama?
3. Bazar qanday wazıypalardı atqaradı dep oylaysız? Pikirińizdi turmıstaǵı mısallar tiykarında túsindirip beriń.
4. 4-, 5-, 6-súwretlerde súwretlengen tovar hám xızmetler qaysı bazarlarda satıladı yamasa satıp alınadı?

Siz adamlar menen tolı, sawda-satıq ámelge asırılatuǵın, bólek ajıratılǵan, orın sıpatında diyqan bazarı, avtomobil bazarı, kiyim-kenshek bazarı sıyaqlı bazarlardı jaqsı bilesiz. Bazar ushın barqulla arnawlı ajıratılǵan orınnıń bolıwı shárt emes. Alıw-satıw procesi telefon hám internet tarmaǵı arqalı da ámelge asırılıwı múmkin.

Bazar tómendegi wazıypalardı atqaradı:

— Óndiris hám tutınıwdı bir-birine bayalnıstıradı;

— Aldı-satıw procesi arqalı tovardıń bahasın belgileydi;

— Ekonomikanı, óndiristi tártipke salıp turadı;

— Hár túrli mámleketler arasında ekonomikalıq birge islesiw baylanısların ornatadı. Tovardı mólsherine qaraǵanda qımbatraq nırqta satıp alǵan

http://eduportal.uz

qarıydar yaki tovardı arzanraq nırqta satqan satıwshınıń hesh biride bazardan ókpelemeydi. Bazar — tovardıń nırqın belgilewshi eń qalıs tóreshi.

Bunda «Ne islep shıǵarıw kerek?», «Qalay islep shıǵarıw kerek?», «Kim ushın ilep shıǵarıw kerek?» degen sorawlarǵa tek ǵana bazar juwap beredi. Bazar tovardıń nırqınıń artıwına yaki kemeyiwi arqalı óndiriwshilerge qaysı tovardan qansha muǵdarda islep shıǵarıw kerekligin yaki kerek emesligi haqqında xabar berip turadı tovar ótimli bolsa, onı islep shıǵarıw kóbeytiledi, tovar mólsherdegi nırqta ótpese, onda onı islep shıǵarıw toqtatıladı yaki jumsalatuǵın qárejetlerin kemeytip arzanlatıw ilajları kóriledi.

Ózara paydalı birge islesiwden hámme payda kóredi. Solay eken bazar shegara bilmeydi. Házirgi kúnde bazarlarmızdaǵı dúnyanıń derlik barlıq mámleketlerinen keltirilgen tovarlar bunıń ayqın dálili boladı.

**Alıw-satıw procesi** — tovar hám xızmetler pulǵa, al pul bolsa tovar hám xızmetlerge almastırılatuǵın process.

**Bazar** — qarıydar hám satıwshılar alıw-satıw procesin ámelge asırıw menen baylanıslı bolǵan óz ara qatnaslar.

Bazarlar olarda satılatuǵın tovarlarǵa qarap tutınıw tovarları, óndiris quralları, finans, miynet, intellektual tovarlar bazarı usaǵan túrlerge bólinedi.

Xalıq ushın zárúr bolǵan tovarlar hám xızmetler tutınıw tovarları bazarında satıladı. Biz jaqsı bilgen diyqan bazarı, mal bazarı, mashina bazarı, kiyim-kenshek hám buyımlar bazarı, dúkanlar, supermarketlar, asxana, nanbayxana, transport, baylanıs, elektr, suw, gaz, jıllılıqtı támiyinlew kárxanaları, shashtárezxanalar, mádeniyat, den sawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw mákemeleri — tutınıw tovarları bazarın quraydı.

**Tutınıw tovarları bazarı** — xalıq, úy xojalıqları ushın talapları ushın kerekli tovar hám xızmetler satılatuǵın bazar.

Kárxanalarda tovar islep shıǵarıwǵa kerek bolatuǵın ásbap-úskeneler, qurılıs-imaratlar, shiyki zat hám materiallarm *óndiris quralları bazarı*nda satıladı. Óndiris quralları aldı-satıw, tuwrıdan tuwrı, tikkeley islep shıǵarıwshı hám tutınıwshı arasında, yaki tovar birjaları hám sawda firmaları xızmetleri arqalı ámelge asırıladı. Tovar birjaları tovardı kóp muǵdarda kótere satıp alıw hám satıwdı shólkemlestiretuǵın dáldálshı shólkemler esaplanadı.

Jumısshı kúshi, yaǵnıy miynette arnawlı tovar bolǵanlıǵı ushın onıń da óz bazarı bar. Miynet *jumısshı kúshi bazarı*nda jumısshı kúshi satıladı.



http://eduportal.uz

**Tovar birjası** — tovarlardı kóp muǵdarda, kótere satıp alıw hám satıwdı shólkemlestiretuǵın dáldálshı shólkem.

**Óndiris quralları bazarı** — karxana hám firmalar talapları ushın zárúr tovar hám xızmetler satılatuǵın bazar.

Bunday bazarda xalıqtı jumısqa ornalastırıw menen shuǵıllanıwshı miynet birjaları, basqa kárxanalar hám shólkemler xızmet kórsetedi. Miynet birjası jumısshı kúshine zárúrligi bar jumıs orınlarına iye karxana hám jumıs izlep júrgen adamlar arasındav dáldalshılıq xızmetin alıp baradı.

**Miynet birjası hám sociallıq qorǵaw orayı** — karxanalar hám jumıs izlep júrgen adamlar ortasında dáldálshılıq xızmetin alıp baratuǵın shólkem. Bul shólkemdi ádette miynet birjası dep ataydı.

**Miynet jumısshı kúshi bazarı** — jumısshı kúshi alıw-satıw procesleri ámelge asırılatuǵın bazar.

Puldı arnawlı, hámmege maqul bolǵan Tovar dep aytqan edik. Demek, onıń da óz bazarı boladı. Bul bazardı finans bazarı dep ataydı. Finans bazarında pul qarızǵa beriledi, yaki qarızǵa alınadı. Bul túrdegi xızmetlerdi bankler kórsetedi. Finans bazarında ópiwayı puldan basqa «bahalı qaǵazlar» — aksiya, obligaciya, veksel dep atalıwshı pullar satıladı hám satıp alınadı. Bahalı qaǵazlar sawdasın shólkemlestiriw menen fond birjaları shuǵıllanadı. Sonday-aq, finans bazarında sırt mámleketler pulları — valyutalar da satıladı hám satıp alınadı. Bul jumıslar bankler hám valyuta almastırıw shaqapshaları ámelge asıradı.

**Bahalı qaǵaz** — belgili bir muǵdardaǵı qarjıǵa yaki múlkke iyelikti yaki olarǵa bolǵan múnasibetti tastıyıqlawshı arnawlı pul kórinisindegi hújjet

**Fond birjaları** — bahalı qaǵazlar alıw-satıwın shólkemlestiriw menen shuǵıllanıwshı dáldálshı shólkem.

**Finans bazarında** — pul hám qımbat bahalı qaǵazlardı alıw-satıw procesi ámelge asırılatuǵın bazar.

*Intellektual tovarlar bazar*ında — aqıl miyneti ónimleri bolǵan tovar hám xızmetler satıladı. Bunday tovarlarǵa ilimiy ideyalar hám kórkem óner shıǵarmaları, hár túrli maǵlıwmatlar, texnikalıq joybarlar hám ashılıwlar, kompyuter baǵdarlaması, kino, koncert tamashaları hám aqıl miyneti nátiyjesi bolǵan tovar hám xızmetler kiredi.



http://eduportal.uz

**Intellektual tovarlar bazarı** — aqıl miyneti ónimi bolǵan tovarlar alıw-satıw procesi ámelge asırılatuǵın bazar.

Sonıń menen birge ayırıp alınǵan tovarlar bazarıda boladı. Mısalı neft bazarı, paxta bazarı, ǵálle bazarı, reńli metallar bazarı hám basqalar. Bazarlar aymaqlıq qamtıw dárejesine qarap jergilikli, milliy hám xalıq aralıq bazarǵa bólinedi.

Bazarlar, ádette, eki úlken klasqa ajıratıp úyreniledi. Olar tovar hám xızmetler bazarı hám óndiris faktorları bazarı boladı.



**Abu Ali ibn Sina**
(980—1037)

Shıǵıstıń enciklopedist alımı, oyshılı Abu Ali ibn Sina ekonomika ilimine óziniń ilimiy kóz qarasları menen úlken úles qosqan. Sonlıqtan, zárúrlik túsinigine anıqlama bergen, materiallıq baylıqlar jaratıwda miynettiń ornın anıqlap bergen, «miynet bólistiriwi», «tutınıwshı sebeti» hám insan awqatlanıw rejimleri haqqında pikirler bildirdi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Bazardıń payda bolıwı ushın barqulla belgili ajıratılǵan jerdiń bolıwı shártpe?
2. Bazar qanday wazıypalardı atqaradı? Olardı birme-bir túsindirip ber.
3. Bazar túrlerin sanap beriń. Óndiris quralları bazarınıń tutınıw tovarları bazarınan parqı nede?
4. Intellektual tovarlar bazarında neler satıladı?
5. Miynet bazarına mısallar keltiriń.
6. Finans bazarında qanday sawda ómelge asırıladı?
7. Jergilikli, aymaqlıq, milliy hám xalıq aralıq bazarǵa mısallar keltiriń.
8. Qanday birjalardı bilesiz? Olardıń ózgesheligin hám ulıwmalıq táreplerin anıqlań.

**Bunı yadta saqlań!**

- Bazar tovarlardı ózara almastırıw múmkinshiligin jaratadı.
- Tovardıń nırqı bazarda anıqlanadı.
- Bazar ekonomikasın tártipke salıp turadı.
- Bazarlar olarda satılatuǵın tovarlarǵa qaray tutınıw tovarları, óndiris quralları, finans, miynet, intellektual tovarlar bazarı sıyaqlı túrlerge bólinedi.

http://eduportal.uz

# 9-TEMA BAZARLAR HÁM NÍRQLAR



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerde tovarǵa satıwshı sıpatında nırq belgileń.
2. Usı tovarlarǵa qarıydar sıpatında nırq belgileń.
3. Nırq belgilep atırǵan payıtıńızda nelerge itibar berdińiz?
4. Tovarǵa nırq belgilew ushın sizge qanday maǵlıwmatlar kerek boladı?
5. Dúkanda qandayda bir tovardıń sol payıttaǵı nırqın sorastırıń hám bul tovar ne sebepten bunday nırqta satılıp atırǵanın túsindiriwge urınıp kóriń.

Ótken temada aytqanımızday, bazar qarıydarlar hám satıwshılarǵa tovar hám xızmetlerdi almastırıw imkaniyatın jaratıp beriwshi ortalıq. Nırq qarıydarlar belgili bir tovar yaki xızmettiń bir birligi ushın tóleytuǵın pul muǵdarı boladı. Máselen, bir kilogramm sarımay ushın 30 000 swm, bir qadaq shay ushın 4500 swm, bir dana velosiped ushın 1 2 00 000 swm hám basqalar.

**Nırq** — bir birlik qunınıń puldaǵı sáwlesi.

Nırqlar hár qashan bir-birine salıstırıladı. Hár qılı ónimlerdiń nırqların salıstırıw arqalı tutınıwshılar olardı satıp aladı. Hár túrli resurslardıń nırqların

http://eduportal.uz

salıstırıw arqalı firmalar belgili bir tovar hám xızmetlerdi satıp aladı. Hár túrli bazarlardaǵı nırqlardı óz ara salıstırıp, satıwshılar tovarlardıń nırqın anıqlaw imkaniyatına iye boladı. Usı taqılette, ekonomikanıń úsh tiykarǵı sorawlarına juwap beredi.

**Ne islep shıǵarıw kerek?**

Eń kóp payda keltiretuǵın tovar hám xızmetlerdi islep shıǵarıw kerek.

**Qalay islep shıǵarıw kerek?**

Ilajı barınsha kemirek qárejet penen islep shıǵarıw kerek.

**Kim ushın islep shıǵarıw kerek?**

Usı tovarǵa zárúrligi bar hám belgilengen nırqta pul tólewge shaması keletuǵın adam ushın islep shıǵarıw kerek.

Óz ara bir-birine baylanıslı bazar nırqı orayda jobalastırmay yaki jeke menshik islep shıǵarıwshılar hám qarıydarlardıń sheshmlerin tikkeley qadaǵalamay turıp, kóp tovar hám xızmetlerdi qálegen payıtta, qálegen muǵdarda islep shıǵarıw hám jetkerip beriwdi ańlaw júdá áhmietli boladı. Bul qubılıs nırqlardıń bazar sistemasında úsh tiykarǵı wazıypanı orınlawınan payda boladı: 1) xabar beriw wazıypası; 2) xoshametlew wazıypası; 3) bólistiriw wazıypası.

**Qádiriyatlar!**

Hesh itibar bergensiz be, hár qashan bir nárse satıp alsaq, ıqtıyarsız túrde onıń basqa satıwshılardaǵı nırqın sorastıramız. Buyımnıń nırqı haqqındaǵı bul maǵlıwmat bizge ne ushın kerek?

Nırqlar hám olar ortasındaǵı qatnaslar bazar sistemasındaǵı tutınıwshılar, islep shıǵarıwshılar hám resurs ielerin ne, qansha muǵdarda satıp alıw kerekligi haqqında sheshim qabıllaw ushın zárúr bolǵan tiykarǵı maǵlıwmat penen támiyinleydi. Nırqlardıń xabar beriw wazıypasınıń áhmietin tolıq túsinip alıw ushın tómendegi jaǵdaydı kóz aldıńızǵa keltiriń: Supermarkette sawda islep atırsız. Tekshelerdegi buyımlardıń birewininde nırqı kórsetilmegen; Yaki eki jumıstıń birewin olarǵa tólenetuǵın is haqını bilmey turıp tańlawdı oylań. Yaki boyawshılar jumısı ushın qansha sorawı, boyaw, boyaw qálemi (kist) hám basqa da materiallardıń nırqları haqqında hesh qanday maǵlıwmatqa iye bolmay turıp, boyawshını jallaw yaki usı jumıstı ózińiz orınlay alıwıńız haqqında sheshim qabıllawǵa umtılıp atırǵanıńızdı oylap kóriń. Bul jaǵdaylardıń hár birinde nırq haqqında maǵlıwmatqa ie bolmay turıp, bir sheshimge keliw júdá qıyın boladı.

http://eduportal.uz

Nırqlardıń ózgeriwi bazar ekonomikasında resurslardı kóshiriw yaki qayta bólistiriw ushın básekiler payda etedi. Soya ósimliginiń nırqı mákkeniń nırqına salıstırǵanda artıwı fermerlerdi kóbirek soya ósimligi hám kemirek mákke egiwge iytermeleydi. Huqıqtanıwshılardıń aylıǵı esapshılarǵa salıstırǵanda kemligi, azıraq adamlardıń huqıqtı hám kóbirek adamlardıń buxgalteriyanı úyreniwine sebep boladı. Erkin bazarda paydanıń artıwı resurslardı qatnastıradı hám usı payıtta zıyannıń artıwı buǵan qarama-qarsı nátiyjege sebep boladı. Payda ekonomikalıq turmıstıń jasıl shıraǵı, zıyan bolsa qızıl shıraǵı. Jaqsı isleytuǵın jol háreketin qadaǵalaw sistemasıda jasıl da, qızıl da reńlerdiń bolıwın talap etkenindey, jaqsı isleytuǵın bazar sisteması ushın paydanıń da, zıyannıń da bar bolıwı zárúr boladı. Joqarıda keltirilgen mısallardıń hár birinde nırqlardıń básekilesiw wazıypası sáwlelenedi.

Nırqlardıń jáne bir zárúr wazıypası — bul olardıń bólistiriw wazıypası. Basqa jay-jaǵdaylar ózgermey, qanday da bir tovardıń nırqı artsa, adamlar Onı kemirek satıp alıwǵa háreket etedi, kerisinshe, nırq qanshama pás bolsa, adamlardıń usı tovardı satıp alıw tilegi artadı. Nırqlar quralında bazarda jetispewshi resurslar, olar ushın pul tólew tilegi hám qábileti eń joqarı bolǵan tutınıwshılar arasında bólistiriledi. Qala orayındaǵı imarat iesi Onı ofis imaratı ushın ijaraǵa bergende, garaj yaki sklad ushın bergendegige salıstırǵanda kóbirek ijara haqı alıw imkaniyatına ie bolsa, demek, onnan ofis imaratı ushın paydalanadı. Egerde 50000 adam 5000 adamlıq zalda ótkeriliwi gózlengen kontsertti tamasha etiwdi qálese, biletlerdiń nırqı tek 5000 adam tóley alǵanǵa shekem artıwı múmkin, qalǵan 45000 adam bilet nırqı qımbat bolǵanı ushın koncertti tamasha qıla almaydı.

Adam Smit bazar sisteması tovarlarǵa hesh kimniń aralasıwısız «ádil» nırqlardı ornata aladı dep esaplaǵan. Ol barlıq tovarlar óziniń haqiyqiy nırqına iye bolıp bul nırq usı tovardı islep shıǵarıwshıǵa ketken say háreketlerine baylanıslı dep esaplaǵan. Onıń pikirinshe tovar islep shıǵarıw ushın isletiletuǵın jer ushın renta kórinisindegi haqı tóleniwi lazım. Sol tovardı islep shıǵarıw ushın jumsalǵan kapitaldan paydalanǵanı ushın da huqıqıy muǵdardaǵı haqı tólewi kerek boladı. Jumsalǵan jumısshı kúshi ushın is haqı tóleniwi kerek.

Adam Smit pikirinshe, mine bul qárejetler tovar nırqın qáliplestiredi. Biraq nırq geypara jaǵdaylarda bir qansha ózgeriwi múmkin, mısalı jetispewshilik júz bergen jaǵdayda dep esaplaǵan.



**Adam Smit**
(1723—1790)

Shotlandiyalıq ekonomist alım Adam Smitti kópshilik zamanagóy ekonomika tiykarshısı dep esaplaydı. Ol óziniń «Xalıqlar baylıǵınıń tábiyati hám sebepleri haqqında dálillew» atlı shiǵarması hám basqa shiǵarmaları menen ekonomika páni rawajlanıwına úlken úles qosqan.

Adam Smit pikiri boyınsha, millet baylıǵı islep shiǵariw kólemine baylanıslı. Ol ekonomikalıq iskerligine mámleket aralasıwın keskin kemeytiriw tárepteri bolǵan. Ol ekonomikalıq reformanıń eń tiykarǵı dep materiallıq mápdarlıqti kórsetken. Ekonomika pánine «kórinbes qol» terminin kiritken.

Hár qanday ilep shiǵariwidiń birden-bir deregi hám maqseti paydalanıw. (A.Smit)

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Tovardıń nırqı dep nege aytıladı?
2. Bazarda qanday da bir nárse satıp alıp atırǵanıńızdaǵı is-háreketińizdi aytıp beriń. Ne ushın birinshi dus kelgen satıwshıdan satıp almaysız?
3. Bazar ekonomikası sharayatında nırq qanday wazıypalardı orınlaydı?
4. Bazarda tovar nırqı: a) satıwshılarǵa; b) qarıydarlarǵa qanday maǵlıwmat beredi?
5. Nırqtıń xabar beriwi, xoshametlew hám bólistiriw wazıypaların anıq mısallarda túsindiriń.
6. Islep shıǵarıwshılar ushın payda hám zıyan neden xabar beredi.
7. Siz Adam Smittiń pikirine tolıq qosilasızba
9. Adam Smittin dáwirindegi ham hazirgi zamandagı shariyattıń maslap, hazirgi zamandagı nırqlardın ózgeriwine jane neler taris qılıwı múmkin ekenligin sanap berin.

**Bunı yadta saqlań!**

- Nırq tovar bahasınıń puldaǵı muǵdarı.
- Bazar ekonomikası sharayatında nırq xabar beriw, xoshametlew hám bólistiriw wazıypaların orınlaydı hám ekonomikanıń úsh tiykarǵı sorawlarına juwap beredi.
- Bazar sistemasında nırq tutınıwshı hám islep shıǵarıwshılarǵa tovardı islep shıǵarıw hám bólistiriw boyınsha qımbatlı maǵlıwmat beredi.

http://eduportal.uz

# 10-TEMA BAZAR QATNASÍWSHÍLARÍ




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1- 1 súwrettegi zabod hám 3-súwrettegi muzika mektebi mámleketke tiyisli. 2- súwrettegi favrika jeke isbilermenge tiyisli. Hár bir shańaraqtıń óz xojalıǵı, óziniń kishi ekonomikası bar. Sonıń ushın hám ekonomika páninde shańaraq haqqında gap etilgendey «Úy xojalıǵı termini» isletiledi.

1. Mámleket muzika mektebin quriw ushın materiallardı, jumısshı kushi hám onıń ushın qurılmalardı qay jerden aladı? Ol jerde isleytuǵın oqıtıwshı hám islewshiler qáytip jumısqa jóneltiriledi?
2. Toqımashılıq favrikası shiyki zattı hám jumısshı kúshin qay jerden aladı? Ol óziniń ónimlerin qay jerde satadı.
3. Mámleket óz zavodı ushın jumısshı kúshin qay jerden jallaydı hám óz ónimlerin qay jerde satadı?
4. Úy xojalıǵı ózine tutınıw ushın tovarlardı qay jerden aladı. Úy xojalıǵı jumısshı kúshi bazarında ne usınıs qıla aladı?

Juwaplarıńızda bazar atamasın qollawdı yadıńızdan shıǵarmań. Súwretlerdegi obyektlerdiń jumısshı kúshi, shiyki zat, material, úskeneler hám jumısshı kúshi menen támiynleniwde, ónimlerdi satıwda bazardıń áhimiyeti haqqında sóylep beriń.

http://eduportal.uz

*Islep shıǵarıwshılar* — tovar hám xızmetlerdi isleytuǵın kárxanalar. Olar bir tárepten tábiyiy resurslardı, islep shıǵarıw quralların, jumısshı kúshin bazardan satıp alıp qarıydar sıpatında qatnassa, ekinshi tárepten islep shıǵarǵan tovar hám xızmetlerin, ózine tiyisli múlkti bazarda satıp, satıwshı sıpatında qatnasadı. Mısalı, un zavodı ózine kerekli imarat, digirman úskeneleri, biyday hám jumısshı kúshin bazardan satıp aladı, yaǵnıy bazarda qarıydar sıpatında qatnasadı. Sonıń menen birge, biydaydan un islep shıǵarıp, Onı bazarda satadı. Yaǵnıy bazarda satıwshı sıpatında da qatnasadı.

**Islep shıǵarıwshılar** — tovar hám xızmetlerdi jaratatuǵın kárxanalar.

*Tutınıwshılar* — xalıq, shańaraq, xojalıqlar ózleri ushın kerekli xızmetlerdi, tutınıw tovarların hám hár túrli múlklerdi qarıydar sıpatında bazardan satıp aladı. Ekinshi tárepten, xalıq ózine tiyisli múlkti bazarda satadı. Sonday-aq, adamlar hár túrli kárxanalarda miynet etip, ornına is haqı aladı, yaǵnıy satıwshı sıpatında óziniń kúshin satadı. Demek, tutınıwshılar — xalıq hám xojalıqlar bazarda hám qarıydar, hám tutınıwshı sıpatında qatnasadı eken.

**Tutınıwshılar** — jaratılǵan tovar hám xızmetlerdi tikkeley tutınıwshı yamasa olardan paydalanıwshılar. Tutınıwshılar tiykarınan óz shańaraǵı menen kún keshirgeni ushın, olardı basqasha shańaraq xojalıq dep te ataydı.

Bazarda mámleket (húkimet) jámiyettiń basqarıw organı, tábiyiy resurslardıń iyesi sıpatında ayırıqsha orın tutadı. Sol sebepli, mámleket bazardıń úshinshi qatnasıwshısı sıpatında ayırıp kórsetiledi. Mámleket bir tárepten tábiyiy resurslardı, mámleketlik basqarma hám mákemeleriniń xızmetlerin, hár túrli mámleketlik kárxanalarda islep shıǵarılǵan tovarlardı, mámleket múlkin satsa, ekinshi tárepten mámleketlik kárxanalar zárúrlikleri ushın bazardan tovar, xızmet hám jumısshı kúshin satıp aladı. Mámleket xalıq hám kárxanalarǵa óz keńse hám mákemeleri arqalı kórsetken xızmeti ushın hár túrli májbúriy tólem, salıq kórinisinde de haqı óndirip aladı. Mısalı, bılay qaraǵanda xalıqqa biypul medicinalıq xızmet kórsetilip atırǵanday kórinedi. Negizinde bul xızmet ushın hár birimiz dáramatımızdan uslap qalınatuǵın salıq kórinisinde haqı tóleymiz.

Bazardıń hár úsh qatnasıwshısı — mámleket, islep shıǵarıwshılar hám tutınıwshılar bazar arqalı bir-birine pul qarız beredi hámde aladı, bir-biri menen qımbat bahalı qaǵazlardi aladı hám satadı. Usı tiykarda, bazardıń hár úsh qatnasıwshısı arasında aldı-sattı process sadır boladı, bazardı dáwirlik ráwishte háreketke keltirip turadı.

Kimler qatnaspasın, bazardıń tiykarǵı wazıypası — bul satıwshı menen tutınıwshı menen ortasındaǵı aldı-sattı qatnasıqların shólkemlestiriwshi bolıp qala beredı. Yaǵnıy, bazar — bul pul arqalı ámelge asırılatuǵın tovar hám xızmetler aldı-sattı pitimleriniń toplamı esaplanadı. Ekonomikalıq qatnasıqlardıń bunday kóriniwinen bazardaǵı bir pitim boyınsha tovar — pul qatnasıqlardıń eń ápiwayi formulasın keltirip shıǵarıw múmkin:

**SATÍWSHÍ — TOVAR — PUL — TUTÍNÍWSHÍ**

Bul formula bazar «hujayra, ketekshe»siniń dúziliwin sáwlelendiredi. Bazardıń pútin «organizmi» bolsa mine usınday «kletkalar»dan payda bolǵan. Demek, bazar sharayatındaǵı tovar qatnasıqları hám joqarıdaǵı formulaǵa uqsaǵan baylanıslardan ibarat.

Bazar qatnasıwshıları bolǵan mámleket, óndiriwshiler hám shańaraq-xojalıq (tutınıwshılar) bazardan bir nárse satıp aladı hám bir nárseni satadı. Sol sebepli, bazarda resurslar, tovarlar, xızmetler hám pul qarjıları tınbay hárekette bolıp, aylanıp turadı.




Úy xojalıqları, yaǵnıy tutınıwshılar ózlerine tiyisli múlkti, jumısshı kúshin, is haqı, aylıq, payız tólewi hám payda usı sıyaqlı pul dáramatları ornına mámleketke, islep shıǵarıwshı firma hám kárxanalarǵa satadı. Alınǵan dáramatqa bolsa, óz zárúrliklerin qanaatlandırıw ushın bazardan kerekli xızmetlerdi, tutınıw tovarların hám hár túrli múlklerdi satıp aladı.

http://eduportal.uz

Óz náwbetinde mámleket bul pulǵa ózi ushın kerekli tovar hám xızmetlerdi óndiriwshiler hám úy xojalıqlarınan satıp aladı. Óndiriwshiler bolsa úy xojalıqlarınan alǵan pulǵa jáne xalıqtan hám mámleketten kerekli resurslardı satıp aladı hám basqa. Solay etip, ekonomikada resurslar, tovarlar, xızmetler hám pul qarjıları tınbay aylanıp turadı.

Bazar wazıypaların ámelge asırıwda tikkeley qatnaspastan, oǵan járdem beriwshi, xızmet kórsetiwshi kárxana, shólkem hám mákemelerdiń hámmesi bir atama — bazar infrastrukturası dep ataladı. Bazar infrastrukturasına bankler, qamsızlandırıw kompaniyaları, tovar, qor hám basqa túrdegi birjalar, sawda úyleri, bajıxana basqarmaları, esap-sanaq, finans, huqıqıy másláhat xızmetin kórsetetuǵın hár túrli shólkemler, hár túrli arnawlı sawdalardı shólkemlestiriwshi mákemeler hám shólkemler kiredi.

**Bazar infrastrukturası** — bazardıń wazıypaların ámelge asırıwda tikkeley qatnaspastan, oǵan járdem beretuǵın, xızmet kórsetiwshi kárxana, shólkem hám mákemeler.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Bazar qatnasıwshıların táriplep beriń.
2. Mámleket múlkin únemlew hám saqlaw eń dáslep kim ushın áhmiyetli?
3. Shańaraǵıńız mısalında bazardan, ádette, ne satıp alıp atırǵanıńızdı hám ne satıp atırǵanıńızdı aytıp beriń.
4. Bazar sharayatında tovar-pul múnásibetleri haqqında aytıp beriń.
5. Ekonomikada resurs, tovar, xızmet hám pul qarjılarınıń aylanıp turıwın túsindirip beriń.
6. Búgingi kúnde mámleketimizdegi bazar infrastrukturası haqqında neler bilesiz? Pikirińizdi turmıstan alınǵan mısallar járdeminde túsindiriwge háreket jetiń.

**Bunı yadta saqlań!**

- Mámleket, islep shıǵarıwshılar hám shańaraq — úy xojalıqları bazar qatnasıwshıları esaplanadı.
- Bazarda mámleket, óndiriwshiler, tutınıwshılar arasında resurs, tovar, xızmet hám pul qarjıları dáwirli túrde aylanıp turadı.

## ERKIN ISKERLIK

# TIKKELEY TÓLEM XÍZMETLERI





Kompyuter texnologiyalariniń rawajlanıwı nátiyjesinde házirde plastik kartalar tólew quralları sıpatında qollanılıp atır. Plastik kartalar zamanagóy tólew quralı esaplanadı. Kartalar elektron qurılma bolıp, oǵan pul iyesi, pul muǵdari hám qaysı bankte saqlanıp atırǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar kiritilgen boladı. Plastik karta arnawlı qurılma (terminal)ǵa jalǵanıp, zárúr pul muǵdarı tutınıwshınıń banktegı esap betinen tólewdi qabıl qılıp atırǵan shólkem esabına ótkeriledi. Kartadan basqalar paydalanıwdıń aldın alıw maqsetinde ol karta iyesi tárepinen «gilt» — arnawlı kod penen qorǵalǵan boladı hám onı tek usı «gilt» ti bilgen ǵana ashıwı múmkin.

Sonday-aq, plastik kartalardaǵı pulıńızdı kerek bolǵanda bankomat depa atalıwshı qurılmalardan paydalanıp naq pulǵa aylandırıp alıwıńız múmkin.

Plastik kartalar menen tólemlerdi ámelge asırıw búgingi kúnde hár bir puqara ushın ádetiy halǵa aylanıp barmaqta. Buǵan sebep olar qarıydar ushın qolay tólem quralı ekenligi bolıp, naq pulǵa bolǵan talaptı sezilerli dárejede kemeytiredi. Mámleketimizde plastik kartalar arqalı tek ǵana tólemlerdi ámelge asırıwdı emes, bálkim kredit alıw imkaniyatın hám beredı.



**Qádriyatlar!**

Eramizdan aldıngı IV—III ásir de mámleketimiz aymaǵında altın, gúmis, mıstan draxma hám tetradraxma dep atalǵan teńgeler aylanısa baslaǵan. Bul pullar Termiz, Taxtasangin, Denov, Kampirtepa, Afrosiyobda alıp barılǵan arxeologiya qazılmalar waqtında tabılǵan.

Ekonomika rawajlanıwı hám texnologiyajedallesiwı nátiyjesinde jer júzinde, usı tiykarda Ózbekstanda hám elektron sawda iskerligi rawajlanbaqta. Bul bolsa óz náwbetinde tólemlerdi bankler arqalı izbe-izlik tárizde ámelge asırıwdan mobil, tezlik, isenimli tólemlerge

http://eduportal.uz

ótiwdi talap qıladı. Yağnıy, dástúriy tólew sistemasına úzliksiz, jańa tólew sistemaları jaratılıwı kún talabına aylanbaqta.

Bunday úzliksiz tólew sistemalarinan eń qolayları — bul mobil telefonlar quralında isleytuğın hám barlıq finanslıq talaplarğa mas keletuğın tólew sistemaları esaplanadı.

Bul sistema boyınsha qarıydar tovar yaki xızmet ushın tólewdi ámelge asırıw ushın naq, pul ótkeriw, chek yaki plastik kartadan emes, bálkim óziniń mobil telefonınan paydalanıwı múmkin.

Bunday sistemalardıń payda bolıwı hám rawajlanıwına sebep olardıń hámmebapliği, apıwayı hám isenimli ekenliginde. Bul bolsa óz náwbetinde úlken mobil finanslıq xızmetler bazardıń payda bolıwına sebep bolıp atır.

Bunday sistema quralında hár qanday shaxs banked arnawlı esap nomeri ornına «elektron hamyon» dep atalıwshı elektron esap nomerınde óz pulın saqlawı hám sawıwı múmkin.

Mobil telefon ápiwayı baylanıs hám axborat quralınan naq hám naqsiz puldı saqlaw, ótkeriw, qabıl qılıw, tovar satıp alıw, májbúriy tólemlerdi hám sociallıq tólemlerdi ámelge asırıw quralına aylanıwı hám úzliksiz tólem sistemalarınıń qásiyetlerinen esaplanadı.

O‘zbekstanda bul tarawda sońğı jıllarda úzliksiz say-háreketler ámelge asırılmaqta. Tiykarınan, bul tarawdağa tiyisli nızamshılıq hújjetler qabıl qılınıp atır hám zárúr infradúzilmeler qáliplesip atır. Mobil telefon arqalı kommunal tólemler ámelge asırılıp atırğanı, ayırım xızmetler ushın pul ótkerilip atırğanı hám úzliksiz sistemalar mámleketimizde jolğa qoyılıp atırğanın ańlatadı.

**Qádiriyatlar!**

«Pul — bul qoldıń kiri», «Pul bolsa, changalda sho‘rva» sıyaqlı ańlatpalarğa óz múnásibetleríńizdi bildiriń.

1. Plastik kartalar haqqında nelerdi bilesiz? Olardıń qağaz pullardan parqı hám abzallıqları nede?
2. Úzliksiz tólem sistemalarına mútájlik tuwdırıp atırğanınıń sebebi nede?
3. Mobil telefonlardıń tólew qurılması sıpatında islep atırğannıń sebebi nede dep oylaysız?
4. Shańarağıńızdağı úlkenlerden mobil telefon arqalı qanday tólemlerdi ámelge asırıp alıwın sorap biliń.

http://eduportal.uz

## II BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

### A. SORAWLAR

1. Pul bolmaǵan dáwirlerde ónimlerdi almastırıw procesinde qanday qıyınshılıqlar bolǵanın túsindirip beriń.
2. Har qanday nárse de pul wazıypasın atqara ala ma?
3. Puldıń hár bir wazıypasın anıq kórsetetuǵın turmıslıq mısallar keltiriń.
4. Alıw-satıw procesinen qarıydar da, satıwshı da payda kóriwin talqılap beriń?
5. Bazar bolıwı ushın hár qashan da arnawlı ajıratılǵan orın bolıwı shárt pe? Juwabıńızdı mısallar menen tiykarlań.
6. Bazardıń wazıypaların aytıń hám olardı bazar mısalında túsindirip beriń.
7. Óndiris quralları bazarındaǵı tovardıń nırqlarınıń artıwı tutınıw tovarları bazarındaǵı tovar nırqına qanday tásir kórsetedi?
8. Óndiris qurallari bazarı tutınıw tovarları bazarı menen uqsas hám ózgeshe táreplerin sanap beriń?
9. Mámleket bazardan nelerdi satıp aladı hám nelerdi satadı?
10. Ekonomikada resurslar, tovarlar, xızmetler hám pul qárejetleri aylanıp turıwın hár qıylı mısallar járdeminde túsindirip beriń.

### B. TAPSÍRMALAR

Hárbir atamaǵa mas talqılawdı tabıń.

**ATAMALAR:**

1. Almastırıw.
2. Pul.
3. Nırq.
4. Bazar.
5. Tutınıw tovarları bazarı.
6. Bazar qatnasıwshıları.
7. Islep shıǵarıw qurallar bazarı.
8. Islep shıǵarıwshılar..
9. Tutınıwshılar.
10. Qımbatbahalı qaǵaz.
11. Miynet birjasi.
12. Bazar infrastrukturası.

**TALQÍLAWLAR:**

a) xalıq, úy xojalıqlarınıń mútájliklerın qandıratuǵın hám tikkeley paydalanatuǵın tovar hámde xızmetler bazarı;
b) tovar hám xızmetler ushın tólewdi ámelge asırıwǵa móljellengen, arnawlı ayırbaslaw quralı.

http://eduportal.uz

d) kárxana hám jumıs izlep júrgen adamlar arasında dáldalshılıq xızmetin alıp baratuǵın shólkem;
e) bir ónimdisatıw, satıp alıw yamasa basqasına almastırıw;
f) qarıydar hám satıwshılar alıw-satıw procesin ámelge asırıw ushın ushırasatuǵın jer;
g) bir birlik tovar qunınıń puldaǵı kórinisi;
h) belgili bir muǵdardaǵı qarjıǵa (yaki múlkke) ielik etiwdi yaki oǵan qaraǵandaǵı qatnastı tastıyıqlawshı arnawlı pul;
i) tovar hám xızmetlerden paydalanıwshı (tutınıwshı) úy xojalıqları;
j) kárxana hám firmalar talapları ushın kerekli tovar hám xızmetler satılatuǵın bazar;
k) tovar hám xızmetlerdi jaratatuǵın kárxanalar;
e) mámleket, óndiriwshiler hám úy xojalıqları;
f) bazaar wazıypaların ámelge asırıwda tikkeley qatnaspastan, oǵan járdem beriwshi, xızmet kórsetiwshi kárxana, shólkem hám mekemeler.

## D. TESTLER

**1. Negizinde almastırıw ...**
A. bir tárep ushın paydalı, ekinshi tárep ushın paydasız boladı.
B. hár eki tárep ushın da paydalı boladı.
D. qanday tovarlar almastırılıp atırǵanına qarap, hár eki tárep ushın da paydalı boladı.
E. qanday tovar almastırılıp atırǵanına qarap hár eki tárep ushın da paydasız boladı.

**2. Bazar — bul ...**
A. satıwshı hám qarıydar ushırasatuǵın jer.
B. tovar hám xızmetler almastırılatuǵın jer.
D. óndiriwshini tutınıwshı menen baylanıstıratuǵın qural.
E. nadurıs juwap joq.

**3. Tovardıń nırqı bul ...**
A. satıwshınıń tovar ushın almaqshı bolǵan pul muǵdarı.
B. tovardı islep shıǵarıw ushın sarplanatuǵın jámi qárejet muǵdarı
D. tovardı islep shıǵarıw, saqlaw hám satıw ushın sarplanatuǵın jámi pul muǵdarı.
E. bir birlik qunınıń puldaǵı kórinisi.

http://eduportal.uz

**4. Anvar magnitofondı 2.000.000 swmǵa satıp, onıń 1.500.000 swmına amanat bankine qoydı hám qalǵan pulına tufli satıp aldı. Bul jaǵdayda pul qanday wazıypanı atqardı?**

A. ólshew hám toplaw quralı.
B. aylanıs hám ólshew quralı.
D. aylanıs hám toplaw quralı.
E. ólshew, toplaw hám aylanıs quralı.

**5. Tutınıw tovarları qanday maqsette paydalanıladı?**

A. stanoklar islep shıǵarıw;
B. basqa ónimlerdi islep shıǵarıw hám qayta islew;
D. xalıqhám úy xojalıqlarınıń talapların qanaatlandırıw;
E. awıl xojalıǵı ónimlerin jetilistiriw.

**6. Óndiris quralları nege xızmet etedi?**

A. óndiris stanokların ońlaw.
B. kárxanada shiyki zatqa islew berip, ónim islep shıǵarıw.
D. bazarda satıw ushın
E. óndiristi shiyki zat penen támiyinlew.

**7. Bazarda ...**

A. mudamı satıwshınıń dárejesi qarıydarǵa qaraǵanda joqarı boladı.
B. mudamı qarıydardıń dárejesi satıwshıǵa qaraǵanda joqarı boladı.
D. mudamı satıwshı hám qarıydardıń qárejetleri teń boladı.
E. satıwshınıń qarıydarǵa salıstırǵanda dárejesin anıqlap bolmaydı.

**8. Akciyalar qaysı bazarda satıladı?**

A. óndiris qurallar bazarında.
B. finans bazarında.
D. miynet bazarında.
E. intellektual tovarlar bazarında.

**9. Ekonomikada ... tınbay aylanıp turadı?**

A. pul qarjıları.
B. pul qarjıları hám tovarlar.
D. tovar hám xızmetler.
E. resurs, tovar, xızmet hám pul qarjıları.

**10. Pul qanday qásiyetlerge iye bolıwı kerek?**

A. qolaylı hám ıqsham.
B. bekkem hám turaqlı.
D. qálbekilestiriw qıyın.
E. joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

http://eduportal.uz

***Xalqımızdıń turmıs dárejesin joqarılatıw ushın miynetke ılayıqlı haq tólew sistemasın qáliplestiriw hám xalıqtıń real dáramatların asırıwımız zárúr.***

***Shavkat Mirziyoyev***




# III bap. Shańaraq-úy xojalıqları ekonomikası













http://eduportal.uz

# 11-TEMA
# TUTÍNÍWSHÍLARDÍŃ DÁRAMATLARÍ HÁM QÁREJET TÚRLERI



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwrettegi shańaraqtıń qanday daramatları bolıwı múmkin dep oylaysız?
2. Bul shańaraq jaqsı turmıs keshiriw ushın bir ay dawamında qanday qárejetler qılıw kerek.
3. Shańaraqtıń hár bir aǵzası tutınıwshı sıpatında óz qálewlerin ayrıqsha ózi tolıq qandıra aladıma? Bunıń ushın oǵan neler jepesligi múmkin?
4. Shańaraqqa xojallıq júritiw ushın hár bir aǵzasınıń jeke qárejetlerinen tısqarı jáne qanday ulıwmalıq qárejetler zárúr boladı dep oylaysız?

Tutınıwshı — bul túrli tovar hám xızmetlerdı óz jeke yakı shańaraq mútájlikleri ushın satıp alıwshı yakı buyırtpa beriwshi shaxs. Bunda tutınıwshı sıpatında ayrıqsha alınǵan puqaradan tısqarı pútin bir shańaraqti hám názerde tutadı. Tutınıwshı sıpatında qaralǵanda ekonomikada shańaraq túsinigi ornına kóbinese úy xojalıǵı túsinigi isletiledi.

Adamnıń belgili bir waqıtta (bir ayda yamasa bir jılda) islep tapqan yaki qolına kirgizgen barlıq materiallıq hám pul túsimleri dáramat dep ataladı. Dáramat tikkeley miynet arqalı yamasa qanday da bir múlk (baylıq) ti qollanıw esabınan alınıwı múmkin. Bul sabaqta dáramattıń tikkeley miynet esabınan alınatuǵın túri haqqında toqtaymız. Is haqı tikkeley miynet esabınan alınatuǵın dáramat bolıp, ol tutınıwshılar dáramatınıń tiykarǵı bólegin quraydı.

Is haqınıń tómendegi túrleri bolıwı múmkin.

— jumısshınıń tayarlaǵan óniminiń muǵdarına yamasa islegen jumısına qarap tólenetuǵın pul muǵdarı — *miynetli is haqı*.

http://eduportal.uz

— jumıwsshınıń islegen waqtı muǵdarına qarap tólenetuǵın pul muǵdarı — *waqıtlı is haqı. Bir ayǵa tolıq belgilengen waqıtlı is qolhaqı — aylıq is haqı.*

Mámleket shólkemlerinde islewshiler, tiykarınan aylıq is haqı kórinisindegi is haqı aladı. Zavod hám fabrikalardıń jumısshılarına kóbinese miynetli is haqı belgilenedi. Oqıtıwshılar, ádette, ótken saatları ushın waqıtlı is haqı aladı. Sonday-aq, geypara kárxana hám shólkemlerde aralas kórinisindegi is haqı belgilenedi, yaǵnıy jumısshılarǵa qatań aylıq is haqı belgilenip, orınlanǵan jumıs kólemine baylanıslı túrde qosımsha miynet haqı da belgilenedi.

Shańaraq dáramatları bárqulla pul kórinisinde bola bermeydi. Mısalı, shańaraq óz qıytaq jerinde palız eginlerin jetistirip, ózleri paydalanadı. Bunıń menen olar tikkeley ónim kórinisindegi dáramattı ózlestirip atır.

Qarıydarlar hár ayda kekselik pensiyasın aladı. Stipendiya studentlerge oqıw dawamında, napaqalar bolsa jumıssızlıq, kesellik yaki basqa sebeplerge qaray waqıtsha isley almaytuǵın adamlarǵa, kópbalalı yaki kem támiyinlengen shańaraqlarǵa mámleket hám kárxanalar tárepinen beriletuǵın járdem pul bolıp tabıladı.

Mámleket tárepinen beriletuǵın járdem pulların basqasha *sociallıq transfertler* dep te ataydı.

**Is haqı** — kárxana tárepinen jallanıp islep atırǵan xızmetkerge atqarǵan jumısı ushın tólenetuǵın pul.

**Miynetli is haqı** — jumısshıǵa tayarlanǵan ónim muǵdarına qarap tólenetuǵın pul muǵdarı.

**Waqıtlı is haqı** — jumısshıǵa islegen waqıtına qarap tólenetuǵın pul muǵdarı.

**Aylıq is haqı** — jumısshıǵa bir ay dawamındaǵı miyneti ushın qatań belgilengen pul muǵdarı.

**Dáramat** — adamnıń (shańaraqtıń) belgili bir waqıtta islep tapqan yaki qolǵa kirgizgen barlıq materiallıq hám pul túsimleri.

Hár bir insan turmıs keshiriw ushın ol qansheli dárejede qárejet qılıwına tuwrı keledı. Máselen, azıq-awqat, kiyim-kenshek, jeke gigiyena tovarları hám t.b. shańaraq aǵzalarınıń jeke qárejetlerinen tısqarı shańaraqta xojalıq júritiw ushın ulıwmalıq qárejetlerdi hám ámelge asırıw zárúrligi hám bar. Máselen, úydi úskenelew, birgelikte dem alıw, avtomobil satıp alıw hám t.b.

Tutınıw qárejetlerin eki túrge bóliw múmkin: májbúriy qárejetler hám erkin qárejetler. *Májbúriy qárejetler* — kúndelikli turmısta olarsız

jasap bolmaytuǵın birinshi qárejetler. Oǵan azıq-awqat zatları, turmıs xızmeti, kiyim-kenshek hám transportqa ketken qárejetler kiredi. Bir kisi qárejeti ushın bir ayda sarıplanatuǵın májbúriy qárejetler muǵdarı shártli ráwishte **tutınıw sebeti** dep júritiledi. Májbúriy qárejetlerden tısqarı tutınıw qárejetleri — *erkin qárejetler* qatarına kiredi. Erkin qárejetlerge mısal qılıp zergerlik buyımları, qımbat bahalı úy úskeneleri, jeke avtomobil hám usı sıyaqlılarǵa sarıplanatuǵın qárejetlerdi keltiriw múmkin. Eger shańaraqtıń dáramatı májbúriy qárejetlerden aspasa, onıń erkin qárejetlerine qarjısı qalmaydı. Shańaraqtıń daramatları qansha kóp bolsa, onıń sonsha az bólegi azıq-awqatqa hám basqa májbúriy qárejetlerge jumsaladı. Bul nızamlılıqtı nemis ekonomisti Ernest Engel tapqan.

**Májbúriy qárejetler** — kúndelikli turmısta olarsız jasap bolmaytuǵın birinshi qárejetler.

**Erkin qárejetler** — qanaatlandırılıwı birlemshi bolmaǵan zárúrlikler ushın qárejetler.

**Tuttınıwshılar seveti** — bir kisi tuttınıwı ushın birayda jumsalatuǵın májburiy qárejetler muǵdarı.

Arnawlı shańaraq — úy xojalıǵı tutınıwshısı sıpatında qaraladı. Onıń dáramat hám qárejetleri teńlestiriw ushın arnawlı keste dúziledi. Bul keste shańaraq byudjeti dep júritiledi.

| Shańaraqtıń dáramat túrleri | Sumda | Procentte | Shańaraqtıń qárejet túrleri | Sumda | Procentte |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. Atasınıń is haqı | 1 750 000 | 35 | 1. Azıq-awqat ónimleri | 1 200 000 | 30 |
| 2. Anasınıń aylıǵı | 1 250 000 | 25 | 2. Kiyim-kenshek | 600 000 | 15 |
| 3. Ijara haqı | 500 000 | 10 | 3. Transport qárejetleri | 160 000 | 4 |
| 4. Babasınıń pensiyası | 750 000 | 15 | 4. Úy-jay ushın tólew | 320 000 | 8 |
| 5. Ájesiniń pensiyası | 500 000 | 10 | 5. Texnikalıq xızmet ushın tólew | 240 000 | 6 |
| 6. Amanat procenti | 250 000 | 5 | 6. Úy-ruwzıger malları | 200 000 | 5 |
| | | | 7. Mádeniy dem alıw | 280 000 | 7 |
| | | | 8. Salıqlar | 600 000 | 15 |
| | | | 9. Basqa qárejetler | 400 000 | 10 |
| Jámi: | 5 000 000 | 100% | Jámi: | 4 000 000 | 100 % |

**Shańaraq byudjeti** — shańaraqtıń málim dáwirdegi daramat orayları hám qárejertleri keltirilgen finanslıq reje.

Shańaraqtıń dáramatları qárejetlerden joqardaǵı kestede keltirilgenindey kóbirek bolsa, — bul jaqsı. Shańaraq artıp qalǵan qárejetti jámlewi yaki keyingi dáwirde qosımsha qárejetler ushın isletiliwi múmkin. Kerisinshe,



http://eduportal.uz

qárejetler daramatlardan kóp bolsa, bul jaman. Shańaraq jetpegen qárejetti qarız yakı kerekli nárseni satıw esabınan qaplawı lazım boladı.

**Qádriyatlar!**

Xalqımızdıń «Dáramatqa qarap shıǵını» degen maqalın qalay túsinesiz?

Nemis statisti Ernest Engeldiń kóp jıllıq izleniwleri shańaraq dáramatlarınıń artıwı menen shańaraqtıń qárejetleriniń quramı wózgeredi degen juwmaqqa keldi. Shańaraq dáramatlarınıń muǵdarı artqanda jámi qárejetlerge salıstırǵanda azıq-awqatlarǵa jumsalatuǵın qárejetlerlerdiń salmaǵı kemeyedi, kiyim-kenshek, úy-jay hám energiya dáreklerine jumsalatuǵın qárejetler salm,aǵı ózgerissiz qaladı, mádeniy hám materiallıq qárejetler salmaǵı bolsa artıp baradı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Tutınıwshı sıpatında siz qaysı qásietlerge iyesiz.
2. Tutınıwshınıń háreketine sheklengenlik mashqalası qanday tásir kórsetedi.
3. Tuttınıwshınıń dáramatlar degende neni túsinesiz qárejetleri degende ne?
4. Tuttınıwhının qandey qanday daramat derekleri bolıwı múmkin.
5. Is haqını aylıq is haqı, waqtına ham islegen jumısına qaray beriletuǵın is haqı ham aralas is haqı kórinisinde alatugin kasip ielerinin har birine islewden mısal keltirin.
6. Xojalıq qarejetlerin májbúriy hám erkin qárejetlerge ajiratıń.
7. Oqıtıwshılarǵa qaysı túrdegi is haqı belgileniwi hám onıń muǵdarı qay tártıptegi esaqplanıwın izlenıp biliń.
8. Engel nızamınıń túsinigin turmıslıq mısallar járdeminde túsindirip beriń. Materiallıq hám materiallıq emes qárejetler salmaǵı artıp barıwın túsindirip beriwge háreket qılıń.

**Bunı yadta saqlań!**

• Hár shańaraq óz byudjetin dúzip, túsetugın dáramatlarına qarap qarejetlerdi ámelge asırsa maqsetke muwapıq boladı.

• Tutınıwshılardıń birinshi — qanaatlandırılıwı májbúriy bolǵan hám ekinshi — qanaatlandırılıwı erkin bolǵan qarjıları boladı.

• Bazarda tutınıwshı tómendegi úsh qaǵıydaǵa boysınadı:

1. Tutınıwshınıń dáramatı sheklengen, ol bazarda ilajı barınsha ózin únemli, racional tutıwǵa háreket etedi.

2. Tutınıwshı bazarda óz zárúrliklerin imkanı barınsha tolıq qanaatlandırıp, maksimal payda alıwǵa háreket etedi.



http://eduportal.uz

# 12-TEMA MÚLK HÁM MENSHIKLESTIRIW


Mektep


Úy-jay


Avtobus


Poliklinika


Dárixana


Jer maydanı

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdaǵı súwretlerde kórsetilgen múlklerdiń iyeleri kim bolıwı múmkin?
2. Múlktiń qanday da bir jeke adamǵa tiyisli ekenligi qalay anıqlanadı?
3. Nege mektep kóbinshe mámleketke tiyisli boladı?
4. Mámleketke qaraslı hám jeke menshik poliklinikalar bir-birinen qalayınsha ózgeshelenedi?
5. Birewi mámleketke tiyisli, ekinshi jeke menshik kárxanaǵa tiyisli mikroavtobusta jónelisli tiyisli xızmetin kórsetip atırǵan aydawshılardıń miynet sharayatı arasında qanday ayırmashılıq bar dep oylaysız?

Qaysı bir adamǵa, shańaraqqa tiyisli hár qılı buyımlar hám úy úskeneleri bar. Mısalı, kiyim-kenshek, ayaq kiyim, mebel, mádeniy-turmıslıq hám xojalıq zatları, televizor, suwıtqısh, muzlatqısh, kir juwıwıw mashinaları hám taǵı basqalar. Kópshilik adamlar kvartira, jay, avtomobil, dúkan, asxana sıyaqlı hár túrli islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw kárxanalarına iyelik etedi. Bul hár túrli úy buyımları hám resurslar-múlk, múlkke iyelik etiwshi múlk iyesi dep ataladı. Múlk iyeleri tek bir adam yaki shańaraq ǵana emes, al, firma, kárxana, jámiyetlik shólkemler yaki mámleket bolıwı múmkin. Mısalı, firmaǵa islep shıǵarıwshı imaratlar, mashina-mexanizmler, ásbap-úskeneler, transport quralları hám basqalar tiyisli bolıwı múmkin. Bir *mal-múlkke tolıq iyelik etiw* degende, múlk iyesiniń:

http://eduportal.uz

— usı mal-múlktiń iyesi dep tán alınıwı; — usı mal-múlkten paydalanıwı; — usı mal-múlkti basqarıw, yaǵnıy basqa birewge satıwı, almastırıwı yaki sawǵa etiwi túsiniledi.

Joqarıda aytılǵanlar *múlktiń belgileri* dep te júritiledi.

**Múlk** — adamlar tárepinen ózlestirilgen hám iyelik etiw múmkin bolǵan barlıq zatlar.

**Múlk iyesi** — múlkke iyelik etetuǵın jeke adam.

*Múlk obyektleri* — **bul materiallıq hám ruwxıy zatlar** jer hám jer astı baylıqları, imaratlar, mashinalar, ásbap-úskeneler, tayın zatlar, pul, qımbat bahalı qaǵazlar, sanaat hám adebiy shıǵarmalar, oylap tabıwlar sıyaqlılar.

Múlkke iyelik qılıwshı adamlar — *múlk subyektleri* esaplanadı. Múlk subyektlerine jeke adamlar, shańaraqlar, adamlar toparları yamasa mámleket mısal bola aladı.

Múlktiń jeke, jámáátlik múlk, mámleketlik hám menshik túrleri parıqlanadı.

*Jeke múlk* adamnıń óz shaxsıy zárúrligin qanaatlandırıw maqsetinde iyelik etetuǵın múlk esaplanadı. Mısalı kiyim, portfel, kózáynek hám taǵı basqalar.

Adamlar toparı iyelik etetuǵın múlk bolsa *jámáátlik múlk* dep júritiledi. Mısalı, televizor, gilem, útik usaǵan nárseler pútin shańaraq múlki esaplanadı.

**Ekonomikalıq huqıq tiykarları**

Hár bir jeke adam múlk iyesi bolıwǵa haqlılı.

*Ózbekstan Respublikasınıń Konstitutsiyasınıń, 36-statyası.*

Ekonomika páninde múlktiń mámleketlik hám jeke múlk túrleri keń úyreniledi.

Jer, jer ústi jám jer astı baylıqları, suw, ósimlik hám haywanat dúnyası hám basqada tábiyiy resurslar ulıwma milliy baylıq esaplanadı. Olardan aqılǵa muwapıq paydalanıw kerek hám olar mámleket qorǵawında. Mámleketlik shólkemler, karxana hám mákemelerdiń múlkleri, mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan mádeniy hám tariyxıy baylıqlar, estelikler, mámleketlik byudjet qarjıları, altın qorları, mámlekettiń valyuta fondı hám basqa da mámleketlik byudjet qarjıları esabınan jaratılǵan yamasa satıp alınǵan múlkler mámleketlik múlkti quraydı.

Mámleket múlki bolǵan mal-múlk mámleketke tiyisli bolǵan kárxana, mákeme shólkemlerge xojalıqtı júrgiziw yaki basqarıw ushın biriktirip qoyıladı. Mısalı: mektepke tiyisli barlıq múlk mámleket múlki bolıp onnan paydalanıw huqıqı mektep jámáátine, oǵan iyelik etiw huqıqı rayon hákimiyatına, onı qaramaǵına alıw huqıqı bolsa mámlekettiń arnawlı

shólkemi esaplanıwshı — mámleket aktivlerin basqarıw komitetine berilgen. Mektep múlkinen, imaratınan bilim beriwden basqa maqsette paydalanıw ushın mektep basshıları, mekteptiń iyesi hákimiyattan ruxsat alıwı kerek.

**Mámleketlik múlk** — mámleketlik kárxana hám shólkemlerge tiyisli mal-múlk.

Bazar ekonomikasında eń áhmiyetli múlk — bul jeke múlk.

Jeke múlk jeke adamǵa, jeke shańaraqqa yamasa jeke adamlar jámáátine tiyisli múlk. Bul múlktiń jeke yamasa ápiwayı jámáátlik múlkten tiykarǵı parqı — bul onıń óz iyesine dáramat keltiriw qásiyeti esaplanadı.

Jeke múlktiń iyesi bir neshe jeke adamlar (sonıń ishinde, adamlar, kárxana hám firmalar) bolǵanda múlktenpaydalanıw, iyelik etiw hám qaramaǵına alıw huqıqı usı adamlar arasında belgili kelisim boyınsha bólistirilgen boladı.

Jeke múlk múlktiń eń tiykarǵı forması. Lekin mámleketimizde ǵárezsizligimizge shekem bolǵan jobalı ekonomika sharayatında onıń áhmiyeti joq bolǵan. Bazar ekonomikası sharayatında bolsa onıń áhmiyeti jánede qayta tiklenbekte.

**Jeke múlk** — bir yamasa bir neshe fizikalıq shaxslarǵa tiyisli bolǵan hám múlk iyesi tárepinen dáramat alıw maqsetinde paydalanılatuǵın múlk.

Zatlar — bul múlk iyesi iyelik etetuǵın nárseler, pullar, qımbat bahalı qaǵazlar hám materiallıq huqıqlar. Zatlar huqıqı bolsa basqa birewden bir nárseni yaki xızmetti alıw huqıqı bolıp, ol da múlk iyesine tiyisli boladı.

Zatlarǵa shaxsıy zatlardı, kóshetuǵın hám kóshpeytuǵın múlklerdi, kárxana tovarların mısal etip keltiriw múmkin.

Múlk obyektleriniń ishinde intellektual múlk ózine tánligi menen ajıralıp turadı. Intellektual múlk — bul insan aqılıy miynetiniń ónimi bolıp, oǵan bolǵan múlkke iyelik etiw huqıqı nızam arqalımálim bir waqıtqa sol insanǵa belgilep qoyıladı. Yaǵnıy, bul insannıń ruxsatısız onnan paydalanıw qadaǵan etiledi.

Intellektual múlkke mısal etip tómendegilerdi keltiriw múmkin: ádebiy, publistikalıq, ilimiy shıǵarmalar, ses jazıw, radio, televidenie shıǵarmaları, oylap tabıwlar, kompyuter dástúrleri, tovar belgisi, nou-xau hám basqalar.

Múlk formasın mámleket múlkinen jeke múlkke ózgertiliwi menshiklestiriw dep ataladı. Jeke múlkti mámleket múlkine aylandırıw bolsa nacionalizaciyalaw dep júritiledi. Ǵárezsizlikten aldın respublikamızdaǵı barlıq islep shıǵarıwshı qurallar, zavod hám fabrikalar mámleket qaramaǵında edi. Ǵárezsizlikke eriskenimizden soń bazar ekonomikasına ótiw jolın tańladıq. Kárxanalardıń

kópshiligi jeke múlkke aylandırıldı. Menshiklestiriw nátiyjesinde kishi kárxanalar, dúkanlar, ónermentshilik ustaxanaları, úy-jaylar—jeke múlkke aylandırıldı.

Sońǵı jıllarda mámleketimizde menshiklestiriw procesi keskin jedellesti. Ózbekstan Respublikası Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekini rawajlandırıw mámleketlik komitettiń shólkemlestiriliwi nátiyjesinde menshiklestiriw procesi rawajlanıp bardı. Bunda Ózbekstandaǵı menshiklestiriwdiń tiykarǵı maqseti menshiklestirilgen kárxanalardı modernizaciyalaw, zamanagóy texnologiyalar menen úskenelewge jeke investorlar tárepinen qarjılandırıw jánede import ornın basıwshı hám eksport talap ónimlerdi islep shıǵarıw, yaǵnıy jumıis orınların shólkemlestiriw belgilendi.

Ózbekstanda menshiklestiriw tómendegi principlerge tiykarlanadı:

- barlıq mámleket obyektleri ashıq sawda arqalı satıladı;
- menshiklestiriw procesin ápiwayılastırıw;
- barlıq investorlar satılatuǵın obyektler boyınsha jeterli maǵlıwmat alıwları múmkin;
- investorlar nızam menen kepillenedi.

Házirgi ekonomikalıq reformalar arqalı mámleketimizdegi eń iri kárxanalar da menshiklestirilmekte. Mámleketimizde hátte, jerdi menshiklestiriw boyınshada sharalar kórilmekte.

**Nacionalizaciyalastırıw** — jeke múlkti mámleket qaramaǵındaǵı múlkke aylandırıw procesi.

**Menshiklestiriw** — mámleket múlkin jeke múlkke aylandırıw procesi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Hámme nárseniń iyesi — múlkke iye bolıwdıń unamlı tárepi?
2. Múlk formaların sanap beriń hám mısallar keltiriń.
3. Bazar ekonomikasında qaysı múlk forması eń tiykarǵı esaplanadı?
4. Intellektual múlk qanday múlk?
5. Menshiklestiriwden gózlengen tiykarǵı maqset ne dep oylaysız?
6. Ózbekstandaǵı menshiklestiriw procesi haqqında aytıp beriń.

**Bunı yadta saqlań!**

- Pul barlıq tovar hám xızmetlerdi satıp alıw múmkin bolǵan arnawlı tovar.
- Pul adamzattıń eń úlken oylap tabıwshılıǵınıń biri.
- Pul aylanıs, ólshew hám toplaw quralı.

## 13-TEMA

# DÁRAMAT HÁM BAYLÍQ

**Isbilermen Soliyevanıń kórsetkishleri**



2017-jılda 5500 áyeller kostyumın islep shıǵardı hám hár birin 50000 swmnan sattı.

2018-jılda 6200 jańa dizayndaǵı áyeller kostyumın islep shıǵardı hám 80000 swmnan sattı.

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Soliyeva 2017-jılda qansha dáramat arttırǵan, 2018-jılda-she?
2. Ol 2018-jılda 2017-jıldaǵıǵa qaraǵanda qanshaǵa kóbirek dáramat arttırǵan?
3. Ol qosımsha dáramatın neniń esabınan alǵan dep oylaysız?

Ádette, hár bir adam miynet iskerligi nátiyjesinde insannıń tiykarǵı baylıǵı — miyneti esabınan belgili dáramatqa erise baslaydı. Adamnıń aqıl-oyı, bilimi, kúsh-quwatı, is tájiriybesi, mamanlıǵı, kásiplik sheberligi, salamatlıǵı hám ruwxıy dúnyası onıń — insanıy baylıǵın (kapitalın) quraydı. Insan kapitalı — bul insannıń ekonomikalıq qádir-qımbatın anıqlawshı shama. Insannıń ruwxıy baylıǵı — onıń dúnyaqarası, qulqı, ádebi, mádeniyatı sıyaqlı ruwxıy dúnyası menen baylanıslı pazıyletleri insan kapitalınıń tiykarın payda etiwshi esaplanadı.

**Insan kapitalı** — adamnıń aqıl-oyı, bilimi, kúsh-quwatı, is tájiriybesi, kásiplik sheberligi, potenciyalı, salamatlıǵı hám ruwxıy dúnyası.

Mámleketimizdegi miynet resursları onıń barlıq puqaralarınıń insanıy kapitallarınıń jıyıntıǵınan quraladı. Yaponiya mámleketinde tábiyiy baylıqlar joq esabı. Bul mámleket óz puqaralarınıń insanıy kapitalların rawajlandırıw hám bayıtıw arqalı házirgi kúnde úlken ekonomikalıq potenciyalǵa, bay kapital resurslarǵa iye. Adamnıń insanıy kapitalı qanshelli joqarı, ruwxıy kózqarası qanshelli joqarı bolsa, onıń esabınan alınatuǵın dáramat muǵdarı — is haqı da sonshelli joqarı boladı. Házirgi waqıtta, siz óz insanıy kapitalıńızdı arttırıw maqsetinde oqıp atırsız. Keyin akademiyalıq licey, kolledj yaki universitetlerde

http://eduportal.uz

bilimińizdi jánede arttırasız. Bulardıń barlıǵı insanıy kapitalıńızdı, sońınan dáramatıńızdı asırıwǵa xızmet etedi.

Dáramatlardıń áste-aqırın kóbeyip barıwı nátiyjesinde onı toplaw imkaniyatı payda boladı. Tabılǵan dáramatlardıń bir bólegi sol waqıttıń ózinde-aq jumsaladı, bir bólegi bankke qoyılǵan pul, satıp alınǵan qımbat bahalı qaǵazlar, zavod, fabrika, avtomobil, úy-jay, bezenie buyımları kórinisindegi múlk sipatında jıynaladı. Bul múlkler adamnıń materiallıq kapitalın quraydı. Onıń insanıy hám materiallıq kapitalı onıń baylıǵı esaplanadı.

Ádette basqalarǵa qaraǵanda kóbirek resurslarǵa iye bolǵan insandı adamlar bay dep esaplaydı. Ekonomikada bolsa belgili bir waqıttaǵı insan dáramatlarınıń qárejetlerinen úlken dárejede artqanlıǵı túsiniledi.

Joqarıda aytılǵanlardıń hámmásin ulıwmalastırıp baylıqqa tómendegishe táriyip beriw múmkin: Baylıq — bul insanda yamasa jámiyette pul, óndiris quralları, zatlar usaǵan materiallıq baylıqlardıń materiallıq emes baylıqlar zárúrligine salıstırǵanda kópligi. Álbette, biz haqıqıy bay adam dep ruwhıy dúnyası háwes etetuǵın dárejedegi insanlardı aytamız.

**Materiallıq kapital** — toplanǵan dáramattıń materiallıq bólegi hám pul qarjıları.

**Baylıq** — adamnıń barlıq insanıy hám materiallıq kapitallarınıń jıyındısı.

Adamnıń materiallıq kapitalın qurıwshı jeke zavod hám fabrikalar, ijaraǵa berilgen úy yaki avtomobil, bankke qoyılǵan qarjı, bahalı qaǵazlar, sıyaqlı múlkleri, oǵan ijara haqı (renta), amanat procenti, dividend hám isbilermenlik paydası kórinisindegi qosımsha dáramattı keltiredi.

Mámleketimizdegi ekonomikalıq qatnasıqlar, jámiyettegi social ortalıq insannıń hám jámiyettiń dáramatları quramına keskin tásir etedi. Ǵárezsizlikke shekem bolǵan dáwirde isbilermenlik paydası insan dáramatları quramında derlik joq edi. Ǵárezsizlikten keyin insannıń hám jámiyettiń dáramatları quramına isbilermenlik dáramatı hám paydası eń úlken úleske iye bolıp barmaqta.

Hár bir adam túrlishe qábilet hám potenciyal iyesi boladı. Sol sebepten, olar dáramatlarınıń muǵdarı hám hár túrli boladı. Dáramatlarınıń teńsizligi bazar ekonomikaǵa tán qásiyet bolıp, áne sol teńsizlik insanlardı jaqsıraq islewge, kóbirek dáramat tabıwǵa shaqıradı.

Dáramatlar ortasındaǵı parıq keskin artıp ketiwi de jaqsı aqıbetlerge alıp kelmeydi. Sol sebepte xalıqtıń dáramatları ortasıdaǵı keskin parıqlar

http://eduportal.uz

mámleket tárepinen puqaralar dáramatların salıqqa tartıw, kem támiyinlengen shańaraqlarǵa napaqalar beriw hám basqa jollar arqalı tártipke salıp turıladı.

**Ijara haqı (renta)** — basqanıń múlkinen paydalanǵanı ushın tólenetuǵın haqı.

**Amanat procenti** — amanatqa qoyılǵan pul qarjısınan paydalanǵanı ushın tólenetuǵın haqı.

**Isbilermenlik paydası** — isbilermenlik xızmeti nátiyjesinde qolǵa kirgiziletuǵın dáramat.

**Qádiriyatlar!**

«Baylıq maldıń kópliginde emes, al, kewildiń toqlıǵında» — degen naqılǵa óz pikirińizdi bildiriń.

Málim bolǵanınday, bazar ekonomikasında nırqlar ozgerip turadı. Ádette, túrli jıllardaǵı dáramatlar óz ara salıstırılıp atırǵanda olardıń usı jıllardaǵı muǵdarı, yaǵnıy nominal qunı emes, bálki, kórsetilgen jılǵa salıstırǵandaǵı qunı, yaǵnıy real qunı salıstırıladı. Solay etip, nominal dáramat dáramattıń usı jıldaǵı nırqlardaǵı qunı. Real dáramat bolsa dáramattıń belgili bir jıldaǵı nırqına salıstırǵandaǵı qunı. Real dáramat nominal dáramattı tiyisli tutınıw nırqları indeksine bóliw arqalı tabıladı.

Tutınıw nırqlar indeksi (TNI) xalıq tárepinen satıp alınatuǵın belgili bir tovar hám xızmetler nırqınıń belgili bir baslanǵısh dáwirdegi nırqlarǵa salıstırǵandaǵı ózgeriwin kórsetedi. Onı basqasha aytqanda, kórilip atırǵan waqıt dawamında nırqlardıń ózgeriw dárejesi dep te aytıw múmkin. Mısalı: 2018-jıl shartli mámleket xalqınıń ortasha nominal dáramatı 2017-jılǵa salıstırǵanda 36,4% ke asqan. Nátiyjede 2017-jılı puqara 1 000 000 shártli pul birligi dáramat tapqan bolsa, 2018-jılǵa kelip 1 364 000 swm dáramat tapqan. Bul — puqaranıń turmıs dárejesi 2018-jıl aqırına kelip, 2017-jılǵa salıstırǵanda 1,364 márte jaqsılanıp atırǵanlıǵın bildirmeydi, álbette. Sebebi, bul waqıt dawamında nırqlar da artqan. Belgili bolǵanınday, nırqlar bul dáwirde ortasha 7,5% ke, yaǵnıy 1,075 márte artqan. Eger nominal dáramat muǵdarınıń artıw dárejesine bólsek: 1 364 000 : 1,075 = 1268837 swm xalıqtıń real ortasha dáramatları muǵdarı kelip shıǵadı. Demek, 2018-jıl aqırında puqaralardıń dáramatları 2017-jılǵa salıstırǵanda shama menen 1,27 márte artqan eken. (1 268 837 : 1 000 000 ≈ 1,27)

**Nominal dáramat** — belgili waqıt dawamında óz aldına alınǵan jeke adam yaki shańaraq tárepinen qolǵa kirgizilgen dáramat muǵdarı.

**Real dáramat** — nominal dáramattıń belgili bir jıldaǵı nırqlarǵa salıstırǵandaǵı qunı.

**Formula**

$$R_r = \frac{R_n}{I}$$

$R_n$ — nominal dáramat;
$R_r$ — real dáramat;
$I$ — tutınıwshı bahaları indeksi yaki bahalardıń ózgeriw dárejesi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Insannıń ekonomikalıq qádir-qımbatı ne menen ólshenedi dep oylaysız?
2. Insannıń ruwxıy baylıǵı degende neni túsinesiz? Onıń insan kapitalı — ekonomikalıq qádir-qımbatındaǵı ornı haqqında ne ayta alasız?
3. Baylıq ne? Qanday adamdı bay dep ataw múmkin?
4. Jeke múlkten alınatuǵın dáramatqa mısallar keltiriń.
5. Nominal hám real dáramattıń parqın aytıp beriń.
7. Dáramatlar teńzisliginiń abzallıq hám kemshilik tárepleri sanań.

**Bunı yadta saqlań!**

- Hár qanday adamda yaki kárxanada belgili muǵdardaǵı múlk boladı.
- Múlktiń shaxsıy, jámáátlik, davlat va jeke túrleri menen parqlanadı.
- Mámleketlik múlk hám barlıq milliy múlkler xalıq ushın xızmet etedi.
- Bazar ekonomikasında jeke múlk jetekshi orın tutadı.
- Menshiklestiriw arqalı múlk haqıyqıy iyesine tapsırıladı.

**Bunı yadta saqlań!**

- Insannıń ekonomikalıq qádir-qımbatı (baylıǵı) — onıń insanıylıq hám materiallıq kapitallarınıń jıyındısı menen ólshenedi.
- Miynet resursı — is haqı, tábiyiy resurs — renta, kapital resurs — procent (dividend), isbilermenlik — payda kórinisinda dáramat keltiredi.
- Nominal dáramattıń sol jıldaǵı nırqlarda esaplansa, real dáramat alınǵan belgili bir jıldaǵı bahalarda esaplanadı.
- Dáramattıń real muǵdarı onıń jıllar boyınsha qay dárejede ózgergenligin anıqlawǵa járdem beredi.



http://eduportal.uz

# 14-TEMA TOPLAW HÁM QAMSÍZLANDÍRÍW



Ózbekstan Milliy banki amanatlarıńızdı 18% jıllıq procent stavkası menen kóbeytip beredi. Procent muǵdarı hár ayda esaplanıp, amanatıńızǵa qosılıp barıladı.



«Ipoteka bank» akciyaların satıp alsańız, jılına 20% qosımsha dáramad — dividend alasız.



Dáramatıńızdı «Ipoteka» bankine qoyıń. Bul menen úy qurıw yaki satıp alıw imkaniyatına iye bolasız.



Pulıńızdı qaltańızda saqlań!



Dúkanımızdan audiotexnika qurallarıń naq pulǵa yaki pul ótkeriw jolı menen satıp alıwıńız múmkin.

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıda keltirilgen súwretlerde hár túrli mákemeler pulıńızdı toplawǵa yamasa siz ushın paydalı bolǵan iske jumsawıńız ushın óz xızmetlerin usınıp atır. Aytayıq siziń 2 000 000 sum pulıńız bar hám onı qanday da bir ózińiz ushın paydalı is ushın jumsamaqshısız.

1. Hár bir usınıstı hár tárepleme úyrenip shıǵıń hám olardıń unamlı hám unamsız táreplerin talqılap kóriń.
2. Qaysı bir usınıs kóbirek dáramat (payda) keltiredi?
3. Hár bir usınıstan keliwi múmkin bolǵan paydanı jeke hám jámiyet kózqarasında bahalań?
4. Qaysı bir usınıstıń haqıyqıylıǵına kóbirek isenesiz?
5. Sheshim qabıl etiw kestesin dúzip, hár bir usınıstı ózińizge maqul keletuǵın ólshemler boyınsha bahalań hám tańlawıńızdıń nátiyjesin aytıń. Nege usı sheshimge kelgenińizdi tiykarlap beriń.

http://eduportal.uz

Adamzat ádette, dáramatların birden jumsap jiberiwge háreket etpesten, onıń bir bólegin amanat kórinisinde saqlap qoyatuǵını bolmasa jıynaytuǵını belgili. Jıynalǵan pul bolsa toplanǵan dep ataladı. Bul pul keleshektegi zárúrliklerdi qanaatlandırıw maqsetinde jıynalatuǵın pul bolıp tabıladı.

**Fond** — keleshektegi zárúrliklerdi qanaatlandırıw ushın toplanatuǵın pul.

Baylıq qanday da bir materiallıq tovar — kóshpes múlk (úy-jay hám imaratlar), qımbat bahalı metall hám taslar, olardan tayarlanǵan taǵınshaqlar, bezeniw buyımları, yaki tikkeley pul qarjıları kórinisinde toplanıwı múmkin. Házirgi kúnde puldı júk arasında yaki sandıqta saqlaw qolaylı emes, sebebi, ol pul iesine hesh qanday payda keltirmeydi. Puldı durıs toplaw da adamnan belgili bir uqıptı talap etedi.

Pul qarjıların saqlawǵa qániygelesken kóplegen mákemeler bar. Bunday kárxanalar qatarında amanat bankleri, qor birjaları, pensiya qorları, qamsızlandırıw kompaniyaları, nesiyege hár túrli tovarlardı satıwshı hám nesiyege úy-jay qurıp satıw menen shuǵıllanıwshı jámiyetlerdi kirgiziwimiz múmkin.

Toplanǵan pullardı júzege keltiriw jolı — bul investiciya, yaǵnıy jańa kárxanalardı ashıw yamasa barlıq kárxanalardi modernizaciya ushın jumsaladı. Fond birjasınan belgili bir kárxana aksiyasin satıp alıp, kárxananıń jıllıq paydasınan dividend kórinisindegi dáramat alıwımız múmkin. Investiciyalıq xızmettıń ózine tán tárepi sonnan ibarat, onda jeńisli iskerlik ǵana dáramat alıw imkanın beredı. Kerisinshe tek ǵana paydanı bálki óz dáramatıńızdı da joǵaltıw hesh gáp emes.

*Amanat* dep, bankke qarjını toplaw hám kóbeytiw maqsetinde, belgili bir ústeme haqı — procent penen pul qoyıwdı aytadı. Mine, ústeme haq-amanat paydasın tómendegi formula dálillep shıǵarıw múmkin:

**Investiciyalar (ong. investments)** — jańa kárxanalardı shóklemlestiriw, bar kárxanalardı modernizaciyalaw, jańa texnologiya hám texnikanı ózlestiriw islep shıǵarıwdı keńeyttiriwge baǵdarlanǵan qárejet.

$$\textbf{Amanat jıllıq paydası} = \frac{\textbf{Amanat muǵdarı} \cdot \textbf{amanat jıllıq payızı}}{\textbf{100\%}}$$

Amanat bankke bir ayǵa qoyılǵan bolsa, bunda amanat paydasın tómendegi formula arqalı esaplap shıǵarıw múmkin:

**Amanat aylıq paydası = Amanat jıllıq paydası : 12**

Amanat bir neshe ayǵa qoyılǵan bolsa, onda amanat paydasın *Amanat aylıq paydası*n ay sanına kóbeyttirilip esaplanadı. Máselen, amanat úsh ayǵa qoyılǵan



http://eduportal.uz

bolsa bul amanat paydasın amanat aylıq paydasın úsh ayǵa kóbeytip esaplanadı. amanatqa pul jayǵastırıw ushın bankti tańlawda, tiykarınan eki kórsetkishke áhmiyetke itibar beriw kerek: dáramatlılıq hám isenim.

**Ekonomikalıq huqıq tiykarları**

Bankke qoyılǵan amanatlar sır saqlanıwı hám miyras huqıqı nızam menen kepillestiriledi.

*Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 36-statiyası*

**Amanat** — qarjını toplaw hám kóbeytiw maqsetinde belgili bir ústeme haqı — procent esabına bankke qoyıw.

Amanattıń eń birinshi dushpanı — bul inflyaciya. *Inflyaciya* — bul mámlekette ortasha nırq-bahanıń toqtamastan artıp barıwı nátiyjesinde puldıń qádirsizleniwi.

Eger mámlekette tutınıw tovarlarınıń nırqı 3 ese artsa, demek, xalıqtıń amanatları da usınsha ese qunsızlanadı. Sonıń ushın, kúshli krizis waqtında amanattı pul kórinisinde saqlaw máqsetke muwapıq emes. Jaqsısı, tezlik penen keleshekte joqarı bahada satıw ańsat bolǵan tovarlardı satıp alıw kerek boladı.

Tutınıwshılardıń jeke pul qarjıların paydalanılmastan bir jerde turǵanına qaraǵanda, tiyisli mákemelerde saqlasa, bul tek amanatshı ushın ǵana emes, al mámleket hám óndiris firmaları ushın da paydalı boladı. Sebebi, bul qarjılar óndiriske jumsalıp, tovar hám xızmetler kóleminiń keńeyiwine alıp keledi. Bunnan bolsa, óz gezeginde, mámlekettiń ekonomikası payda kóredi. Sonlıqtan, toplaw ekonomikalıq rawajlanıwdıń tiykarǵı negizlerinen biri bolıp xızmet etedi.

**Inflyaciya** — bul mámlekette ortasha nırq-bahanıń toqtamastan artıp barıwı nátiyjesinde puldıń qádirsizleniwi.

Hár qıylı kútilmegen jaǵdaylar nátiyjesinde keliwi múmkin bolǵan finanslıq mashqalalardan qorǵaw *qamsızlandırıw* dep ataladı.

Házirgi kúnde múlkti qamsızlandırıw, ómirdi qamsızlandırıw, medicinalıq qamsızlandırıw sıyaqlı bir qatar qamsızlandırıw túrleri bar. Bunday qamsızlandırıw túrlerinde qamsızlandırıw kompaniyalarına turaqlı qamsızlandırıw tólemleri tólenedi. Qanday da bir qolaysız hal júz bergende kelip shıǵatuǵın finanslıq mashqala, keltirilgen zıyan yaki joǵaltıwdıń ornı qamsızlandırıw kompaniyası tárepinen qaplanadı. Máselen, úy-jay qamsızlandırılǵanda hár jılı belgili muǵdardaǵı qamsızlandırıw tólemi tólenedi. Qandayda bir baxıtsız hádiyse, máselen, órt sebepli úy-jayǵa zıyan jetkende, kórilgen finanslıq zıyan qamsızlandırıw kompaniyası tárepinen tólenedi.

http://eduportal.uz

**Qamsızlandırıw** — hár túrli kútilmegen jaǵdaylar nátiyjesinde júzege keliwi múmkin bolǵan finanslıq mashqalalardan qorǵaw.

**Shınıǵıw**

2018-jılı sawda bankleriniń biri:

1 ay múddetke — 18%; 2 ay múddetke — 21%; 3 ay múddetke — 24% jıllıq procent stavkası menen qosımsha haqı tólewdi járiyaladı.

1. Banktiń jıllıq procent stavkaları ne ushın hár túrli?
2. Eger jıllıq procent 24% qurasa, bul bir aylıq procent stavkasınıń neshe procentin quraydı?
3. Bankke qoyılǵan 500 000 swm sáykes ráwishte 1, 2, 3 ay saqlanǵanda neshe swm bolıp qaytıwın esaplań.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Adamlar ne ushın pul toplaydı?
2. Puldı toplawdıń qanday jolların bilesiz hám olardan qaysı biri siz ushın maqul hám qolay? Nege?
3. Puldı toplawdan pul iesinen basqa jáne kimler mápdar boladı?
4. Puldı toplap kórdińiz be? Pul toplaw ańsat pa yaki qıyın ba? Pul toplap atırǵan waqtıńızda ózińizde qanday qolaysızlıqlardı sezinesiz?
5. Qanday waqıtta pul toplaw paydasız, hátte, zıyan bolıwı múmkin? Bunday jaǵdayda qanday jol tutqan maqul?
6. Inflyaciya degen ne?
7. Qamsızlandırıw degen ne? Ol ne ushın kerek?

**Bunı yadta saqlań!**

- Tutınıwshılar dáramatları kóbeygende onıń bir bólegin toplawǵa beyim boladı.
- Toplanǵan qarjılar kóbinese materiallıq kapitaldı kóbeytiwge jumsaladı.
- Toplawdıń tiykarǵı dushpanı — bul puldıń qádirsizleniwi, inflyaciyası.
- Toplaw keleshektegi ekonomikalıq rawajlanıw negizi esaplanadı.



http://eduportal.uz

## 15-TEMA EKONOMIKALÍQ SHESHIM QABÍLLAW

| Alternativ imkaniyatlar (satıp alıw múmkin nárselerdiń atı) | Bahalaw ólshemleri (satıp alıwdıń maqsetke muwapıqlıǵı hám onnan túsetuǵın payda ólshemleri) | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Puldıń jetiwi | Zárúrliktiń barlıǵı | Bilim alıwǵa paydası | Salamat-lıqqa paydası | Úydegilerge maqul keliwi | |
| 1. Velosiped | | | | | | |
| 2. Kostyum-shim | | | | | | |
| 3. Audio-pleer | | | | | | |
| 4. Karate seksiyası | | | | | | |
| 5. Ingliz tili kursi | | | | | | |
| 6. ... | | | | | | |

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. **Mashqala:** aytayıq, sizge atańız tuwılǵan kúnińizge 100000 swm pul berdi hám ne satıp alsam eken dep oylanıp qaldıńız.
2. **Alternativ sheshimler:** meyli, bul pulǵa «sheshim qabıllaw kestesi» dep atalǵan, joqarıda keltirilgen keste qatarlarında jazılǵan tómendegi alternativ nárselerdi satıp alıwıńız múmkin: 1) dostıńızdıń velosipedin; 2) kostyum-shalbar; 3) audio-pleer; 4) 6 ay dawamında pullı karate sekciyasına qatnaw; 5) 3 ay dawamında inglis tilinen pullı kursqa qatnasıw; 6) ózińizge maqul bolǵan jáne qanday da bir nárse. Kesteni dápterińizge kóshirip alıń hám 6-nárseniń atın keyingi qatarǵa jazıp qoyıń.
3. **Bahalaw ólshemleri:** hár bir nárseni satıp alıwdan kóriwińiz múmkin bolǵan payda, onıń maqsetińizge qanshama sáykes keliwi hám zárúrligińizdi qay dárejede qanaatlandırıwın kórsetiwshi «puldıń jetiwi», «zárúrliktiń barlıǵı», «bilim alıw paydası» sıyaqlı ólshemler kesteniń birinshi qatarında keltirgen bolsın. Sonıń menen birge, siz ushın jáne áhmietli bolıp kóringen basqa ólshemdi de kesteniń joqarı baǵanasına jazıp qoyıń.
4. **Hár bir alternativ sheshimdi ólshemler boyınsha bahalaw:** hár bir sheshimdi keltirgen ólshemler boyınsha bahalap, sáykes qatarǵa: eger ólshem boyınsha pikir unamlı bolsa, «+», eger unamsız bolsa «—», eger unamlı da, unamsız da bolmasa «0», eger belgisiz bolsa «?» belgi qoyıp shıǵıń.
5. **Tańlaw:** bahalaw nátiyjesine kóre, qaysı nárse eń kóp baha alǵanlıǵın anıqlań. Tap usı nárse siz satıp alıwıńız kerek bolǵan nárse bolıp shıǵadı.

http://eduportal.uz

6. Qararıńızdı qasıńızda otırǵan doslarıńız benen salıstırıń. Ne sebepten qararlar hár túrli bolıp shıqtı?

«Bostan» jeke fermer xojalıǵınıń baslıǵı Kamal Abdullaev ózi jasap atırǵan awılda sútti qayta islew tsexın qurıwdı sheshti.

Keliń, bunday sheshimlerdiń payda bolıw sebeplerin ózimizshe talqılawǵa urınıp kóreyik. Álbette, hár bir sheshimdi qabıllawdan aldın ekonomikalıq jaǵday, bar bolǵan resurslardan paydalanıw imkaniyatları tolıq úyrenip shıǵılǵan. Ekonomistlerdiń tili menen aytatuǵın bolsaq:

— Ne islep shıǵarıw kerek?

— Qalay islep shıǵarıw kerek?

— Kim ushın islep shıǵarıw kerek? degen sorawlarǵa juwap izlengen. Yaǵnıy sheshim (imkaniyatlardan birewin tańlaw) únemlilik penen racional qabıl etilgen.

Abdullaev bunday qarardı qabıl qılıwdan aldın hár qıylı qolay imkaniyatlardi túpten oylap kórdi. Onıń aldında konserva zavodı, miywe sherbetin islep shıǵarıw, góshti qayta islep shıǵarıw karxanaların qurıw imkaniyatları hám bar edi. Biraq ol hámme imkaniyatlardi «qansha qárejet talap qılınıwın», «ónimge talap barlıǵı», «keltiretuǵın daramat hám paydası», «máwsimliligi» sıyaqlı talaplar boyınsha ekonomikalıq dodalap kórdi. Usı talaplar járdeminde imkaniyatlardi bahaladı hám ózi ushın eń ekonomikalıq maqul bolǵan qarardı qabıl qıldı — sút islep shıǵarıw karxanasın qurıwdı tańladı. Yaǵnıy, bunday ekonomikalıq qarar qabıl qılıw boyınsha jumıs bir neshe mashqala, úzliksiz imkaniyatlar, bahalaw talapları, bahalaw, tańlaw sıyaqlı basqıshlarda ámelge asırıladı.

Hár bir sheshimniń qádir-qımbatı hám paydası bólip alınǵan jeke adamǵa hám jámietke keltiretuǵın qunı menen ólshenedi. Abdullaevtıń sútti qayta islew tsexın qurıw haqqındaǵı sheshiminiń jeke qádir-qımbatı, cextı júrgiziw nátiyjesinde dáslep onıń ózine keletuǵın payda hám óz isinen qanıǵıw sezimi sıyaqlı payda menen cextı qurıw ushın sarplanatuǵın qárejetler hám qoldan jibergen imkaniyatların óz ara salıstırıw nátiyjesinde anıqlanadı. Ekinshi tárepten, bul sheshimniń sociallıq qádir-qımbatı da bolıp, ol awılda qosımsha jumıs orınların jaratıw, adamlardıń sút ónimlerine bolǵan talabın qanaatlandırıw sıyaqlı jámietke keletuǵın payda menen jámiet tárepinen islenetuǵın shıǵınlar hám qoldan jiberilgen basqa alternativ imkaniyatlardı ózara salıstırıw nátiyjesinde anıqlanadı. Solay etip, hár bir adam sheshim qabıllap atırǵanda hám jeke, hám sociallıq kózqarastan qolǵa kirgizetuǵın

utısları menen qoldan jiberetuǵın imkaniyatların álbette óz ara salıstırıwı kerek eken.

Kamal Abdullaev sútti qayta islew tsexın qurıwǵa qarar qılǵanında bul qarar, álbette, únemlilik penen ratsional qabıl etilgen. Ekinshi tárepten bolsa, bul sheshimdi ámelge asırǵannan soń alınatuǵın nátiyje haqqında oylap kórilgen. Bul nátiyje, álbette, óziniń eń «úlken» maksimal qımbatlı paydaǵa ie bolıwı menen ajıralıp turıwı kerek. Bolmasa, bunday sheshim qabıllanbas edi. Haqıyqatında da, eger Abdullaev ushın sútti qayta islew cexınan konserva zavodın qurıw kóbirek qımbatlı hám paydalı (nátiyjeli) bolǵanda edi, ol óz sheshimin ózgertken bolar edi.

Endi mámleket arasındaǵı qarar menen tanısıp shıǵayıq.

Ózbekstan húkumeti 2025-jılǵa kelıp paxta talshıǵın eksport qılıwdı pútkil toqtatıwǵa hám onı mámleketimizdiń ózinde tolıq qayta islewdi jolǵa qoyıwǵa qarar qıldı.

2025-jılǵa kelıp mámleketimizde toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdı 2,6 márte, eksport kólemin bolsa 4,7 márte asırıw, yaǵnıy 7,1 mlrd AQSH dollarına jetkeriw rejelestirilmekte.

Bir qarastan, paxta talshıǵı eksportı mámleketke júdá úlken kólemdegi shet el valutasın alıp keledi. Biraq ekinshi tárepten, 1 tonna paxta talshıǵın eksport qılıwdan túsken daramatqa qaraǵanda onı qayta islegende alınatuǵın toqımashılıq ónimin eksport qılıw bir neshe márte kóp daramat keltiredi. Sonı esapqa alǵan halda húkimetimiz sonday qarar qabıl qılǵan. Demek bul jerde hám qarar racionallıq hám maksimallıq qásiyetlerine iye.

Demek, hár qanday ekonomikalıq sheshim kishi isbilermenlik dárejesinde, yamasa mámleket arasında qabıl qılınǵan bolsın, bul qarar qanday da bir mániste óziniń racionallıq hám maksimallıq qásiyetleri menen ajıralıp turıwı kerek eken.

**Tapsırma**

Siziń mektebińizde bir jıl oqıwıńız:

a) ata-anańızǵa; b) mámleketke shama menen qanshaǵa túsiwin esaplap shıǵıń.

Mektepte oqıwıńızdan:

a) jeke ózińizge; b) jámietke qanday payda bar ekenligin anıqlań hám joqarıda anıqlanǵan shıǵınlar menen salıstırıń. Siz bul shıǵınlardı aqlap atırsız ba?

http://eduportal.uz

**Racionallıq** — qanday da bir resurstan ónimli paydalana biliw yamasa eń maqul qarar qabıl qılıw qásiyeti.
**Maksimallıq** — eń jaqsı, eń joqarı nátiyjege erisiw.

**Qádiriyatlar!**
«Jeti ólshep — bir kes», «Istiń ózin emes — kózin bil» degen naqıllardı qalay túsinesiz?

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ekonomikalıq durıs sheshim qabıllawdıń qanday basqıshları hám ólshemlerin bilesiz? Qanday da bir mısal tiykarında túsindirip beriń.
2. Racional is kóretuǵın adam degende qanday adamdı túsinesiz?
3. Keshegi kúnińizdi azannan keshke shekem qalay ótkizgenińizdi saatlar boyınsha súwretleń. Siz kún dawamında óz xızmetińizdi únemli - racional shólkemlestirdińiz be? Siz ótken kúnnen maksimal paydalana aldıńız ba? Onı ónimli hám jaǵımlı ótkerdińiz be?
4. Usı kúnlerdegi xızmetińizden ózińizge, shańaraǵıńızǵa hám jámietke qanday payda bar dep oylaysız? Bul is-háreketlerińiz nátiyjesinde qanday shıǵınlar, qárejetler payda bolıp atır?
5. Jeke hám sociallıq qádir-qımbattı bir-birine qarama-qarsı bolǵan sheshimge mısal keltiriń hám oǵan óz múnásibetińizdi bildiriń.
6. Kóz aldıńızǵa keltiriń, bazarǵa qanday da bir kiyim satıp alıw ushın bardıńız. Bul jerde ózińizge kerek nárseni satıp alıwıńızǵa shekem bir neshe nárselerdi kórdińiz. Bul siziń sheshimińizdi ózgerte aladı ma? Juwabıńızdı tiykarlap beriń.

**Bunı yadta saqlań!**

• Hár bir adamnıń jaqsı jasawı ushın kóp tárepten aqılǵa muwapıq ekonomikalıq sheshim qabıllawına baylanıslı.

• Hár bir adam sheshim qabıl etip atırǵanda qolǵa kirgizetuǵın utısları menen qoldan jiberetuǵın imkaniyatların álbette óz ara salıstırıwı kerek.

• Sheshim qabıllaw (sheshim tańlaw) procesiniń basqıshları:

a) mashqalanı anıqlaw;
b) barlıq alternativ sheshimlerin sanap shıǵıw;
d) bahalaw ólshemlerin anıqlap alıw;
e) hár bir sheshimdi ólshemlerge qaray bahalap shıǵıw;
f) bahalaw nátiyjesine qaray, eń jaqsı sheshimdi tańlaw.

http://eduportal.uz

# 16-TEMA TUTÍNÍWSHÍLARDÍŃ HUQÍQLARÍ HÁM MÁJBÚRIYATLARÍ

1



*Qarıydar:* Bunı qaytarıp alsańız. Sıpatsız eken.
*Satıwshı:* Biz satılǵan tovardı qaytarıp almaymız.

2



3



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. 1-súwrette keltirilgen jaǵdayǵa óz múnásibetińizdi bildiriń. Dukan iyesiniń mine sonday jazıwdı asıp qoyıwǵa haqqı barma? Siz bunday halatqa dus kelseńiz qanday jol tutqan bolar edińiz?
2. 2 hám 3-súwretlerde súwretlengen ónimlerdiń yarlik qaǵazlarında qanday maǵluwmatlar keltirilgenin anıqlań. Bul maǵluwmatlardıń qaysı birewi siz ushın áhmietli esaplanadı?
3. Reklama turmısımızda qanday orın tutadı? 2 hám 3-súwretlerdegi kefir ónimin reklama qılmaqshı bolsańız, siz qanday nárselerdi jumsaǵan bolar edińiz?

Hár birimiz bazarda tutınıwshı sıpatında qatnasamız. Xosh, tutınıwshı sıpatında qanday da bir tovardı satıp alıw payıtında nelerge itibar beriwimiz kerek? Tutınıwshı sıpatında qanday huqıqlarımız bar? Usı hám usıǵan uqsas sorawlarǵa Ózbekstan Respublikasınıń «Tutınıwshılar huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı nızamınan juwap tabıw múmkin. Tómende usı huqıqlar haqqında qısqasha maǵluwmat beremiz:

1. Tutınıwshı tovar hám onı islep shıǵarıwshı kárxana haqqında tómendegi isenimli hám tolıq maǵluwmattı alıw huqıqına iye: tovardıń tiyisli sapa kórsetkishlerine muwapıqlıǵın tastıyıqlawshı hújjet; tovardıń tutınıw hám ózine tán qásietleriniń dizimi; tovardıń nırqı; tovar tayarlanǵan sáne; tovardan paydalanıw qaǵıydaları hám shártleri; tovardıń xızmet (yaki saqlaw) múddeti; óndiriwshiniń tovardan paydalanıw boyınsha kepillik minnetleri; tovardı saqlaw usılları hám qaǵıydaları.

http://eduportal.uz

2. Tovar sanitariya-gigiena talaplarına juwap beriwi hám insan salamatlıǵına jáne qorshaǵan ortalıqqa qáwipsiz bolıwı tiyis. Óndiriwshi tovardıń pútkil xızmet múddeti dawamında tovardıń qáwipsiz bolıwın támiyinlewi tiyis.

3. Eger tutınıwshı nuqsanlı tovar satıp alǵan bolsa, ol qálewi boyınsha tómendegilerdi talap etiwge haqılı: nuqsanlı tovardı tiyisli sapaǵa ie bolǵan tap sonday tovarǵa almastırıw; basqa soǵan uqsas tovarǵa, satıp alıw nırqın tiyisli esaplasıw jolı menen almastırıw; óndiriwshiden tovar kemshiliklerin biypul dúzetip beriwin, yaki dúzetiw qárejetlerin óndiriw; nuqsanlı tovar nırqın tiyisli muǵdarda kemeytiw; kórilgen zıyandı tolıq kólemde qaplaw shárti menen nuqsanlı tovardı óndiriwshige qaytarıw.

4. Tutınıwshı bul huqıqlardan tovar satıp alınǵan kúnnen baslap, tovardıń kemshilikleri anıqlanǵan tómendegi múddetlerge shekem paydalanıwı múmkin: kepillik múddeti yaki qollanıwǵa jaramlılıq múddeti ishinde; kepillik múddeti yaki qollanıwǵa jaramlılıq múddeti belgilengen tovarlar ushın—6 ay, kóshpes múlk ushın—2 jıl (eger shártnamada basqa múddet belgilenbegen bolsa).

5. Tutınıwshınıń talapları tovardı tap sol óndiriwshi (satıwshıdan) den satıp alǵanlıǵın tastıyıqlawshı tiyisli hújjet (mısalı, kassa shegi, tovardıń hújjeti) kórsetilgen jaǵdayda ǵana kórip shıǵıladı.

6. Nızamda kórsetilgen bul huqıqlar buzılǵanda hám tárepler kelisimge kelmegende sudqa yaki mámlekettiń wákillik berilgen basqa organlarına arız etiwi múmkin.

7. Tutınıwshınıń huqıqların qorǵaw maqsetinde orınlarda jámiyetlik birlespelerdi shólkemlestiriw múmkin.

Álbette, hár qanday pitim, sol tiykardan satıwshı hám tutınıwshı ortasındaǵı pitim hám táreplerdiń razılıǵı menen ámelge asırıladı. Bunda tutınıwshı azzı tárep dep esaplanadı hám onıń huqıqları qattı qorǵaladı. Biraq nızamda ayrıqsha sheklenbegen bolsa-da, tutınıwshınıń puqaralıq nızamshılıǵınan kelıp shıǵatuǵın qatar májbúriyatları hám bar. Olar arasınan eń tiykarları tómendegiler: tutınıwshınıń tovar (xızmet) ushın waqtında haqı tólew májbúriyati; shártnama biykar qılınǵan halda tovardı óz waqtında qaytarıp beriw májbúriyati; tovar ózine tán qılıp, máselen, arnawlı buyırtpa boyınsha, arnawlı ólshemde tigilgen bolsa ol tayar bolǵannan keyin onı qabıl qılıp alıw májbúriyati; sıpatlı tovardı almastırıp berıwdı (basqa ólshem yakı reńine) qaytarılıp berilip atırǵan tovardıń sıpatı, kórinisi, jarlıqlarınıń buzılmaǵan halda kórsetiw májbúriyati.

*Reklama* ǵalaba xabar qurallarında tutınıwshılarǵa tovar haqqında maǵlıwmat beriw menen olardıń tovarǵa bolǵan talapların arttırıwǵa qaratılǵan túsindiriw ilajları. Reklama sózi latınshada jar salıw, shaqırıq degen maǵananı ańlatadı.

Reklamanıń artıqmashılıǵı: reklama tutınıwshınıń mápi ushın xızmet etedi, sebebi ol tutınıwshılardı bazardaǵı nırqlar hám jańalıqlardan xabardar etedi; reklama kóbinese nırqlardıń tómenlewine alıp keledi; reklama basekini xoshametleydi, bunnan tutınıwshılar hám pútkil jámiet utadı; reklamadan túsetuǵın dáramat ǵalaba xabar quralları qárejetleriniń úlken bólegin qaplaydı; reklama tutınıwshılardıń talabınıń kóbeyiwi, islep shıǵarıwshılar paydasınıń artıwı hám usınıń nátiyjesinde ekonomikanıń rawajlanıwına alıp keledi.

Reklamanıń kemshiligi: reklama geyde tutınıwshılarǵa nadurıs maǵluwmat berip, aljastıradı; reklama kólemli finanslıq qárejetlerdi talap etedi, bul bolsa tovar nırqın arttıradı; tutınıwshılarda onsha zárúr bolmaǵan tovarǵa pul jumsaw nietin keltirip shıǵaradı; ǵalaba xabar quralları reklama beriwshilerge ǵárezli bolıp qaladı, bul olardıń erkinligin shekleydi.

**Reklama** — ǵalaba xabar quralların da tutınıwshılarǵa tovar haqqında maǵlıwmat beriw menen olardıń tovarǵa bolǵan talapların arttırıwǵa qaratılǵan túsindiriw ilajı.

*Tovardıń shtrix kodı* ózine tán maǵluwmat dáregi bolıp, onnan tovardıń qaysı mámlekette tayarlanǵanın, qaysı kárxananıń islep shıǵarǵanın hám tovar haqqındaǵı maǵluwmatlardı anıqlap alıw múmkin. 13 tsifrdan ibarat 8710335230431 shtrix kodınıń birinshi eki tsifrı 87 tovardıń Niderlandiyada tayarlanǵanın keyingi 5 tsifr 10335 tovar islep shıǵarılǵan firmanıń bul mámlekette dizimge alınǵan nomerin ańlatadı. Keyingi 5 tsifr 23043 tovardıń qásietleri haqqında maǵluwmat beredi. Aqırǵı tsifr 1 bolsa, tovar kodınıń qadaǵalaw tsifrınan ibarat. Tovardıń kodı járdeminde onıń qálbeki yaki haqıyqıy ekenin tómendegi ápiwayı arifmetikalıq esaplaw járdeminde bilip alıw múmkin.

**Tovardıń shtrix kodı** — tovar haqqındaǵı magluwmatlardı tovar yarlik qaǵazında kórsetiwshi sızıqlar dástesi hám sanlar izbe-izliginen turatuǵın arnawlı belgi.

| Mámleketler | Kodlar | Mámleketler | Kodlar |
|---|---|---|---|
| AQSH, Kanada | 00 – 09 | Turkiya | 869 |
| Fransiya | 30 – 37 | Rossiya | 460 |
| Germaniya | 400 – 440 | Ózbekstan | 46 – 47 |
| Yaponiya | 49 | Buyuk Britaniya | 50 |



Sanlı texnologiyalardıń rawajlanıwı QR-kod sanlı aq kvadrat ishine jaylasqan qara kvadratlar sáwlesinen ibarat kodınıń payda bolıwına alıp keledi. Bunday sáwlesi sońǵı paytlarda:kassa sheklerinde, pattalarda, muzey hám metrolarda, restoranlarda, tovar jarlıqlarında hám basqa nárselerde ushratıw múmkin.

QR ingliz tilinde qısqartılǵan inglizshe jumla — Quick Response (tez juwap qaytarıw)ni ańlatadı.

QR-kod — bul tiyisli dástúriy támiynati bolǵan mobil telefondaǵı kamera arqalı tez tanıp alınatuǵın maǵlıwmattı usınıs etiwshi eki ólshemli shtrix-kod.

QR-kod ápiwayi shtrix kodqa qaraǵanda qansha kóp maǵlıwmati jetkere aladı. Ol arnawlı dástúr arqalı skaner járdeminde kiritiledi hám onı ápiwayi mobil telefon járdeminde hám oqıw múmkin.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Tutınıwshı huqıqlarınan bazıların aytıp beriń. Islep shıǵarıwshı hám satıwshılardıń qanday huqıqları bar? Tutınıwshılardıń huqıqları qorǵalıp, oǵan úlken áhimiyet beriliwdiń barısı need dep oylaysız?
2. Siz tutınıwshı sıpatında dúkannan qanday da bir nárseni satıp alǵanıńızda tovar haqqında qanday maǵluwmatlardı sorawǵa haqıńız bar?
3. Dúkannan qanday da bir nárse satıp alǵanıńızda beriletuǵın shektiń siz ushın qanday áhmieti bar?
4. Reklamanıń siz ushın paydası bar ma? Reklamadan kim kóbirek payda kóredi?
5. Birden-bir tovar qadaǵında keltirilgen maǵlıwmatlardıń tolıqlıǵın dodalań.
6. Tovar shtrix kodı ne ushın kerek?
7. Tovardıń QR – kodi ápiwayi shtrix-kodtan nesi menen parıq qıladı.

**Bunı yadta saqlań!**

• Tutınıwshılar huqıqları Ózbekstan Respublikasınıń «Tutınıwshılardıń huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı nızamı arqalı qorǵaladı.

• Tovardıń shtrix kodı yaki QR – kodı tovar haqqında tolıq maǵlıwmat beredi.

• Reklamanıń unamlı hám unamsız tárepleri bar.

http://eduportal.uz

# III BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Tutınıwshılardıń qanday dáramat derekleri bolıwı múmkin?
2. Mámleket múlki, iyesi bólip alınǵan jeke adam hám jámiyet bolǵan jeke múlklerdiń bir-birinen ayırmashılıǵın aytıp beriń.
3. Insannıń ekonomikalıq qádir-qımbatı degende neni túsinesiz?
4. Insannıń materiallıq hám ruwxıy baylıǵı degende neni túsinesiz?
5. Dáramat hám baylıqtıń parqın túsindiriń.
6. Dáramatlar hár dayım hám pul kórinisinde boladıma?
7. Tutınıwshılardıń qanday qárejet túrlerin bilesiz?
8. Shańaraq byudjeti degen ne?
9. Engel nızamı ne haqqında?
10. Adamlar ne sebepten pul qarjıların toplaydı?

## B. TARSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa sáykes talqılawdı tabıń.

**ATAMALAR:**

1. Menshiklestiriw.
2. Materiallıq kapital.
3. Isbilermenliktiń paydası.
4. Shańaraq byudjeti.
5. Real dáramat.
6. Nominal dáramat.
7. Toplaw.

**TALQÍLAWLAR:**

a) isbilermenlik iskerligi nátiyjesinde qolǵa kirgiziletuǵın dáramat;
b) shańaraqtıń belgili bir dáwirdegi dáramat dárekleri hám qárejetleri keltirilgen finanslıq muǵdarı;
d) belgili bir waqıt dawamında bólip alınǵan jeke adam yaki shańaraq tárepinen qolǵa kirgizilgen dáramat muǵdarı;
e) keleshektegi zárúrliklerdi qanaatlandırıw ushın toplanatuǵın pul;
f) mámleket múlkin jeke múlikke aylandırıw procesi.
g) Nominal dáramattıń belgili dáwirdegi nırqları ózgeriwine qaratılǵan qunı.
h) Jıynalǵan dáramattiń materiallıq múlikke aylanǵan bólegi hám pul qárejeti.

http://eduportal.uz

## D. TESTLER

Berilgen sorawǵa maǵanası jaǵınan eń durıs hám tolıq juwaptı belgileń.

**1. Nadurısın tabıń.**

Tutınıwshılardıń dáramat dáregine ne kiredi:

A. Stipendiya, napaqa. B. Qamsızlandırıw, toplaw.

D. Is haqı, dividend. E. Renta, procent.

**2. Tómendegi hallardıń qaysı birinde múlk kórinisi ózgeredi?**

A. Ǵarrı balasına jayın miyras etip qaldırdı.

B. Mámleket shólkemi balalar úyine kompyuter sawǵa etti.

D. Fermer sıyırın bazarǵa shıǵarıp sattı.

E. Algirovtıń keń jayı konfiskaciyalanıp, oqıwshılar sarayına aylandırıldı.

**3. Múlkke tolıq iyelik etiw huqıqı degende neni túsinesiz?**

A. Onı sawǵa etiw.

B. Onı satıw yaki almastırıw.

D. Onnan óz zárúrliklerin qanaatlandırıw ushın paydalanıw.

E. Joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**4. Qaysı topardaǵı dáramatlar tek materiallıq baylıqtan paydalanıw esabınan arttırıladı?**

A. Ijara, napaqa, dividend. B. Renta, procent, aylıq.

D. Payda, napaqa, dividend. E. Renta, dividend, procent.

**5. Shańaraq byudjetinde ...**

A. Kemis bolmawı kerek.

B. Tek shańaraq shıǵınları keltiriledi.

D. Tek shańaraq dáramatları keltiriledi.

E. Shańaraqtıń belgili bir dáwirge jobalastırılǵan dáramat derekleri hám qárejetleri keltirilgen boladı.

**6. Miynet resurslarınan qaysı kórinislerde dáramat keledi?**

A. Renta. B. Procent.

D. Is haqı. E. Payda.

**7. Tómendegi dáramat túrleriniń qaysıları tek mámleket tárepinen ǵana járdem sıpatında beriledi?**

A. Sıylıq. B. Jumıssızlıq napaqası.

D. Dividend. E. Stipendiya.

http://eduportal.uz

# ÓZ BETINSHE ISKERLIK

## EKONOMIKALÍQ PRAKTIKUM

Rayonda plastmassı ónimler islep shıǵarıwshı zavod qurıladı. Bul zavod jaǵdayı jaqsı bolıwı ushın zavod qurıwshılar nege, qalay kim ushın islep shıǵarıw kerek degen sorawlarǵa zavodtıń ieleri him qániygeleri juwap tabıwları kerek boladı. Aytayıq olar, bul sorawlarga tómendegishe juwap taptı.

1. Zavod plastmassadan oyınshıqlar hám suw quwırları islep shıǵarıwı kerek.
2. Zamanagóy texnologiya tiykarında islep shıǵarıw kerek.
3. Rayon Wálayat xalqı hám eksport ushın.

Zavod islep shıǵarıw kóleminde belgilep alıw kerek boladı.

Tómendegi kestedede zavodtıń kúnlik islep shıǵarıw imkaniyatları haqqında maglıwmat berilgen.

| Tovarlar | Imkaniyatlar | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *A* | *B* | *D* | *E* | *F* | *G* |
| Plastmassa oyınshıq (mıń dana) | 15 | 14 | 12 | 9 | 5 | 0 |
| Plastmassa quvurlar (mıń metr) | 0 | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |

Kestede berilgen maǵliwmatlar tiykarında zavodtıń kúnlik islep shıǵarıw imkaniyatı tarawın sızamız. Sızılmada bul tarawdı boyab kórsetilgen.

Sızılmada korinip turganınday, zavod teń oyınshıqtan kóbi menen 15 mıń dana islep shıǵara aladı. (A. noqat) Zavod 1 mıń metr truba hám 14 mıń dana oyınshıq islep shıǵarıw mumkin. (*B* noqat) Demek i mıń metr quvır islep shıǵarıw Ushın mın dana oyınshıqlardan bas keshiwge tuwra keledi. Zavod islep shıǵarıw kolemin islep shıraríw imkaniyatlarları tarawa ishinen gana belgiley aladı. Máselen koordinataları (3; 4) bolgan *M* noqattan sızılmadı belgileymiz. M noqat islep shıǵarıw imkaniyatları tarawınan sırtta jatadi. Sol sebepten zavod 9 mın dana oyınshıq hám 5-mıń metr quvır islep shıǵara almaydı. Endi, koordinataları (3; 4) bolgan N noqatı islep shıǵarıw imkaniyatları tarawında jaylasqan yamasa zavod kunine 3 mıń dana oyınshıq 4 mıń metr quvır islep shıǵara aladı.




http://eduportal.uz

***Jedel isbilermenlik biznes iskerligin innovacion, yaǵnıy zamanagóy jandasıwlar, ilgeri texnologiya hám basqarıw usılları tiykarında shólkemlestirilgen ekonomikalıq jónelis.***

***Shavkat Mirziyoyev***

# IV bap. Talap hám usınıs




http://eduportal.uz

# 17-TEMA TALAP HÁM TALAP NÍZAMÍ

| Ónim atı | 1-satıwshı | 2-satıwshı | 3-satıwshı |
|---|---|---|---|
| Lazer gúrishi | 13 500 | 13 000 | 14 000 |
| Alanga gúrishi | 9 000 | 8 500 | 10 000 |
| Noxat | 7 500 | 9 000 | 7 000 |
| Másh | 11 000 | 12 000 | 12 500 |
| Loviya | 8 000 | 8 500 | 7 200 |

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdağı súwrette diyqan bazarındağı qulpınay sawdası tovarları menen sawda qılıwshı úsh satıwshınıń tovarları nırxların keltiriń. Onı dıqqat penen kózden keshiriń hám tómendegi sorawlarğa juwap beriń:

1. Satıwshılardan qaysı biri qaysı tovardan kóbirek sata alıwın dodalap kóriń. Ne sebepten bunday dodalap atırğanıńızdı aytıń.
2. Satıwshılardan qaysı biri kún dawamında eń kóp dáramat qıladı? Sorawğa juwap beriwde ónimlerdiń qaysı biri xojalıqta kóbirek jumsalıwına itibar beriwdi umıtpań.

Tovarğa bolğan talap qarıydardıń belgili bir waqıt dawamında tovardı hár túrli nırqlarda qanshadan satıp alıw haqqındağı tilegi hám imkaniyatların anıqlaydı. Talap muğdarı dep, qarıydardıń belgili bir waqıt dawamında belgili bir nırqta satıp alıwı múmkin bolğan tovar muğdarına aytıladı.

| Baha (p) | Talap (q) |
|---|---|
| 800 | 400 |
| 700 | 500 |
| 600 | 600 |
| 500 | 700 |

Qanday da bir tovarğa bolğan talap, ádette, keste kórinisinde jámlelenedi. Keste boyınsha grafik sızılsa, talap sızığı kelip shığadı. Bul ushın tegislikte Op kósheri vertikal, Oq kósheri gorizontal etip sızıladı. Op kósherine tovardıń nırqı, Oq kósherindegi talap muğdarına tegislikte saykes noqatları tabıladı. Bul noqatlardı birlestiriw nátiyjesinde kelip shıqqan sızıq talap sızığı dep ataladı. Talap sızığı, ádette, D háribi — inglizshe «demand» (talap) sóziniń bas háribi menen belgilenedi. Talap geyde $p=-aq+b$, ($a>0$, $b\geq 0$) kórinisindegi sızıqlı funkciya túrinde de beriliwi múmkin.



**Talap** — tovardıń nırqı hám talap muǵdarı arasındaǵı qatnas bolıp, qarıydarlardıń belgili bir waqıt dawamında tovardı túrli nırqlarda qanshadan satıp alıw imkaniyatların anıqlaydı.
**Talap muǵdarı** — qarıydardıń belgili bir waqıt dawamında belgili bir nırqta satıp alıw múmkin bolǵan tovar muǵdarı.

Tovarǵa bolǵan talap, tovardıń nırqına baylanıslı hám baylanıslı bolmaǵan faktorlar tásirinde ózgerip turadı. Talaptıń nırqqa baylanıslı bolmaǵan faktorlar tásirinde ózgeriwin keyingi sabaqta talqılaymız. Bul sabaqta tovarǵa bolǵan talaptıń tek nırqqa baylanıslı qásiyetleri haqqında toqtalamız. Bul qásiyet talap nızamında óz sáwlesin tapqan: **Basqa sharayatlar ózgermegen jaǵdayda, tovardıń nırqı qansha tómen bolsa, oǵan bolǵan talap muǵdarı sonsha kóp boladı, tovardıń nırqı qansha joqarı bolsa, oǵan bolǵan talap muǵdarı sonshama tómen boladı.**

Talap nızamı talap muǵdarınıń nırqqa keri bolǵanın kórsyetedi. Bul qásiyetti tómendegi úsh faktor boyınsha túsindiriw múmkin:

1. *Dáramat faktorı*. Adamlar tovardı arzan nırqta qımbat nırqtaǵıǵa qaraǵanda kóbirek satıp alıwǵa qızıǵıwshań boladı, sebebi, tovar nırqınıń tómenlewi tutınıwshınıń satıp alıw qábiletin arttıradı. Mısalı, bazarda góshtiń nırqı tússe, adamlar dáslep satıp alıp atırǵan shańaraqtıń tutınıw sumkasındaǵı nárselerdi azıraq pul sarplap satıp aladı. Nátiyjede, bir qansha pul awısıp qaladı. Bul pulǵa qosımsha muǵdarda jáne gósh yaki basqa tovardı satıp alıw imkaniyatına iye boladı.

2. *Almastırıw faktorı*. Qarıydarlar nırqı qımbat bolǵan tovardı, onıń ornın basatuǵın basqa arzan tovarǵa almastıradı. Mısalı, jaz kúnlerinde alma nırqınıń tómenlewine baylanıslı tutınıwshılar miywege bolǵan zárúrliklerin alma satıp alıw menen qanaatlandıradı, sebebi, bul waqıtta almanıń nırqı apelsin yamasa banan nırqına salıstırǵanda bir qansha arzan boladı. Sonıń ushın, qımbat apelsin yaki banan ornın alma iyeleydi.

Tovar nırqınıń ózgeriwi bul eki faktordı keltirip shıǵaradı hám wolardıń óz ara tásiri nátiyjesinde tovarǵa bolǵan talap muǵdarı qáliplesedi.

Bólip alınǵan jeke adamnıń qandayda bir tovarǵa bolǵan talabı onıń usı tovar haqqındaǵı qanday hám qanshelli tolıq maǵluwmatqa iye ekenligine kóp tárepinen baylanıslı boladı. Haqıyqatında da, qanday da bir tovarǵa bolǵan talaptıń asıwı ushın tovardıń sapalı islep shıǵarılıwı jeterli yemes. Bul jaǵdayda tovardıń sapalı islep shıǵarılıp atırǵanı haqqındaǵı maǵlıwmattıń tutınıwshılarǵa jetip barıwı áhmiyetlirek esaplanadı.

**Ámeliy tapsırma.**

Usı ámeliy tapsırma ushin maǵluwmat jumsaw 6 ay waqtın iyeleydi. Dáslep shańaraǵımızda qanday miywe hám ónimler paydalanıw, olar tiykarınan, qay jerden satıp alatuǵının anıqlań.

Sońı, hár hápteniń bir kúninde miywe hám ónimlerdiń dúkandaǵı bahaların jazıp barıń. Usı dizimge shańaraǵımız tarepinen satıp alınǵan miywe hám ónimlerdiń muǵdarın hám jazıp barıń. 6-ay dawamında toplanǵan maǵluwmatlarımızdı analizleń. Bunıń ushın talap grafigin sızıń. Grafikte hár háptede satıp alınǵan hár bir túrdegi miywe hám ónimlerdiń muǵdarın hám bahaların tochkalar menen belgileń. Sońı payda bolǵan sızıq boyınsha óz pikirlerińizdi jazba túrde bayan etiń.

---

1) Qaysı ayda qaysı ónimge talap keskin artıp (kemeyip) ketti? Buǵan ne sebep boldı dep oylaysız?

2) Qaysı ayda qaysı ónimniń bahası eń joqarı (pás) boldi? Bul ayda usı ónimlerge talap qanday ózgerdi? Ne sebepten bunday bolǵan dep oylaysız?

3) Bahanıń hám talap muǵdarınıń eń bálent (pás) bolǵanlıǵına ne sebep bolıwı múmkin?

4) Grafikten paydalanıp kelesi 2-3 ay ishinde usı ónimlerge talap qanday ózgeriw múmkinligin oylap kóriń. Oylarıńızdı tiykarlawǵa háreket qılıń.

5) Tapsırmanı quramalastırıw ushın jáne neler islew zárúr dep oylaysız? Usinday tapsırmalar júrgiziwdiń qanday paydası bar?

**Tapsırma**

Anglishan ekonomisti Robert Giffen qızıq ekonomikalıq qubılıstı baqlaǵan. XIX ásirde irlandiyadaǵı ashlıq waqtında kartoshkanıń nırqı artıwına qaramastan, onı paydalanıw artqan. Usı waqıtlarda kámbaǵal adamlardıń tiykarǵı azıǵı bolǵan kartoshka nırqınıń artıwı olardıń real dáramatların azaytqan. Sol sebepli, adamlar júdá qımbat bolǵan azıq-awqat ónimlerin satıp almastan, olardıń ornına kartoshka satıp alıwǵa májbúr bolǵan. Jáne qanday tovarlar usınday qásiyetke iye bolıwı múmkin? Juwabıńızdı tiykarlań.



http://eduportal.uz



**Alisher Nawayı**
(1441 —1501)

Ullı babamız Alisher Nawayi shıǵarmalarında ekonomikalıq máselelerge úlken orın ajıratqan. Nawayi sawda-satıq, ónermenshilik hám diyxanshılıq tarawlarına úlken áhimiyet berıp, olardı mámleket ekonomikalıq rawajdıń tiykarı dep táriypleydi. Alisher Nawayi mámleket arbabi, wázir sıpatında mámleket ekonomikalıq siyasattiń qáliplesiwine úlken úles qosqan. Bunda ol mámleket ekonomika tarawında rawajlanıw hám xalıqparwar bolıwı zárúr degen ideanı alǵa súrgen.

Nawayı óz dáwiriniń úlgili isbilermeni, úlken múlik itesi hám bolǵan. Ol óz múlkiniń úlken bólegin qayırqomlıq hám sawda jumıslarına asırıpladı. Alisher Nawayiniń ekonomikalıq kóz-qarasları hám idealları onıń «Hiloliya», «Vaqfiya», «Mahbub ul-qulub», «Hotami Toyiy», «Saddi Iskandariy» shıǵarmalarında óz kórinisin tapqan.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Tovardı qanday da bir nırqta satıp alıwǵa bolǵan tilek, zárúrliktiń ózine ǵana talap bola ala ma? Qashan bul tilek talapqa aylanadı?
2. Talap muǵdarı qaysı waqıt aralıǵında qanaatlandırılǵanına baylanıslı ma?
3. Talap hám talap muǵdarı arasında qanday ózgeshelik bar.
4. Talap nızamın mısallar tiykarında túsindiriń.
5. Talap muǵdarınıń tovar nırqına keri bolatuǵının túsindiretuǵın úsh faktordı mısallar járdeminde talqılań.
6. Tovarǵa bolǵan talap kestede berilgen. Oǵan tiykarlanıp talap sızıǵın sızıń:

a)

| Baha (p), swmda | Talap muǵdarı (q), tonnada |
|---|---|
| 1000 | 8 |
| 2000 | 5 |
| 4000 | 2 |

b)

| Baha (p), swmda | Talap muǵdarı (q), tonnada |
|---|---|
| 800 | 70 |
| 1600 | 60 |
| 2400 | 50 |

**Bunı yadta saqlań!**

Tovardıń nırqı qansha tómen bolsa, oǵan talap muǵdarı sonsha kóp boladı, tovardıń nırqı qansha joqarı bolsa, onda talap muǵdarı sonsha tómen boladı.

http://eduportal.uz

## 18-TEMA

# TALAPQA TÁSIR ETIWSHI BASQA FAKTORLAR



| | Somsa bahası, swmda | Satılǵan somsalar sanı |
|---|---|---|
| 1- ay | 1700 | 5000 |
| 2- ay | 1700 | 5500 |
| 3- ay | 1700 | 6000 |



| | Gumma bahası, swmda | Satılǵan gumma-lar sanı |
|---|---|---|
| 1- ay | 1500 | 5000 |
| 2- ay | 1600 | 4500 |
| 3- ay | 1700 | 4000 |

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Tovarǵa bolǵan talap tovar nırqı ózgermegende de túrli faktorlar tásirinde ózgeriwi múmkin. Bul faktorlardıń birin tómendegi mısalda kórip shıǵamız.

**I.** Mektep asxanasında túslikte somsa yamasa «xot-dog» satıladı. Somsa hám «xot-dog» bir-biriniń ornın basıwshı tovarlar toparına kiredi.

Úsh ay dawamında «xot-dog» bahası kóterildi. Somsa bahası bolsa ózgerissiz qaldı. Joqarıdaǵı kestede bul aylardaǵı satılǵan somsa hám «xot-dog» muǵdarı berilgen.

1. Kestede keltirilgen somsanıń nırqı hám oǵan bolǵan talap muǵdarına itibar beriń. Somsa nırqı ózgermese de, oǵan bolǵan talap muǵdarı ne sebepten ózgergen?
2. Bir-biriniń ornın basıwshı tovarlardıń biriniń nırqı artıwı nátiyjesinde ekinshisine bolǵan talap qalay ózgeredi eken?

**II.** Birgelikte paydalanıwǵa mólsherlengen tovarlar bir-birin tolıqtırıwshı tovarlar dep júrgiziledi. Bunday qásiyetke iye tovarlar juplıǵına avtomobil hám benzin mısal boladı. Avtomobillerdiń nırqı artsa, benzinge bolǵan talap qalay ózgeredi? Bunday qásiyetlerge iye jáne qanday tovarlardı bilesiz?

Bazarda tovarǵa bolǵan talaptıń ózgeriwine bir qansha nırqqa baylanıslı bolmaǵan basqa faktorlar da tásir etedi. Bul faktorlar tómendegiler:

http://eduportal.uz

*Tutınıwshınıń talǵamı hám jıl máwsiminiń ózgeriwi.* Tutınıwshılar talǵamı, jıl máwsimleriniń ózgeriwi hám moda ózgeriwi nátiyjesinde tovarǵa bolǵan talap artıwı hám kerisinshe tómenlewi de múmkin. Mısalı, jazda paltoǵa bolǵan talap páseyedi.

*Bazardaǵı tutınıwshılardıń sanınıń ózgeriwi.* Tutınıwshılar sanı artsa, olardıń qanday da bir tovarǵa bolǵan talabı da artadı hám kerisinshe bolatuǵını ayqın. Mısalı, qala xalqınıń sanınıń kóbeyiwi medicinalıq xızmetine bolǵan talaptıń artıwına alıp keledi.

*Tutınıwshılar dáramatlarınıń ózgeriwi.* Ádette, xalıqtıń dáramatınıń artıwı menen derlik barlıq tovarlarǵa bolǵan talap ósedi. Bunday tovarlar *normal tovarlar* dep ataladı. Biraq, sonday tovarlar da bar, olarǵa bolǵan talap xalıqtıń dáramatınıń kemeyiwi menen ósedi. Bunday tovarlardı ekonomistler *tómengi topar tovarları* dep ataydı. Mısalı, xalıqtıń dáramatlarınıń kemeyiwi sapası tómen avtomobilge bolǵan talaptıń artıwına alıp keledi.

**Nominal tovarlar** — xalıqtıń dáramatınıń artıwı menen oǵan bolǵan talap artatuǵın tovarlar.

**Tómengi topardaǵı tovarlar** — xalıqtıń dáramatınıń kemeyiwi menen oǵan bolǵan talap artatuǵın tovarlar.

*Jaqın keleshekte tutınıwshılar dáramatı hám tovar nırqı ózgeriwiniń kútiliwi.* Eger jaqın keleshekte xalıqtıń dáramatlarınıń artıwı kútilip atırǵan bolsa, olar sol waqıttaǵı kúndelikli qárejetlerin kemirek jumsay baslaydı hám sol sebepli, kóbirek tovar satıp ala baslaydı hám kerisinshe.

Eger jaqın keleshekte geybir tovarlar nırqınıń artıwı kútilip atırǵan bolsa, tutınıwshılar bul tovarlardan kóbirek satıp alıp, zapasqa da jıynawǵa háreket etedi. Eger keleshekte ayrım tovarlar nırqı páseyiwi kútilip atırǵan bolsa, tutınıwshılar bul tovarlardı kemirek satıp ala baslaydı.

*Óz ara baylanıs tovarlar nırqınıń ózgeriwi.* Bir tovar nırqınıń ózgeriwi ekinshi tovarǵa bolǵan talaptıń ózgeriwine alıp keliwi múmkin. Bunday tovarlar jubı óz ara baylanıs tovarlar dep ataladı. Óz ara baylanıs tovarlarǵa joqarıda aytılǵan bir-biriniń ornın basıwshı (máselen, hod-dog hám somsa) hám bir-birin tolıqtırıwshı (máselen, avtomobil hám benzin) tovarlar mısal bola aladı.



http://eduportal.uz

**Óz ara baylanıslı tovarlar** — birewiniń nırqı ózgeriwi ekinshisine bolǵan talaptıń ózgeriwine alıp keletuǵın tovarlar jubı.

**Bir-biriniń ornın basıwshı tovarlar** — birdey zárúrliklerdi qanaatlandırıwǵa mólsherlengen tovarlar jubı.

**Bir-birin tolıqtırıwshı tovarlar** — birge paydalanıwǵa mólsherlengen tovarlar jubı.

Nırqqa baylanıslı bolmaǵan joqarıdaǵı faktorlar tásirinde talap sızıǵınıń ózgeriwin talıqlap kóreyik. Baslanǵısh jaǵdayda tovarǵa bolǵan talap muǵdarı 1-keste kórinisinde berilgen bolıp, oǵan sáykes talap sızıǵı $D_g$ kórinisinde bolsın dep alayıq. Nırqqa baylanıslı bolmaǵan qanday da bir faktor tásirinde tovarǵa bolǵan talap artıp, 2-keste kórinisin alǵan bolsın deyik. Bul keste tiykarında talap sızıǵınıń baslanǵısh hám keyingi jaǵdayların sızatuǵın bolsaq, talap sızıǵı baslanǵısh $D_g$ jaǵdayınan, keyingi $D_1$ jaǵdayına ótkenligin, yaǵnıy oń tárepke jılısqanın anıqlawımız múmkin. Tap usı sıyaqlı qanday da bir faktor tásirinde tovarǵa bolǵan talaptıń 3-kestedegidey tómenlewi nátiyjesinde talap sızıǵınıń baslanǵısh $D_g$ jaǵdayınan shep tárepke jılısıp $D_2$ jaǵdayına ótetuǵının kóriwimiz múmkin.




1-keste

| Baha, swmda | Baslanǵısh jaǵdaydaǵı talap muǵdar, tonnada |
|---|---|
| 400 | 400 |
| 600 | 300 |
| 800 | 200 |

2-keste

| Baha, swmda | 1-jaǵdaydaǵı talap muǵdarı, tonnada |
|---|---|
| 400 | 500 |
| 600 | 400 |
| 800 | 300 |

3-keste

| Baha, swmda | 1-jaǵdaydaǵı talap muǵdarı, tonnada |
|---|---|
| 400 | 300 |
| 600 | 200 |
| 800 | 100 |

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Bir-biriniń ornın basıwshı hám tolıqtırıwshı tovarlar jublıǵına ekewden mısal keltiriń hámde bul tovarlarǵa bolǵan talaptıń ózgeriwin dodalań.
2. Tovarǵa bolǵan talap sızıǵınıń tómendegi faktorlar tásirinde ózgeriwin anıqlań: a) xalıqtıń sanınıń ósiwi; b) tutınıwshılar dáramatınıń kemeyiwi; d) tovar ornın basıwshı tovar nırqınıń kemeyiwi; e) tolıqtırıwshı tovar nırqınıń artıwı; f) tovar nırqınıń artıwı kútiliwi; g) tutınıwshılar dáramatınıń artıwınıń kútiliwi.



http://eduportal.uz

**Ámeliy tapsırma**

Tómendegi jaǵdaylarda tovarǵa bolǵan talaptıń qay dárejede hám ne sebepten ózgeriwin túsindirip beriń.

I. Tovar atı: qımbat bahalı futbol tobı. Bahası 140 000 swm

1. Barlıq tutınıwshılardıń dáramatları 20% ke ósti;
2. Futbol maydanınan paydalanıw haqı eki eseden arttı;
3. Futbol boyınsha jáhán chempionatı oyınları televidenie arqalı kórsetile basladı;
4. Qalada bir neshe tennis kordları qurılıp iske túsirildi;
5. Jaz jamǵirlı keldi.

II. Tovar atı: arzan bahalı futbol tobı. Bahası: 30 000 swm

1. Barlıq tutınıwshılardıń dáramatları 20% ke ósti;
2. Futbol maydanınan paydalanıw haqı eki eseden arttı;
3. Futbol boyınsha jáhán chempiyonatı oyınları televidenie arqalı kórsetile basladı;
4. Qalada bir neshe tennis kordları qurılıp iske túsirildi;
5. Jaz jamǵirlı keldi.

III. Tovar atı: Velosiped Bahası: 850 000 swm

1. Barlıq tutınıwshılardıń dáramatları 10% ke kemeydi
2. Qala transportınan paydalanıw bahası 30% ke arttı;
3. Jaslar ortasında rolikli konkide ushıw dástúr bola basladı;
4. Televideniye arqalı velosopedtiń reklaması tınbay aytıla basladı;
5. Azıq-awqat nırqı keskin asıp ketti.

Joqarıdaǵı jaǵdaylardıń hár birine talap sızıǵı qaysı tárepke jılısıwin kórsetip beriń.

**Bunı yadta saqlań!**

Tovarǵa bolǵan talap nırqqa baylanıslı bolmaǵan tómendegi sebepler tiykarında ózgeriwi múmkin: 1) Tutınıwshılardıń qálewi hám jıl máwsiminiń ózgeriwi; 2) Bazardaǵı tutınıwshılar sanınıń ózgeriwi; 3) Tutınıwshılar dáramatiniń ózgeriwi; 4) Óz ara baylanıs tovarlar nırqınıń ózgeriwi; 5) Jaqın keleshekte tutınıwshılar dáramatları hám tovar nırqı ózgeriwiniń kútiliwi.

http://eduportal.uz

## 19-TEMA USÍNÍS HÁM USÍNÍS NÍZAMÍ

| Gúrish bahası (p), swmda | Gúrish usınıs muǵdarı (q), tonnada |
|---|---|
| 8 800 | 8 |
| 8 600 | 7 |
| 8 400 | 6 |
| 8 200 | 5 |
| 8 000 | 4 |
| 7 800 | 3 |




### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Ándijan diyqan bazarında gúrishtiń bahası 8600 sum, Ferǵana diyqan bazarında bolsa 7 200 sum:

1) Diyqanlar qaysı bazarǵa kóbirek gúrish aparıp satıwdı qáleydi? Nege?
2) Bazarǵa satıw ushın alıp shıǵılıp atırǵan tovar muǵdarı hám nırqı arasında qanday baylanıs bar dep oylaysız.
3) Gúrish nırqı hám usınıs kólemi haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen keste tiykarında tiyisli noqatlardı koordinatalar tegisliginde belgileń hám olardı tutastırıp shıǵıń payda bolǵan sızıqtı ekonomistler usınıs sızıǵı dep ataydı.

Aldıńǵı eki sabaqta tovardıń satılıw kólemin tutınıwshılar kózqarasınan dodalaǵan edik. Bul sabaqta tovardıń satılıw kólemin satıwshılar kózqarasınan qarap shıǵamız.

*Tovar usınısı* yakı satıwshılardıń belgili waqıt dawamında tovardı túrli bahalarda qanshadan satıwǵa bolǵan qálew hám imkaniyatların anıqlaydı. Usınıs muǵdarı dep satıwshılardıń belgili waqıt dawamındaǵı málim nırqta satıwları múmkin bolǵan tovar muǵdarına aytıladı. Usınıs degende ayrıqsha, jeke usınıstı (belgili satıwshınıń usınısı) yaki usınısınıń ulıwmalıq kólemin (bazardaǵı barlıq satıwshılardıń ulıwmalıq usınısın) qaraw múmkin. Biraq ekonomika páninde, tiykarınan, belgili tovarǵa bolǵan ulıwmalıq usınıs kólemi úyreniledi.

http://eduportal.uz

| Baha (p) | Talap (q) |
|---|---|
| 800 | 700 |
| 700 | 600 |
| 600 | 500 |
| 500 | 400 |

Qanday da bir tovar usınısı, ádette, keste kóriniste sáwlelenedi. Keste tiykarinda grafik sızılsa, usınıs sızıǵı payda boladı. Usınıs sızıǵı «S» hárip — inglishe «supply» (usınıs) sóziniń bas háribi menen belgilenedi. Usınıs tiykarinan $p=aq+b$, $(a\geq 0)$ sızıqlı funksiya kórinisinde hám beriliwi múmkin.




Tovar usınısı muǵdarı tovardıń nırqına baylanıslı hám tovar nırqına baylanıslı bolmaǵan sebepler tásirinde ózgerip turadı. Usınıstıń tek ǵana nırqa baylanıslı qásiyeti usınıs nızamında óz kórinisin tapqan: **Basqa sharayatlar ózgermegen halda, tovardıń nırqı qansha tómen bolsa, onıń usınıs muǵdarı sonsha az boladı, tovardıń nırqı qansha joqarı bolsa, onıń usınıs muǵdarı sonsha kóp boladı.**

Usınıs nızamı usınıs muǵdarınıń nırqa qaraǵanda tuwrı baylanıslıǵın kórsetedi, yaǵnıy nırq asqanda usınıs muǵdarı hám asadı.

Talap túsinigi menen tanısqanımızday, usınıs muǵdarınıń ózgeriwi islep shıǵarıwshılardıń túrli maǵlıwmatlardan xabardarlıǵına kóp tárepten baylanıslı boladı.

**Usınıs** — tovar nırqı hám usınıs muǵdarı arasındaǵı qatnasıq bolıp, satıwshılardıń belgili waqıt dawamında tovardı hár túrli nırqta qansha muǵdarda satıwı múmkin ekenligi haqqındaǵı tilek hám imkaniyatların anıqlaydı.

**Usınıs muǵdarı** — satıwshılardıń belgili waqıt dawamında belgili bir nırqta satıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.

Adam Smit óz teoriyasında ekonomikalıq xızmet erkinligine rawajlanıw faktorı sıpatında qaraǵan. Onıń pikirinshe, hár bir bazar qatnasıwshısı bazarda óz máplerin qorǵaydı. Jeke mápleri onı joqarı dárejedegi payda keltiretuǵın xızmetke baǵdarlaydı. Sol maqsette ol kóbirek ónim islep shıǵarıwǵa hám bunıń ushin azıraq dáramat sarplawǵa háreket qıladı. Nátiyjede, sıpatlı hám arzan tovarlar hám xızmetler bazarǵa shıǵarıladı hám bazardaǵı usınıstı asıradı. Bunnan bolsa tutınıwshılar hám pútin jámiyetke úlken zıyan keltiredi.

Bul procesti ya mámleket, ya basqa bir shaxs basqaradı. Qatnasıwshılardıń bazardaǵı erkin xızmeti talap hám usınıstı muwapıqlastıradı. Talap hám usınıstı Adam Smit bazardıń «kórinbes qolı dep ataǵan hám usı «kórinbes qol» bazardaǵı múnásibetlerdi muwapıqlastıradı hám qatnasıwshilar xızmetin basqarıp turadı dep aytqan.

Hár bir bazar qatnasıwshısı óz mápin kózlep iskerlik kórsetedi.

Bul, óz náwbetinde ónim hám nırqlardıń tártipsiz aralasıwın payda qıladı. Biraq...

... jáne basqa bazar qatnasıwshıları hám óz máplerin kózlegen halda oǵan báseke qıla baslaydı.

Eger bir islep shıǵarıwshı júdá kóp dáramat qıla baslasa ...

... basqa bir islep shıǵarıwshı óz ónimi nırqın páseytedi hám birinshi islep shıǵarıwshınıń ónimleri satılmay qala baslaydı.

Egerde bir islep shıǵarıwshı jumısshılarına júdá hám kem is haqı tóley baslasa...

... basqa islep shıǵarıwshı onıń jumısshıların ózine ótkerip aladı hám birinshi firma kriziske ushıraydı.

Firmanıń iskerligi jumısshı kúshı ushın bazardaǵıday is haqı tólense ǵana hám bazar talap qilǵan ónimlerdi tutınıwshılar tólese tayar bolǵan nırqlarda islep shıǵara alsa ǵana jetıskenlikke erısedı hám dawam etiwi múmkin.

**Bazardıń «kórinbes qolı» bazardaǵı iskerlikti basqarmaqta hám jámiyet máplerine xızmet qılmaqta.**

http://eduportal.uz

**Tapsırma**

1. Óziñiz bilgen diyqan bazarında satılıp atırǵan awıl xojalıq ónimlerinen birewin tańlań. Usı bazar boyınsha sol waqıtta usı ónimge bolǵan usınıstı shamalap, usınıs kestesin dúziń. Keste tiykarında usınıs egri sızıǵın sızıń.

2. Tovar usınısı tómendegi keste kórinisinde berilgen onıń tiykarında usınıs sızıǵın sızıń.

*a)*

| Baha (p), swmda | Usınıs muǵdarı (q), tonnada |
|---|---|
| 800 | 40 |
| 1600 | 50 |
| 2400 | 60 |
| 3200 | 70 |

*b)*

| Baha (p), swmda | Usınıs egri chizig'i |
|---|---|
| 1000 | 100 |
| 2000 | 150 |
| 3000 | 200 |
| 4000 | 250 |

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Usınıs túsiniginiń mánisin mısallar járdeminde túsindiriń.
2. Usınıs muǵdarın ne?
3. Usınıs egri sızıǵın sızǵanda qanday maǵlıwmatlar kerek boladi?
4. 2016-jılı Ózbekstanda kartoshka kóp jetistirilip, bazarlarda onıń nırqı biraz arzan boldı. 2017-jıldıń gúzine kelip kartoshkanıń nırqı júdá qımbatlap ketti. Bunıń sebebi nede dep oylaysız?
5. Eger mákkeniń nırqı jaqın keleshekte artıwı kútilip atırǵan bolsa, mákkeniń bazardaǵı usınıs muǵdarı qalay ózgeredi?
6. Usınıs nızamın mısallar tiykarında túsindirip beriń.
7. Adam Smit tárepinen bazardıń «kórinbes qolı» túsinigi qanday ekonomikalıq hádiysege qarata jumsaladı? Bul túsiniktiń mánisi nede?

**Bunı yadta saqlań!**

- Tovardıń nırqı qansha tómen bolsa, onın usınıs muǵdarı sonsha az boladı, tovardıń nırqı qansha joqarı bolsa, onıń usınıs muǵdarı sonsha kóp boladı.
- Bazardı úyreniwde talap túsinigi menen bir waqıtta usınıs túsinigi hám eń zárúr esaplanadı.
- Talap hám usınıs A.Smit bazardı «kórinbes qolı» dep atalǵan hám bazar sol «kórinbes qolı» arqalı basqarılıp turadı.

http://eduportal.uz

# 20-TEMA USÍNÍSQA TÁSIR ETIWSHI BASQA FAKTORLAR







| Sháynek bahası (p), swmda | Sháynektiń usınıs kólemi (q), mıń danada |
|---|---|
| 30 000 | 10 |
| 40 000 | 30 |
| 50 000 | 60 |




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Shiyshe buyımlar bazarında shaynek usınısı joqarıdaǵı kestede berilgen. Bul kesteden paydalanıp, shiyshe buyımlardıń usınıs sızıǵın sızıń.
2. Arzan shiyshe shiyki zatı respublikamızda óndiriletuǵın boldı. Bul jaǵday shiyshe buyımlar bazarında qanday ózgeriske alıp keledi? Endi shaynek kóp islep shıǵarıla ma yaki az islep shıǵarıla ma? Shaynektiń usınıs sızıǵı qalay ózgeredi? Bul ózgeristi grafik arqalı kórsetiń.
3. Bazarǵa kóp muǵdarda Qıtayda islengen shiyshe buyımlar alıp kelindi hám kóplegen satıwshılar olardı sata basladı. Bul jaǵday shiyshe buyımlar bazarında qanday ózgeriske alıp keledi?

Tovar usınısı tómendegi tovar nırqına baylanıslı bolmaǵan faktorlar tiykarında da ózgeriwi múmkin:

**1. Resurslar nırqınıń ózgeriwi.** Eger resurslar nırqı artsa, tovardı óndiriwshilerdiń qárejetleri artadı. Dáslep olar belgili bir muǵdardaǵı qarjıların qárejet etip, belgili bir muǵdardaǵı tovar islep shıǵarıp atırǵan bolsa, endi

http://eduportal.uz

bul qarjıǵa burınǵıdan az muǵdardaǵı tovar islep shıǵara aladı. Solay yetip, bazarda tovar usınısı kemeyedi.

**2. Óndiris texnologiyalarınıń ózgerisi.** Texnologiyanıń ózgerisi, ádette, tovardı óndiriw ushın sarplanatuǵın qárejetlerdi kemeytedi, ónimdarlıqtı bolsa arttıradı. Usı sebepten tovar usınısı artadı.

**3. Mámleket tárepinen óndiriwshilerge salınatuǵın salıqlar hám jeńillik-lerdiń ózgertiliwi.** Salıqlar kóbeyse, tovar ushın sarplanatuǵın qárejetler artadı. Sol sebepten, tovar usınısı kemeyedi hám kerisinshe.

**4. Nırqtıń ózgeriwiniń kútiliwi.** Eger bazarda tovar nırqınıń artıwı kútilip atırǵan bolsa, satıwshılar óz tovarların házir arzan nırqta satqannan, keyin qımbat nırqta satıwdı abzal kóredi. Nátiyjede tovar usınısı kemeyedi hám kerisinshe.




**5. Bazardaǵı satıwshılar sanınıń ózgeriwi.** Bunda tovar usınısı da ózgeredi.

**6. Payda alıwshınıń basqa sebepleri.** Kópshilik Tovar islep shıǵarıwshılar bir túrdegi Tovar islep shıǵarıw menen qanaatlanbaydı. Olar basqa túrdegi tovarlar islep shıǵaradı hám payda aladı. Sol paydadan bir bólegin ózine qaratıw hám usınıs ósiwine alıp kelıwı múmkin hám kerisinshe, qárejettiń úlken bólegi basqa tovarlar islep shıǵarıwǵa jumsap jiberiliwi usınıstıń kemeyiwine alıp keliwi múmkin.

**7. Basqa tovarlar nırqı.** Kóbinese basqa tovarlar nırqınıń ózgeriwi hám kórilmey atırǵan tovarımız usınısqa tásir qılıwı múmkin. Bul faktorlar tásirinde eger usınıs artsa, usınıs sızıǵı ($S_0$) oń tárepke jılısadi ($S_1$), eger usınıs tómenlese, usınıs sızıǵı shep tárepke jılısadı ($S_2$).

Bazarda talap kóplegen usıllar tásirinde ózgeriwi múmkin. Talap ózgeriwine bazar usınısınıń ózgeriwi menen juwap beredi. Bunıń ushın kimniń shetten aralasıwı yaki jobalastırıwı shart emes. Bunıń ushın bazar qatnasıwshılarınıń máplerin gózlep jumıs kórsetiw jeterli.

Bul jerde bazar qatnasıwshıları degende tek firmalardı ǵana emes, bálkim islep shıǵarıwshı da bánt bolǵan jumısshı hám qániygeler názerde tutılmaqta. Firmalar mápi paydadan ibarat bolsa jumısshı hám qániygelerdiń mápi kóbirek is haqı alıw bolıp esaplanadı. Usı mápler usınıstıń ózgeriw mexanizmin háreketke keltiriwshi kúshler.

Bazarda usınıstıń talaplarına baylanıslı ráwishte ózgeriwin belgili mısal járdeminde kórgizbeli ráwishte túsindiriwi múmkin.




Biraq, bul jaǵday bazarda jańa firmalar kirip nırqlardı óz tábiyiy dárejesi túsindirgenshe dawam etedi.

**Tapsırma**

Klasslaslarıńızǵa shártli túrde jumıs usınıs etiń. Qanday is haqı belgilengende, olar bul jumıstı islewge razı ekenligin, yaǵnıy óz jumısshı kúshiniń qunın anıqlap, usınıs kestesin dúziń hám usınıs sızıǵın sızıń. Qanday da bir aylıqqa razı jumısshınıń onnanda kóp aylıqqa islewi múmkinligin keste dúzip atırǵanda esapqa alıń.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Usınısqa tásir etiwshi nırqqa baylanıslı bolmaǵan qanday faktorlardı bilesiz? Olardıń usınısqa tásirin mısallar járdeminde túsindiriń.
2. Makoronnıń usınıs sızıǵı jıldıń basındaǵı jaǵdayǵa salıstırǵanda a) shepke; b) ońǵa jıljısa, bul neni ańlatadı? Bul ózgeris joqarıda keltirilgen 5 faktordıń qaysılarınıń tásirinde payda bolıwı múmkin?
3. «Lazzat» konditer fabrikasına jańa zamanagóy texnologiyalıq úskeneler ornatıldı. Bul konditer tovarlarınıń usınısına qanday tásir kórsetedi?



http://eduportal.uz

4. Mámleket tárepinen qaysı bir tovardı óndiriwge jeńillik berilip, salıqlar kemeytilse, bul tovar usınısı qalay ózgeredi?
5. Talaptıń ózgeriwine bazar qay tarizde juwap beredi.
6. Usınıstıń talap muǵdarına baylanıslı rawishte ózgeriwine qanday usıllar tásir etedi.
7. Sayabanlar hám kózaynekler usınıslardıń ózgeriw mexanizmi súwretlengen sxemasın analizlep beriń.



Ullı filosof mámleket arbabı hám ilimpaz Zahriddin Muhammed Baburdıń ekonomika hám sociallıq tarawlarda ámelge asırǵan jumısları hám bildirgen ideya hám pikirleri shıǵistıń kóp ǵana alımlarınıń jaqlawına iye bolǵan

Babur, ásirese, salıq hám pul siyasatı tarawında úlken jumislardı ámelge asırǵan. Onıń dáwirinde islep shıǵarıw ónimdarlıǵın asırıw, jer ónimdarlıǵın jaqsılaw barısında ilajlarǵa úlken áhmiyet berilgen. Bazarlardı erkinlestiriw Baburdıń barlıq waqıt dıqqatında bolǵan.

Baburdıń ekonomikalıq qarasları onıń shıǵarmaları «Baburnama», «Mubayyim», «Zakat toǵrisinda katta kitob» shıǵarmalarında óz sawlesin tapqan.

Baburdıń ekonomika tarawında jumısları onıń áwladları, ásirese Humayun (1508-1556) hám Akbarshah (1542-1605) dáwirinde múnásip dawam ettirgen.



**Bunı yadta saqlań!**

• Tovardıń usınısı nırqqa baylanıslı bolmaǵan sebepler tásirinde hám ózgeriwi múmkin.

• Talap ózgeriwine bazar usınısınıń ózgeriwi menen juwap beredı. Bunıń ushın shetten birewdiń aralasıwı shárt emes.

• Tovar usınısınıń ózgeriwine: resurslar nırqınıń ózgeriwi; islep shıǵarıw texnologiyalarınıń ózgeriwi; mámleket tárepinen islep shıǵarıwshılarǵa salınatuǵın salıqlar hám jeńilliklerdiń ózgeriwi; bazarda satıwshılar sanınıń ózgeriwi; nırq ózgeriwiniń kútiliwi; payda alıwdıń basqa derekleri basqa tovarlar nırqınıń ózgeriwi sıyaqlı sebepler tásir ótkeriwi múmkin.

• Talap hám usınıstı A.Smit bazardıń «kórinbes qolı» dep ataǵan hám bazardı usı «kórinbes qol» basqarıp turadı, dep aytqan.

http://eduportal.uz

## 21-TEMA

## TOVARDÍŃ BAZAR NÍRQÍ

Hár kúni erte azanda Tashkent qalasınıń «Xislat» máhállesinde qala átirapındaǵı xojalıqlardan keltirilgen sút hám sút ónimleri kishi bazarı xızmet kórsetedi. Sút satıwshılar hám onı satıp alıwshı máhelle xalqınan soraǵanda bir kúnlik jeke talap hám jeke usınıs tómendegi keste kórinisinde ekenligi anıqlandı.

| Sút bahası, swmda | Qarıydarlardıń jeke talapları muǵdarı, litrlerde | | | | | | | | | | Sútke bolǵan kúnlik talap muǵdarı, litrde |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Abdullayev | Burhonov | Davronov | Ergashev | Farmonov | G'ulomov | Haydarov | Ilhomov | Jurayev | Kamalov | |
| **4 000** | *2* | *4* | *3* | *6* | *3* | *5* | *2* | *4* | *3* | *4* | |
| **4 200** | *2* | *3* | *3* | *6* | *2* | *4* | *1* | *4* | *3* | *3* | |
| **4 400** | *0* | *2* | *2* | *4* | *0* | *1* | *0* | *3* | *3* | *3* | |
| **4 600** | 0 | 2 | 2 | 3 | 0 | 1 | 0 | 3 | 2 | 2 | |

| Sút bahası, sumda | Satıwshılardıń jeke usınıs muǵdarı, litrlerde | | | Bazar boyınsha sútke bolǵan kúnlik usınıs muǵdarı, litrde |
|---|---|---|---|---|
| | 1- satıwshı | 2-satıwshı | 3-satıwshı | |
| **4 000** | 0 | 10 | 10 | |
| **4 200** | 6 | 15 | 10 | |
| **4 400** | 11 | 20 | 15 | |
| **4 600** | 16 | 25 | 20 | |

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Berilgen kestege qarap, kishi bazardaǵı sútke bolǵan kúnlik talap hám usınıs tı anıqlap, aqırǵı baǵananı toltırıń.
2. Súttiń nırqı 4000 swm bolǵanda kishi bazardaǵı talap hám usınıs muǵdarları qansha boladı?
3. Eger mámleket tárepinen sút nırqı 4 000 swm etip qatań belgilense, qanday jaǵday júzege keledi? Qansha litr sút jetpey qaladı?

http://eduportal.uz

4. Sút nırqı 4 400 swm bolǵanda, kishi bazar boyınsha talap hám usınıs muǵdarları qanshanı quraydı?
5. Eger sút nırqı 4 400 swm etip qataṅbelgilense, qanday jaǵday júz beredi? Qansha sút awısıp qaladı?
6. Sút nırqı 4 200 swm bolǵanda kishi bazardaǵı talap hám usınıs muǵdarları qansha boladı, kishi bazardaǵı talap hám usınıs muǵdarların anıqlań.
7. Bul jaǵdayda hár eki tárepinen — satıwshı hám qarıydardıda qanaatlandırılatuǵın nırq, siziṅshe, neshe sum bolıwı kerek dep oylaysız?

Tovardıń bazar nırqı qalay anıqlanadı? Bazar ekonomikasında bazar ekonomikası sharayatında tovardıń bazar nırqı oǵan bolǵan talap hám usınıs muǵdarına qarap anıqlanadı.

Qandayda bir tovarǵa bolǵan bazar talabı, bazardaǵı jámi qarıydarlardıń ulıwmalasqan pikiri bolıp, tovardıń nırqı túrlishe bolǵanda onı satıp alıw tilegi hám imkaniyatların kórsetetuǵın edi. Tap usıǵan uqsas, tovardıń bazar usınısı, bazardaǵı jámi satıwshılardıń ulıwmalasqan pikiri bolıp, tovardıń nırqı túrlishe bolǵanda tovardı bazarda satıw tilegi hám imkaniyatlarıń aṅlatar edi. Keliń, hár eki tárep — qarıydar hám satıwshılardıń pikir hám tilekleri qashan betpe bet túsiwin talqılap kóreyik. Meyli, gúrishtiń bazardaǵı talap hám usınısı tómendegi keste arqalı berilgen bolsın. Bul keste tiykarında talap hám usınıs sızıqları bir koordinatalar tegiliginde sızatuǵın bolsaq,tómendegi sızılmaǵa iye bolamız.

Payda bolǵan qayshıǵa uqsaǵan kórinis amerikalı ataqlı ekonomist ilimpaz alım Alfred Narshall húrmetine «Marshall qayshısı» dep ataladı.

Bazarda gúrish nırqı qataṅ nırq 8 600 sum etip belgilengen bolsın deyik, onda gúrishke bolǵan talap hám usınıs muǵdarı óz ara teń bolıp, 4 tonnanı quraydı. Bul jaǵdayda satıwshılar tárepinen usınıs etilgen 4 tonna gúrishtiń hámmesi 8 600 sum nırqta qarıydar tárepinen satıp alınadı hám bul jaǵday

| Gúrish nırqı (p), swmda | Gúrishke bolǵan talap muǵdarı ($q_d$), t | Gúrishtiń usınıs muǵdarı ($q_s$), t |
|---|---|---|
| 9 000 | 0 | 8 |
| 8 800 | 2 | 6 |
| 8 600 | 4 | 4 |
| 8 400 | 6 | 2 |



qarıydarlar ushın, hám satıwshılar ushın maqul túsedi. Tovarǵa bolǵan talap hám usınıs teń bolǵan jaǵdaydaǵı tovar nırqı  turaqlı nırq yaki tovardıń bazar nırqı dep ataladı. Bazar nırqına sáykes talap (yaki usınıs) muǵdarı turaqlı muǵdar dep júritiledi. Joqarıda kórilgen bazardaǵı gúrishtiń turaqlı nırqı, yaǵnıy bazar nırqı 8 600 swmdı, al turaqlı muǵdarı bolsa 4 tonnanı quraydı. Talap hám usınıs sızıqlarınıń kesilisiw noqatı (M noqat) turaqlı noqat dep ataladı. M noqatınıń ordinatası turaqlı nırqtı, abcissası bolsa turaqlı muǵdardı anıqlaydı.

**Turaqlı muǵdar** — tovardıń bazardaǵı turaqlı bahasına sáykes bolǵan talap (yaki usınıs) muǵdarı.

**Tovardıń bazar (turaqlı) nırqı** — bazarda tovarǵa bolǵan talap muǵdarınıń usınıs muǵdarına teń bolǵan nırq.

Bazarda qatań nırq 8 400 swm etip belgilengen bolsın. Onda bazarda gúrishke bolǵan talap muǵdarı 6 tonna, usınıs bolsa 2 tonnanı quraydı. Demek, usınıs etilgen 2 tonna gúrish tez satılıp, qarıydarlardıń jáne 4 tonnalıq talabı qanaatlandırılmay qaladı, yaǵnıy ónim qıtshıllıǵı júzege keledi. Bazardaǵı bunday jaǵday  tqıtshıl bazar jaǵdayı dep ataladı.

Kerisinshe, bazarda gúrish nırqı 8 800 swm etip belgilengen bolsa,gúrishke bolǵan talap muǵdarı 2 tonna, usınıs bolsa 6 tonnanı quraydı.Nátiyjede, usınıs etilgen gúrishtiń tek 2 tonnası satıp alınıp, 4 tonnası artıqsha bolıp qaladı. Bazarda bunday jaǵday toyınǵan bazar jaǵdayı dep ataladı.

Kórip turǵanıńızday, joqarıdaǵı hár eki jaǵdayda da bazarda turaqlılıq (teńsalmaqlılıq) joq. Sonlıqtan, bazarda nırqlardıń bunday joqarıdan qatań etip ornatılıwı maxsetke muwapıq emes. Egerde bazarda turaqlı belgilengen turaqlı nırqlardaǵı talapqa iye tovarlar muǵdarı tap sonday nırqtaǵı usınıs etip atırǵan tovarlar muǵdarına teń bolsa bazardıń bul jaǵdayı bazar turaqlılıǵı dep ataladı. Bunday bazar ekonomika pánınde turaqlasqan bazar dep júritiledi.

**Qatań nırqlar** — bazarda mámleket tárepinen qatań mámleket tárepinen qatań ornatılatuǵın, ádette bazar nırqınan tómen bolǵan nırq.

**Qıtshıl bazar** — tovardıń usınıs muǵdarınıń oǵan bolǵan talap muǵdarınan támen bolǵan bazar.

**Toyınǵan bazar** — tovardıń usınıs muǵdarınıń oǵan bolǵan talap muǵdarınan joqarı bolǵan bazar.



http://eduportal.uz

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Talap hám usınıs bazarda óz ara qanday turaqlılıqta (teń salmaqlılıqta) boladı?
2. «Marshall qayshısı» dep ne ushın shártli túrde at berilgen?
3. Qıtshıl bazar jaǵdayı degen ne hám ol qashan júzege keledi?
4. Turaqlı (teń salmaqlılıq) muǵdarı dep nege aytıladı?
5. Toyınǵan bazar jaǵdayın túsindiriń hám ol qashan júzge keledi?
6. Tovardıń bazar yaki turaqlı nırqı dep nege aytıladı hám ol qalay anıqlanadı?
7. Bazardaǵı qanday jaǵday «bazar nırqı (turaqlı nırq)» dep ataladı?

### Shınıǵıw

Tovarǵa bolǵan talap hám usınıs kestede berilgen.

1. Oǵan tiykarlanıp talap hám usınıs sızıǵın sızıń.
2. Sızılmadan tovardıń bazar nırqı turaqlı muǵdarın anıqlań.
3. Bul jaǵdayda bazarda neshe sumlıq tovar satılıwın esaplań.

| Tovardıń nırqı (p), swmda | Tovarǵa bolǵan talap muǵdarı ($q_D$), danada | Tovardıń usınısı muǵdarı ($q_S$), danada |
|---|---|---|
| 400 | 200 | 20 |
| 500 | 150 | 60 |
| 600 | 100 | 100 |
| 700 | 50 | 140 |

8. Joqarıdaǵı shınıǵıwda súwretlengen jaǵdayda tovar nırqı 400 swm etip qatań belgilep qoyılsa, bazarda qanday jaǵday júzege keledi? Nırq 700 swm etip qatań etip qoyılsa she?



**Alfred Marshall**
(1842—1924)

Alfred Marshalldıń eń tiykarǵı ekonomikalıq ideyası usınıs hám talaptıń óz ara tásiri bazar nırqınıń qáliplesiwine alıp keledi degen pikir bolıp tabıladı.

Marshall usınıs hám talapqa jańasha názer menen qaray bildi. Ol usınıs penen talap bazar nırqın qáliplestiriw jolında birgelikte háreket etiwin kóre bildi. Ol ekonomikalıq teoriyada matematikanı usındı hám «Marshall qayshısı» dep at alǵan grafikti sáwlelendirdi.

«Barlıq jaǵdaylarda bazarda satıw ushın qansha kóp nárseler kiritilse, olardıń óz qarıydarların taba alatuǵın nırqı sonsha pás boladı».

*(Alfred Marshall)*

http://eduportal.uz

# 22-TEMA TALAP HÁM USÍNÍS NÍZAMLARÍNA BAYLANÍSLÍ ÁMELIY SHÍNÍǴÍW

**1. Turaqlı nırqtı talap hám usınıs kestesi arqalı anıqlaw.** Aytayıq, tovardıń bazardaǵı talap hám usınısı tómendegi keste arqalı berilgen bolsın:

| Tovar nırqı (p) swmda | Tovarǵa bolǵan talap muǵdarı ($q_D$), danada | Tovardıń usınıs muǵdarı ($q_S$), danada |
|---|---|---|
| 1 200 | 0 | 8 |
| 900 | 2 | 6 |
| 600 | 4 | 4 |
| 300 | 6 | 2 |

Bul kesteden tańlawdın turaqlı nırqın anıqlaw ushın talap hám usınıs muǵdarları teń bolǵan qatardı tabıw jetkilikli. Biz kórip atırǵan kestede bul úshinshi qatar bolıp, tovar nırqı 600 swm bolǵanda, talap hám usınıs muǵdarları teń boladı. Demek, 600 swm tovardıń bazar nırqı, yaǵnıy turaqlı nırq bolıp, bul jaǵdayda tovardıń turaqlı nırqı 4 dananı quraydı.

Eger hákimiyat tárepinen tovardıń nırqı qatań 300 swm etip belgilense, bul jaǵdayda usınıs etilgen 2 birlik tovardıń barlıǵı qarıydar tárepinen tez satıp alınıp, bazarda 6—2 = 4 birlik tovarǵa qıtshılıq payda boladı.

**2. Turaqlı nırqtı talap hám usınıs kesteleri járdeminde talap hám usınıs sızıǵın sızıw arqalı anıqlaw.**

Joqarıdaǵı keste tiykarında talap sızıǵında jatırǵan noqatlardı anıqlaymız. Talap kestesiniń birinshi qatarında 1200 hám 0 sanlarına talap sızıǵınıń A (0;1200) noqatı, ekinshi qatardaǵı 900 hám 2 sanına talap sızıǵınıń B (2;900) noqatı mas keledi (C(4;600) hám D (6;300) noqatları da usılay tabıladı). Bul noqatlardı koordinata tegisligindegi ornın belgileymiz. Olardı tutastırıp, talap sızıǵın payda etemiz. Tap usıǵan uqsaǵan usınıs sızıǵı da sızıladı. Bul grafiklerdiń kesiliw noqatı turaqlı noqat bolıp tabıladı. Biziń jaǵdayda



bul M noqattan ibarat. Bul noqattıń birinshi koordinatası (absissası) turaqlı muǵdardı, ekinshi koordinatası (ordinatası) turaqlı nırq boladı. Biziń jaǵdayımızda tovardıń bazar nırqı, yaǵnıy turaqlı nırqı 600 sumdı, turaqlı muǵdarı bolsa 4 birlikti quraydı.

**3. Talap usınıs funkciyaları járdeminde turaqlı nırqtı anıqlaw.** Aytayıq, bazarda tovarǵa bolǵan talap hám onıń usınısı $q_D = 400 - p$ hám $q_S = 2p + 100$ funkciyalar kórinisinde berilgen. Bul jerde, $p$ — tovar nırqı (swmda); $q_D$ — tovarǵa bolǵan talap muǵdarı (mıń danada); $q_S$ — tovar usınıs muǵdarı (mıń danada). Tovardıń turaqlı nırqın hám turaqlı muǵdarın tabıń.

**Sheshiw.** Teńsalmaqlılıq nırqı bolıwı ushın $q_D$ hám $q_S$ teń bolıwı kerek: Yaǵnıy

$$q_D = q_S \Rightarrow 400 - p = 2p + 100 \Rightarrow 3p = 300,\ p = 100 \Rightarrow q = 400 - p = 300.$$

Demek, tovardıń teńsalmaqlıq nırqı 100 swm, teń salmaqlıq muǵdarı bolsa 300 danaga teń.

**Shınıǵıw**

**1.** Tómende berilgen talap hám usınıs kesteleri tiykarında talap hám usınıs grafiklerin dúziń hámde tovardıń bazar nırqın anıqlań. Bazarda usı tovar nırqı 1800 swm dep qatań belgilense, qanday jaǵday júzege keledi? 1000 swm qılıp belgilense-she?

| Tovar nırqı (p), swmda | Usınıs muǵdarı ($q_S$), tonnada |
|---|---|
| 2 200 | 2 000 |
| 1 800 | 1 500 |
| 1 400 | 1 000 |
| 1 000 | 500 |

| Tovar nırqı (p), swmda | Talap muǵdarı ($q_D$), tonnada |
|---|---|
| 2 200 | 0 |
| 1 800 | 500 |
| 1 400 | 1 000 |
| 1 000 | 1 500 |

**2.** Bazarda tovarǵa bolǵan talap: $q_D = -4p + 800$, usınıs bolsa $q_S = p + 100$ funkciyaları menen berilgen. Tovardıń bazardaǵı turaqlı nırqı hám turaqlı muǵdarın tabıń.

**3.** Bazarda tovarǵa bolǵan usınıs $q_S = 2p + 4.000$ funkciyası menen berilgen.

Talap funkciyası $q_p = kp + 30\ 000$ hám tovardıń turaqlı nırqı 10 000 swm bolsa, usınıs hám talap sızıqların sızıń.

http://eduportal.uz

# 23-TEMA TALAP HÁM USÍNÍS ÓZGERIWINIŃ BAZAR NÍRQÍNA TÁSIRI

## ÁMELIY JAĞDAYLARĞA TIYISLI TAPSÍRMALAR

Ótken sabaqlarda tovarğa bolğan talap hám onıń usınısı tiykarında bazarda tovar nırqınıń qalay qáliplesiwin talqılağan edik. Endi talap hám usınıs nırqqa baylanıslı bolmağan faktorlar tásirinde ózgergende, tovardıń bazar nırqı hám turaqlı muğdarı qalay ózgeretuğının talqılaymız. Talqılawdı tómendegi jağdaylar tiykarında orınlaymız.

**1-jağday.** Mámleket xalqınıń «Spark» jeńil avtomobilin satıp alıwğa bolğan talabı hám mashina bazarındağı bul markadağı avtomobillerdiń usınıs sızıqları 1-sızılmada berilgen. Meyli, mámleket xalqınıń dáramatları artqan bolsın.



1-sızılma

1. Xalıqtıń dáramatlarınıń artıwı tásirinde bul avtomobilge bolğan talabı qalay ózgeredi?
2. Talap sızığı qaysı tárepke qarap jılısadı? Talap sızığınıń keyingi jağdayın sızıń.
3. Sızılmadan avtomobildiń jańa turaqlı nırqın belgileń. Avtomobildiń nırqı arttı ma yaki kemeydi me?
4. Sızılma boyınsha, xalıqtıń avtomobildi satıp alıw kóleminiń artqanın yaki kemeygenin anıqlań.
5. Joqarıdağı dodalawlar tiykarında xalıqtıń dáramatları ózgeriwi nátiyjesinde tovardıń bazar nırqı hám turaqlı muğdarınıń ózgeriwi haqqında juwmaq jasań.

**2-jağday.** Erte bahárde paltoğa bolğan talap hám uınıs sızıqları 2-sızılmada berilgen bolsın.



2-sızılma

1. Jaz keliwi menen paltoğa bolğan talap qalay ózgeredi?
2. Bunıń nátiyjesinde talap sızığı qaysı tárepke qarap jılısadı? Talap sızığınıń keyingi jağdayın sızıń.
3. Sızılmadan paltonıń jańa turaqlı nırqın belgileń. Paltonıń nırqı arttıma yaki kemeydime?
4. Sızılmağa qarap xalıqtıń palto satıp alıw kólemi artqanın yaki kemeygenin anıqlań.
5. Joqarıdağı dodalawlar tiykarında jıl máwsiminiń ózgeriwi nátiyjesinde tovardıń bazar nırqı hám turaqlı muğdarınıń ózgeriwi haqqında mağlıwmat jasań.

**3-jaǵday.** Salıqlar kóbeytilmesten aldın tovarǵa bolǵan talap hám usınıs sızıqları 3-sızılmaǵa berilgen.



3-sızılma

1. Tovar islep shıǵarıwshılarǵa salıstırǵanda salıqtıń kóbeytiliwi tovardıń usınısına tásir eteme yaki talapqa ma?
2. Salıqtıń kóbeyiwi nátiyjesinde tovardıń usınısı qalay ózgeredi?
3. Bunıń nátiyjesinde usınıs sızıǵı qaysı tárepke qarap jılısadı? Usınıs sızıǵınıń keyingi jaǵdayın sızıń.
4. Sızılmadan tovardıń jańa turaqlı nırqın belgileń. Tovardıń nırqı arttıma yaki kemeydi me?
5. Sızılmaǵa qaraǵanda tovar islep shıǵarıwshılarǵa salıstırǵanda salıqlardıń kóbeyiwi nátiyjesinde turaqlı muǵdardıń, yaǵnıy tovardı satıp alıw kóleminiń artqanın yaki kemeygenin anıqlań.
6. Joqarıdaǵı talqılaw tiykarında tovar islep shıǵarıwshılarǵa salıstırǵanda salıqlardıń kóbeytiliwi nátiyjesinde tovardıń bazar nırqı hám turaqlı muǵdarınıń ózgeriwi haqqında juwmaq jasań.

**4-jaǵday.** Bazarda Xiywa gileminiń baslanǵısh jaǵdaydaǵı talap hám usınıs sızıǵı 4-sızılmada berilgen.



4-sızılma

1. Gilem fabrikası islep shıǵarıwdıń ónimdarlıǵı joqarı bolǵan jańa texnologiyaǵa tiykarlanǵan toqıw stanoklarıń ornatıw talapqa tásir ete me yaki usınısqa ma?
2. Bunıń nátiyjesinde tovardıń usınısı artama yamasa kemeye me?
3. Bul jaǵdayda usınıs sızıǵı baslanǵısh jaǵdayınan qaysı tárepke qarap jılısadı? Usınıs sızıǵınıń keyingi jaǵdayın sızıń.
4. Sızılmadan tovardıń jańa turaqlı nırqın belgileń. Tovardıń nırqı arta ma yaki kemeye me?
5. Jańa texnologiyanıń qollanılıwı nátiyjesinde turaqlı muǵdardıń artqanın yaki kemeygenin anıqlań.
6. Jańa texnologiyalar qollanılıwı nátiyjesinde tovardıń turaqlı nırqı hám muǵdarınıń ózgeriwi haqqında juwmaq shıǵarıń.

**Shınıǵıwlar**

1. Tómendegi kestede hár qıylı tovarlar bazarındaǵı jaǵdaylar kórsetilgen. Usı maǵlıwmatlar tiykarında talap hám usınıs sızıqlarınıń jaǵdayı qalay ózgeretuǵının anıqlań hám kesteniń úshinshi baǵanasına sızıń.

http://eduportal.uz

Keltirilgen faktorlar tásirinde turaqlı nırq hám turaqlı muǵdardıń artıwı yaki kemeyiwin kesteniń tórtinshi baǵanasına sáykes strelkalar menen kórsetiń.

| Tovar bazarı | Jaǵday | Sızılmalar | Turaqlı nırq hám muǵdardıń ózgeriwi |
|---|---|---|---|
| Úlgi: Muzqaymaq | Kóplegen firmalar muzqaymaq islep shıǵarıwǵa kiristi |  | P↓ Q↑ |
| Teri kurtka | Teriniń nırqı astı |  | P Q |
| Dápter | Oqıwshılardıń jazǵı dem alısı baslandı |  | P Q |
| Tramvay transportı xızmeti | Benzinniń bahası arttı |  | P Q |
| Shiyshe ıdıslar | Shiyshe zavodları jańa, ónimli texnologiyanı qollana basladı. |  | P Q |

2. Tómendegi faktorlar talap hám usınıstıń qaysı birewine tásir kórsetiwin anıqlap, olardıń tásirinde tovardıń bazar nırqı qalay ózgeriwin talqılań hám sızılma járdeminde tiykarlap kórsetiń: a) xalıq sanınıń ósiwi; b) resurslar nırqlarınıń ózgeriwi; d) Tutınıwshılardıń dáramatlarınıń kemeyiwi; e) tovar ornın basıwshı tovar nırqınıń kemeyiwi; f) Mámleket tárepinen islep shıǵarıwshılarǵa salınatuǵın salıqlarhám jeńilliklerdiń ózgeriwi; g) tolıqtırıwshı tovar nırqınıń artıwı; h)tovar nırqınıń artıwı kútiliwi; i) bazardaǵı satıwshılar sanınıń ózgeriwi.
3. Joqarıda keltirilgen b) hám e) faktorlar tovarǵa bolǵan talap hám usınısqa bir waqıttıń ózinde tásir etse, tovardıń bazar nırqı qalay ózgeriwin talqılań hám sızılma járdeminde tiykarlap kórsetiń.



http://eduportal.uz

# IV BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Tovardı qandayda bir nırqta satıp alıwǵa degen tileginiń, zárúrliktiń ózi ǵana talap bola ala ma? Qashan bul tilek talapqa aylanadı?
2. Talap hám talap muǵdarı arasındaǵı parqtı mısallar járdeminde túsindiriń.
3. Talap muǵdarınıń tovardıń nırqına keri baylanısta ekenligin talqılań.
4. Tovarǵa bolǵan talap qanday faktorlar tásirinde ózgeriwi múmkin?
5. Bir-biriniń ornın basatuǵın hám toltıratuǵın tovarlar jubına mısallar keltiriń.
6. Usınıs túsiniginiń maǵanasın mısallar járdeminde túsindiriń.
7. Usınıs muǵdarı qanday faktorlar tásirinde ózgeriwi múmkin?
8. Qıtshıl hám toyınǵan bazar jaǵdayları qashan júzege keledi?
9. Tovardıń bazar yakituraqlı nırqı qalay anıqlanadı?
10. Talap hám usınıs ózgeriwiniń bazar nırqına tásirin kórsetiń.

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa sáykes túsinigin tabıń.

**ATAMALAR:**

1. Talap muǵdarı.
2. Talap.
3. Qıtshıl bazar.
4. Usınıs muǵdarı.
5. Tovardıń bazar nırqı.
6. Usınıs.
7. Toyınǵan bazar.
8. Turaqlı muǵdar.

**TALQÍLAWLAR:**

a) belgili bir waqıt ishinde satıwshılardıń belgili bir nırta satıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı;
b) belgili bir waqıt dawamında qarıydarlardıń tovardı hár qıylı nırqlarda qanshadan satıp alıw imkaniyatların anıqlaytuǵın, tovardıń nırqı hám muǵdarı arasındaǵı qatnas;
d) bazarda tovardıń turaqlı nırqta satılıw muǵdarı;
e) belgili bir waqıt dawamında qarıydarlardıń belgili bir nırqta satıp alıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı;
f) tovardıń usınısı oǵan bolǵan talaptan tómen bolǵan bazar;
g) belgili bir waqıt ishinde satıwshılardıń tovardı hár qıylı nırqlarda qansha muǵdarda satıw imkaniyatların anıqlaytuǵın, tovardıń nırqı hám muǵdarı arasındaǵı qatnas;
h) tovardıń usınısı oǵan degen talaptan joqarı bolǵan bazar;
i) talap muǵdarınıń usınıs muǵdarına teń bolǵandaǵı nırqı;

## D. TESTLER

Berilgen sorawǵa maǵanası jaǵınan eń durıs hám tolıq juwaptı belgileń.

**1. Bazarda benzin nırqı 3 márte artsa, ol jaǵdayda avtomobiller nırqı ...**

A. artadı. B. artıwı da, artpawı da múmkin.
D. ózgermeydi. E. tómenleydi.

**2. Tovar óndirip shıǵarıw ushın zárúr bolatuǵın resurslar nırqı ózgergende,...**

A. usınıs muǵdarı ózgeredi. B. talap muǵdarı ózgeredi.
D. tovarǵa bolǵan talap ózgeredi. E. tovar usınısı ózgeredi.

**3. Tovarǵa bolǵan talap hám usınıstıń bir waqıttıń ózinde kemeyiwi nege alıp keledi?**

A. Turaqlı nırqtıń tómenlewine.
B. Turaqlı nırqtıń artıwına.
D. Turaqlı muǵdardıń kóbeyiwine.
E. Turaqlı nırqtıń da,turaqlı muǵdardıń da kemeyiwine.

**4. Tovar nırqı artqanda, ...**

A. Usınıs muǵdarı kóbeyedi. B. Usınıs muǵdarı kemeyedi.
D. Usınıs kóbeyedi. E. Usınıs kemeyedi.

**5. Tómendegi faktorlardıń qaysı biri talapqa tez tásir kórsetpeydi?**

A. Tovardı paydalanıwshı xalıq sanınıń ózgeriwi.
B. Tutınıwshılar dáramatlarınıń ózgeriwi.
D. Bazarǵa tovardıń kóp muǵdarda keltiriliwi.
E. Tovar nırqınıń kóteriliwi kútiliwi.

**6. Muzqaymaqqa bolǵan talap sızıǵınıń shep tárepke jılısıwı qaysı faktor tásirinde payda bolǵan bolıwı múmkin?**

A. Xalıq dáramatlarınıń .
B. Muzqaymaqnırqınıń páseyiwi.
D. Muzqaymaq usınısınıń kemeyiwi.
E. Qıs máwsiminiń keliwi.

**7. Usınıs muǵdarı — bul belgili bir waqıt dawamında ...**

A. Qarıydarlardıń belgili bir nırqta satıp alıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.
B. Satıwshılardıń islep shıǵarıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.
D. Satıwshılardıń belgili bir nırqta satıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.
E. Satıwshılar tárepinen bazarǵa alıp shıǵarılǵan jámi tovar muǵdarı.



http://eduportal.uz

*Bazar ekonomikasınıń talabı sonday, resurs hám imkaniyatlardan paydalanıw imkanı, yaki xızmet kórsetiw maydanı hámmege teń bolıwı kerek. Jeke hákimshilikke hesh kimniń haqı joq.*

***Shavkat Mirziyoyev***





# V bap. Báseki hám bazar ekonomikası




http://eduportal.uz

## 24-TEMA BÁSEKI



«Kafolat-servis» ustaxanası

### JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Aytayıq siz «Kafolat-servis» ustaxanasınıń iyesisiz. Kishi qalada siziń kárxanańızdan basqa jáne avtomobillerge texnikalıq xızmet kórsetiwshi «Avtoservis» hám «Avto-Usta» jeke menshik kárxanaları da xızmet kórsetedi. Belgili, ortańızda bárhama báseki bolıp, hár bir kárxana kóbirek klientlerdi ózine qaratıwǵa háreket etedi hám klientlerge hár qıylı qolaylıqlardı usınıs etedi.

Tómendegi kórsetilgen jaǵdaylarda siz óz ornıńızdı saqlap qalıw ushın qanday jol tutqan bolar edińiz? Sheshimińizdi tiykarlań.

**1-jaǵday.** «Avtoservis» kishi ustaxanası klientlerdi ózine qaratıp alıw ushın avtomobillerge xızmet kórsetiw haqısın 10% ke túsirdi. (bul jaǵday ekonomikada nırqlar quralı arqalı básekilesiw dep ataladı).

**2-jaǵday.** «Avto-Usta» kárxanası jergilikli radio hám televidenie arqalı óz reklama hám daǵazaların beriwdi baslap jiberdi.

**3-jaǵday.** Jaqında kishi qalada «GM-Ózbekiston» qospa kárxanasın jańa texnikalıq xızmet kórsetiw shaqabshasın ashtı. Shaqabshada ornatılǵan jańa stanoklar miynet ónimdarlıǵın hám remontlaw sıpatın asırdı, klientlerge 6 aylıq kepillik berilgen xızmet kórsetiw járiyalandı.

---

Resurslardıń jetispewshiligi aqıbetinde bazar qatnasıwshılarınıń máp-leri óz ara qarama-qarsı keledi hám olar arasında óz ara gúres — báseki júzege keledi. Belgili, har bir satıwshı kóp tovar satıp, kóp payda alıwdan qızıǵadı. Olardıń bul qızıǵıwshılıqları bazarda qarama-qarsılıqqa alıp keledi hám satıwshılar ortasında báseki júzege keledi. Islep shıǵarıwshılar shiyki zat

http://eduportal.uz

hám basqa resurslardı imkanı barınsha arzan satıp alıwdan mápdar. Olardıń qarıydar sıpatındaǵı bul mápleri resurslar bazarında óz ara qarama-qarsı keledi. Nátiyjede, islep shıǵarıwshılar arasında gúres — báseki payda boladı.

Báseki ekonomikalıq iskerlikti saqlap qalıw maqsetinde satıwshı hám islep shıǵarıwshılardıń bar imkaniyatların iske salıwǵa ,qarıydarlardı ózine qaratıw ushın hár túrli reklamalardan paydalanıwǵa shaqıradı. Báseki ortalıǵınıń júzege keliwi ushın tómendegi sharayatlar bolıwı kerek:

— bazarda islep shıǵarıwshı firmalar hám qarıydarlardıń kóp bolıwı;

— firmalar belgili bir túrdegi tovar islep shıǵarıwǵa qánigelesken bolıwı;

— tovardıń bazar nırqına hesh bir firmanıń tásir ótkere almaytuǵın bolıwı,

— basqa básekiles firmalardıń bazarǵa kiriwi ushın hesh qanday tosqınlıqtıń bolmawı;

Bazardaǵı báseki belgili nızam hám qaǵıydalar arqalı tártipke salıp turıladı. Usı maqsette mámleket arnawlı nızamlar qabıl etedi, qaǵıydalar engiziledi. Ornatılǵan nızam hám qaǵıydalar tiykarında alıp barılıp atırǵan báseki — salamat báseki, ornatılǵan nızam hám qaǵıydalarǵa qarsı alıp barılıp atırǵan báseki bolsa aldaw báseki dep júrgiziledi.

**Báseki** — bazar qatnasıwshıları mápleriniń qarama qarsılıǵanan júze-ge keletuǵın óz ara gúres.

Bazarda básekilesiwshi óz básekilesin jeńiw ushın hár túrli usıllardan paydalanadı. *Nırq quralları arqalı báseki* básekilesiwdıń eń tiykarǵı túri bolıp tabıladı. Bunda bir firma óz ónimine ekinshi firmaǵa salıstırǵanda pás nırq belgilew menen usı ónimge iye basqa firmalarǵa qaraǵanda kóbirek ónim satıwǵa umtıladı. *Nırq qurallarısız básekide* bolsa firma ónimsıpatın jaqsılaw shıraylı etip oraw, reklamanı kúsheytiw hám usı sıyaqlı nırq penen baylanıslı bolmaǵan qurallar arqalı bazardıń basqa qatnasıwshıları menen básekilesedi.

**Nırq quralları arqalı arqalı básekilesiw** — tovar nırqın túsiriw yaki arttırıw járdeminde básekileslerge tásir kórsetiw.

**Nırq qurallarısız básekilesiw** — tovar nırqın ózgertpesten onıń sapasın jaqsılaw, reklamanı kúsheytiw sıyaqlı faktorlar arqalı básekileslerge tásir kórsetiw.

Qandayda bir tovardıń satıwshıları qarıydarlardı ózine tartıw hám kóbirek payda alıw maqsetinde óz ara básekilesedi. Bunday báseki, ásirese tovardıń usınıs muǵdarı oǵan bolǵan talap muǵdarınan artıq bolǵanda



http://eduportal.uz

anıǵıraq kózge taslanadı. Bazarda usı tovardan kereginen de artıq kólemde usınıs etiledi. Tovarlar taxtalarda satılmay turıp qaladı.Bul jaǵdayda satıwshılar tovarlardıń nırqın túsiriw, reklamanı kúsheytiw, tovar sıpatı, dizaynı hám klientlerge sawda xızmetin kórsetiwin jaqsılaw kibi jollar menen óz ara básekilesedi. Satıwshılar óz ara básekilesiwlerinde tovar nırqı túsedi. Bunday básekilesiwden qarıydar da ulıwma alǵanda, barlıq tutınıwshılar mápdar boladı.

Qarıydarlar da belgili bir tovardı satıp alıw ushın óz ara básekilesedi. Bunday báseki, ásirese, tovardıń usınıs muǵdarı oǵan bolǵan talap muǵdarınan az bolǵanda kózge taslanadı. Bazarda tovardıń az muǵdarda usınıs etiliwi tovar qıtshıllıǵın júzege keltiredi. Tovardı satıp alıw ushın qarıydarlar nawbet kútip turadı. Al, náwbette turıwdıń payda bolıwı qarıydarlardıń óz ara básekisinen derek beredi. Bunday báseki tásirinde nırqlar kóteriledi, tovar sıpatı túsedi, xızmet kórsetiw bolsa tómenleydi.

**Bul haqqında oylap kóriń!**

1997-jılda AQSH yusticiya ministrligi qasındaǵı antimonopoliya komiteti belgili Microsoft firmasın erkin báseki qaǵıydaların buzǵanlıqta ayıplap sudqa berdi. Firma dúnyanıń kóplegen mámleketlerinde qollanıp atırǵan Windows-95 operaciyalıq sistemasına óziniń jańa kompyuter baǵdarlamaların bekkem baylanıstırıp qoydı. Sonday-aq, basqa firmalardıń baǵdarlamalarıda olardan sapası jaǵınan qalıspaytuǵın edi. Bunıń menen Microsoft firması básekiniń qaysı principlerin buzǵan dep oylaysız?

«Kim zıyat» sawdası — satıwshı yaki arnawlı dáldalshı firma tárepinen uyımlastırılatuǵın sawda ilajı. «Kim zıyat» sawdasında ne, qay jerde, qashan, qanday baslanǵısh nırqta satılıwı qarıydarlarǵa aldınan daǵazalanadı. Tovardı satıp alıw niyetinde bolǵan qarıydarlar aukcionǵa qatnasıw vznosın tólegennen soń,daǵazalanǵan kúni belgilengen orında olardıń qatnasıwında aukcion baslanadı. Aukcionshı hár bir lottı, yaǵnıy aukcionǵa qoyılǵan tovar, onıń muǵdarı hám baslanǵısh bahasın daǵazalaydı. Bunnan soń, qarıydarlar olarǵa aldınan berilgen nomerlerin kóterip, tovardı joqarıraq bahada satrıp alıw niyeti bar ekenligin baqırıp aytadı. Aukcionshi hár bir bahanı baqırıp úsh márte aytıp, sanay baslaydı.Usı waqıtta kim bolsada birew jánede joqarıraq bahanı aytsa,



http://eduportal.uz

sanaw jáne qaytadan baslanadı hám tağı basqa.Sawda eń joqarı nırqta satıp almaqshı bolğan jalğız qarıydar anıqlanğanğa shekem dawam etedi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Báseki ekonomikağa unamsız tásir kórsetedi, sebebi báseki sebepli kóp firmalar sınadı, hámmeniń tınıshlığı buzıladı, bir qálipte baratırğan jumıs barısı ózgeredi, firmalar bir-birine dushpan bolıp qaladı. Ulıwma aytqanda, kóbirek payda kóriw maqsetinde adamlar nelerge qol urmaydı deysiz. Siz bul pikirge ne aytasız?
2. Ne sebepten, bazar ekonomikası sharayatında, básekisiz ekonomika rawajlanbaydı?
3. Tómendegiler óz tarawlarındağı qarsılasları menen básekilesinde hege kóbirek áhmiyet beriwi kerek dep oylaysız?
a) gósh jetistirip atırğan fermer xojalıqları;
b) erler kóylegin islep shığarıp atırğan fabrika;
d) hár túrli xızmetler kórsetip atırğan bank.
4. Islep shığarıwshılar (satıwshılar) arasındağı báseki nátiyjesinde tutınıwshılar qanday payda kóredi? Mısallar járdeminde túsindiriń.
5. Báseki procesinde satıwshılar tovardıń nırqın neniń esabınan tómenletedi?
6. Nahaq báseki usıllarına mısallar keltiriń.
7. Oraylasqan jobalı ekonomikada ne ushın básekige talap bolmaydı?
8. Aytıńızshı, «Kim zıyat» sawdasın qanday báseki túrine kirgiziw múmkin?

**Bunı yadta saqlań!**

- Bazar qatnasıwshılarınıń óz mápleri ushın óz ara gúresi bazarda báseki ortalığınıń payda bolıwına alıp keledi.
- Básekisiz bazar ekonomikasınıń bolıwı múmkin emes.
- Satıwshılar arasındağı báseki tovar nırqınıń kemeyiwine, qarıydarlar arasındağı báseki bolsa tovar nırqınıń artıwına alıp keledi.
- Bazar qatnasıwshıları óz ara básekileser eken ayrım payıtlarda nahaqlıq etiwleri múmkin.

**Tapsırma**

Ózińiz benen bazarda satıwshılar arasındağı básekini baqlań hám baqlawıńız nátiyjesin klaslaslarıńız benen talqılań.



http://eduportal.uz

# 25-TEMA

# MONOPOLIYA HÁM MONOPOLLASQAN BAZARLAR



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Siz qaladaǵı barlıq avtobus parklerin birlestirip, qala boyınsha jalǵız «Asılbek» jeke transport firmasın dúzdińiz. Solay etip, firmańız qala xalıqına avtobus transportı xızmetin kórsetiw boyınsha jeke monopolist ornına iye bolıp qaldı.

Siz usı firmanıń iyesi sıpatında tómende keltirilgen jaǵdaylarda qanday sheshimdi tańlaǵan bolar edińiz? Óz sheshimińizdi tiykarlap beriń.

**1- jaǵday.** Qalanıń qorshaǵan ortalıǵın qorǵaw komitetiniń pikiri boyınsha, avtobus bileti nırqınıń joqarı etip belgileniwi, qalada jeke transport quralларınıń qatnawınıń kóbeyiwine alıp keledi. Al, bul bolsa qala hawasınıń jáne de pataslanıwına sebep boladı. Sonıń ushın komitet sizden jol haqını kemeytiwdi soramaqta. Siziń buǵan juwabıńız qanday boladı?

**2- jaǵday.** Avtobus aydawshılarınan biri siz benen básekilesiwge bel bayladı. Ol eski avtobustı satıp alıp, eń qatnawı kóp baǵıtta xızmet kórsete basladı. Onıń bul háreketine siz qanday juwap bergen bolar edińiz?

**3- jaǵday.** Siziń atıńızǵa kóplep shaǵım xatları kele basladı. Olarda avtobuslardıń keshigip júrip atırǵanı, kórsetilip atırǵan xızmetlerdiń sapasınıń tómenligi siz shaǵım xatlarına juwap sıpatında qanday sharalar kórgen bolar edińiz?

Aldınǵı temada báseki hám onıń payda bolıwı ushın kerek bolǵan sharayatlar haqqında sóylesken edik.

Taza báseki bazarına mısal etip awıl xojalıǵı ónimleri satılatuǵın diyqan bazarların, kúndelikli zárúrlik zatlar satılatuǵın usaqlap satıw dúkanların keltiriw múmkin. Bul bazarlarda belgili bir túrdegi tovar túri júdá kóp satıwshılar

http://eduportal.uz

tárepinen satıladı. Bul bazarlarda nırq erkin bolıp, birde-bir satıwshı nırq ústinen qadaǵalaw júrgize almaydı. Sonday-aq, bul bazarlarǵa kiriwge tosqınlıq joq, qálegen waqıtta qálegen satıwshı usı bazarlarda óz jumısın baslawı mumkin.

**Taza báseki bazarı** — belgili bir tovar túri júdá kóp satıwshılar tárepinen satılatuǵın, basqa satıwshılardıń kiriwi ańsat hám nırq erkin bolǵan bazar.

Ádette, júdá az sandaǵı bazarlar taza báseki qásiyetlerine iye boladı. Olar qanday da bir dárejede monopoliyalasqan boladı.

**Monopoliya** — (greksheden «jeke sataman» degen maǵananı ańlatadı) — bazardıń belgili bir túri jeke satıwshı tárepinen satılatuǵın, basqa satıwshılardıń kiriwi ju'dá qıyın bolǵan jaǵdayı.

Bazarlar monopoliyalasıw dárejesine kóre, tómendegi izbe-izlikte jaylasqan tórt túrge bólinedi:

**Taza báseki bazarı** ⇒ **Monopolistik báseki bazarı** ⇒ **Oligopolistik bazar** ⇒ **Taza monopol bazar**

*Monopolistlik báseki bazarı* dep bir-birine uqsas, bir túrdegi tovarlar júdá kóp satıwshılar tárepinen satılatuǵın, basqa satıwshılardıń kiriwi ańsat hám satıwshılar tárepinen tovar nırqına belgili bir qadaǵalaw ornatıw múmkin bolǵan bazarǵa aytıladı. Bunday bazar túrine mısal etip túrli turmıslıq xızmet bazarı, uluwma awqatlanıw orınları hám ayaq-kiyim bazarların keltiriwimiz múmkin.

*Oligopoliya* — bir neshe iri firmalardıń monopol bazarı. Bul bazarda nırqlar bir neshe firmalar tárepinen qadaǵalanadı hám oǵan basqa satıwshılardıń kiriwine belgili bir tosqınlıqlar payda boladı. Respublikamızdaǵı uyalı telefon baylanısı xızmeti bazarı, salqın ishimlikler bazarı, muzqaymaq bazarı sıyaqlı bazarlar oligopoliyaǵa mısal boladı.

*Taza monopol bazar*ında monopolist — satıwshı nırq ústinen qadaǵalaw ornatadı. Qarıydarlardıń tańlaw imkaniyatı joq bolǵanlıǵınan olar tovardı monopolist belgilegen nırqta satıp alıwǵa májbúr boladı. Monopolistlik bazarda jeke húkimdar bolǵanlıǵı ushın onı tovarlardıń sapası, óndiriste jańa texnologiyalardı qollanıw, sıyaqlı táshwishler qızıqtırmaydı. Qullası, monopol bazarınıń payda bolıwı tek tutınıwshı qarıydarlar qaltasına ǵana zıyan bolmastan, al, pútkil ekonomikanıń rawajlanıwına tosqınlıq boladı eken.

http://eduportal.uz

**Monopolistlik báseki bazarı** — bir túrdegi tovarlar júdá kóp satıwshılar tárepinen satılatuǵın, basqa satıwshılardıń kiriwi ańsat hám satıwshılar tárepinen tovar nırqına belgili bir qadaǵalaw ornatıw múmkin bolǵan bazar.

**Oligopoliyalıq bazar** — bir neshe iri firmalardıń monopoliya bazarı.

Mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan geypara óndiris tarawları hám tarmaqları bile tura monopoliyalastırılǵan boladı. Bunday monopol kárxanalar hám tarawlar — *tábiyiy monopoliyalar* dep ataladı. Tábiyiy monopoliyalarǵa temirjol xızmeti, aviaciya transportı, telefon-telegraf baylanısı, elektr energetikası tarmaǵı, gaz hám suw menen támiyinlew sıyaqlı bir qatar kárxanalardı mısal etip keltiriw múmkin. Tábiyiy monopoliyalar mámleket tárepinen tártipke salınıp turıladı. Olar ushın nırqtıń eń joqarı dárejesi belgilenip, nırqlardıń artıwı hám xızmetlerdiń kemeyip ketiwine mámleket tárepinen jol qoyılmaydı.

**BILESIZBE?**

Ózbekstanda 2018-jıl nátiyjesine kóre 140 tábiyiy monopoliya barlıǵı rasmiy daǵazalandi. Bul 2017-jıldaǵiǵa qaraǵanda bunday monopoliyalar 8ge kemeygenligin ańlatadi.

Tábiyiy monopoliya jaǵdayı — bul belgili bir tarmaq yakı tarawdıń sonday báseki payda bolmaǵan jaǵdayı, onda tutınıwshılardıń talapları báseki payda bolǵan jaǵdayǵa qaraǵanda jaqsıraq qandırıladı.

Biraq házirgi reformalar nátiyjesinde ayırım iri kompaniyalar, sol tiykarda tábiyiy monopoliya atındaǵı kárxanalar hám ıqshamlastırılmaqta hám jekelestirmekte. Máselen, Ózbekstan Respublikasi Prezidenti pármanina muwapıq «Ózbekstan hawa jolları» aviakompaniyasin nir neshe kompaniyalarǵa bólip jiberiwge qarar qıldı.

**Tábiyiy monopoliya** — mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan bazı bir islep shıǵarıw yamasa xızmet kórsetiw tarawları hám tarmaqlarınıń bile tura monopoliyalastırılıwı.

Mámleketimizde Ózbekstan Respublikasi Monopoliyaǵa qarsı gu'resiw komiteti dúzilgen. Onıń wazıypası ekonomikadaǵı monopoliyanı saplastırıw, isbilermenlik hám básekini qollap-quwatlawdan ibarat.

Respublikamızda básekige sharayat tayarlaw hám monopoliyalarǵa qarsı gúresiw bazar reformalarınıń áhmiyetli tárepi esaplanadı. Básekini rawajlandırıwǵa qaratılǵan Prezident pármanları, húkimet qararları shıǵarılǵan

hám nızamlar qabıl etilgen. Atap aytqanda, «Monopolistlik iskerlikti sheklew haqqında» ǵı nızamǵa muwapıq bazarda satıwshı, firmalardıń:
— bile tura tovarlar jetispewshiligin keltirip shıǵarıw;
— nırqlar ústinen óz qadaǵalawın ornatıw;
— basqa básekiles firmalardıń bazarǵa kirip keliwine tosqınlıq etiw sıyaqlı iskerligi qadaǵan yetilgen.

Bul nızamdı buzǵanlar ushın qarsılasına keltirilgen zıyandı qaplaw, járiyma tólew hám nahaqlıq penen kórilgen paydadan ayırıw sıyaqlı ekonomikalıq jazalar belgilengen.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Monopolistlik báseki bazarı taza báseki bazarınan qaysı ózgesheligi menen parqlanadı?
2. Taza monopoliyanıń oligopoliyadan parqı ne?
3. Ne ushın geybir bazarda monopoliya júzege keledi?
4. Monopoliyanıń qanday ekonomikalıq zıyanı bar?
5. Monopoliyaǵa qarsı nızamshılıq nege payda bolǵan?
6. Tábiyiy monopoliyalarǵa mısallar keltiriń.
7. Respublikamız bazar ekonomikasına ótiwinde monopoliyaǵa qarsı nızamlardıń qanday áhmiyeti bar?
8. Sizińshe, qaysı tarawlarda mámleket monopoliyası saqlap qalınǵanı, qaysı tarawlarda monopoliyanıń ulıwma bolmaǵanı maqul dep oylaysız? Pikirińizdi tiykarlań.
9. Tómende sanap ótilgen tarawlardıń qaysı birinde monopoliya, oligopoliya, monopolistlik báseki hám taza báseki bar bolıwı múmkin: a) samolyotsazlıq; b) mineral suw islep shıǵarıw; d) ayaq kiyim islep shıǵarıw; e) avtomobilsazlıq; f) konditer ónimlerin islep shıǵarıw; g) uyalı baylanıs xızmeti; h) nan pisirip satıw.

**Bunı yadta saqlań!**

• Sap báseke bazarına satıwshılar kóp hám bazarǵa yaǵnıy satıwshılar kiriwge hesh qanday tosıq bolmaydı.

• Monopoliya sharayatında bazarda satıwshılar sanı az, jańa satıwshılardıń bazarǵa kiriwi ushın jasalma tosıqlar bar.

• Monopollasıw dárejesine qarap bazarlar taza báseki bazarı, monopolistik báseki bazarı, oligopoliya, taza monopol bazarları túrlerine bólinedi.

http://eduportal.uz

# 26-TEMA BAZAR EKONOMIKASÍ




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdağı sızılmadan paydalanıp, tómendegi sorawlarğa juwap beriwge háreket etiń:

a) bazar ekonomikasında jeke múlkshilik hám erkin ekonomikalıq iskerliktiń áhmiyeti qanday? b) bazar ekonomikası sharayatında, bazar qatnasıwshılarınıń ekonomikalıq mápke, payda alıwğa bolgan umtılıwı, qálewi qanshelli áhmiyetli esaplanadı? d) básekiniń bazar ekonomikasi sharayatındağı ornı qanday? e) ne sebepten bazar ekonomikası monopoliyanı qálemedi?

Bazar ekonomikası sharayatında «Ne islep shığarıw kerek?», «Qalay islep shığarıw kerek?», «Kim ushın islep shığarıw kerek?» — degen sorawlarğa, tiykarınan bazar juwap beredi. Sol sebepten, bul sistemanı bazar ekonomikası dep ataydı.

Bazar ekonomikasınıń eń tiykarğı ózgesheliklериniń biri — bul jeke múlkshilik hám oğan tiykarlanğan *erkin ekonomikalıq iskerlik boladı*. Bazar ekonomikası sharayatında hár túrli múlk formaları: jeke, jámiyetlik hám mámleket múlkler bar bolıp, olar teń huqıqlı rawajlanadı. Óndiris qurallarınıń kópshilik bólegi jeke adamlar qolında bolıp, olar óz ekonomikalıq iskerligin

http://eduportal.uz

óz betinshe, erkin túrde alıp baradı. Bul sistemada meyli ol islep shıǵarıwshı bolsın, meyli ol tutınıwshı bolsın, olar tárepinen ekonomikalıq sheshim tek bazar qatnasıqları hám nızamlarınan kelip shıǵıp tańlanadı. Nırqlar erkin bolıp, ol tovarǵa bolǵan talap hám usınıstıń óz ara qatnası arqalı qáliplesedi.

Bazar ekonomikasınıń jáne bir áhmiyetli ózgesheliklerinen biri — bazar qatnasıwshılarınıń ekonomikalıq mápke, payda alıwǵa umtılıwı, talabında boladı. Hár bir puqaradaǵı kóbirek payda alıwǵa bolǵan umtılıw, onıń ekonomikalıq hám isbilermenlik iskerligin xoshemetleydi, jańalıqqa jeteleydi. Al, bul bolsa, islep shıǵarıwshılar hám tutınıwshılar arasındaǵı básekini keltirip shıǵaradı. Báseki — bazar ekonomikasınıń eń áhmiyetli ózgesheliklerinen biri esaplanadı. Sonıń ushın da, bazar ekonomikası monopoliyanı biykar etedi. Sebebi, monopoliya bar jerde erkin ekonomikalıq iskerlik hám báseki bola almaydı.

**Bazar ekonomikası** — jeke múlkshilikke tiykarlanǵan, barlıq ekonomikalıq sheshimler bazar mexanizmi járdeminde anıqlanatuǵın ekonomikalıq sistema.

Joqarıda keltirilgen ózgeshelikler tiykarında bazar qatnasıqları qáliple-sedi, bazar ekonomikası ámel etiw ushın shárt-sharayatlar jaratıladı hám ekonomika bazar qatnasıqları tiykarında rawajlanadı.

XX ásirge kelip, oraylasqan jobalı ekonomikaǵa tiykarlanǵan bir qatar mámleketler payda boldı. Nátiyjede, bul eki teoriya hám ámeldegi yeki sistema ortasında báseki, óz ara jarıs júzege keldi. Bazar ekonomikası jámiyet turmısındaǵı ózgerislerge juwap sıpatında, unamlı ózgesheliklerdi ózinde tez iske asırıp, bul ózgerislerge tezlik penen beyimlese aldı hám usınıń menen ekonomikalıq progresstiń rawajlanıwına tırnaq saldı. Al, jobalı ekonomika bolsa óziniń qolaysızlıǵı, ózgerislerge tez beyimlese almaǵanlıǵı sebepli jámiyettiń ekonomikalıq rawajlanıwına irkinish bolıp, onı «buwındıra» basladı. XX ásirdiń aqırına kelip, bazar ekonomika-sına súyengen mámleketler ekonomikası gúllep-jasnap, ekonomikalıq rawajlanıwda ilgerilep ketti. Oraylasqan jobalı ekonomika húkim súrgen mámleketler ekonomikası kriziske ushırap, jáhán rawajlanıwınan biraz arqada qalıp ketti. Búgingi kúnge kelip, bul mámleketlerde de bazar ekonomikasına ótiw hám tariyxıy, hám ekonomikalıq zárúrlik bolıp qaldı.

Bazar ekonomikası da bir qatar kemshiliklerden qurı qol emes. Adamzat tariyxı buǵan gúwalıq berip turıptı. Bazar ekonomikası mámlekettiń ekonomikaǵa aralasıwın biykar etip, jámiyet bay hám kámbaǵallarǵa bóliniwine, múlktiń azshılıqtıń qolında toplanıwın, iri-

iri monopolistlik kárxnalardıń payda bolıwına hám jámiyettegi sotsiallıq hám ekonomikalıq teń salmaqlı turaqlılıǵına negiz jaratadı. Bazar ekonomikasınıń inflyatsiya hám jumıssızlıqqa qarsı nátiyjeli gúrese almaytuǵını belgili bolıp qaldı. Bulardıń barlıǵına, belgili dárejede qarsı turıwshı kúshke, mámlekettiń ekonomikanı tártipke salıp turıw iskerligine zárúrlik payda boldı. Mámlekettiń ekonomikalıq turmısqa aralasıwı unamlı jaǵday sıpatında moyınlandı. Mámleketke jámiyette ekonomikalıq nızam qaǵıydalardıń qollanılıwı ushın zárúrli sharayatlar tayarlaw, olardıń orınlanıwın qadaǵalaw, ekonomikanı tártipke salıp turıw, bazar sistemasın qorǵaw sıyaqlı wazıypalar júklenedi. Mámleket bazar ekonomikası sharayatında ekonomikanıń tiykarǵı qatnasıwshılarınan birine aylandı. Bazar ekonomikasınıń logikalıq dawamı esaplanǵan aralas ekonomikaǵa jol ashıldı.

Aralas ekonomikanı jámiyet aǵzalarınıń kem támiyinlengen bólegin sociallıq qorǵaw, global abadanlıqtı támiyinlewge baǵdarlanǵanlıǵı menen ajıralıp turadı. Mámleketimizdegi bazar ekonomikasına ótiw procesi degende, biz tap usı sıpatlarǵa iye bolǵan sociallıq baǵdarlanǵan bazar ekonomikasına, yaǵnıy aralas ekonomikaǵa ótiwdi túsinemiz.



**Jon Meynard Keyns**
(1883 — 1946)

Ekonomika ilimine túp burılıs jasaǵan, mámlekettiń ekonomikası turaqlastırıwdaǵı rolin tiykarlap Bergen ataqlı anglichan teoriyashı alımı Jon Meynar Keyns.

Keyns ekonomikalıq jetispewshilik júzege kelgen waqıtta mámleket aralasıwısız sharayattı ańlaw qıyın ekenligin tiykarlap berdi. Ol óziniń «Jumıs penen támiyinlew, procentler hám pullardıń ulıwma teoriyası» kitabında ekonomikaǵa talap hám usınıs teń salmaqlıǵına erisilgen (1883 — 1946) jaǵdayda dajumissızlıq bolıwı, jumıssızlıqtı kemeyttiriw hám jańa jumıs orınların jaratıw ushın mámleket tárepinen talaptı kóbeyittiriw boyınsha is-ilaj kóriwi zárúr ekenligin sıpatlap bergen.

Bul qaras Adam Smittiń «bazar mámlekettiń aralasıwısız da talap hám usınıs (kórinbes qol) quralında turaqlı háreket kórsete aladı» degen pikirge kóp tárepten qarsı.

Biraq házirgi dáwirde de Keynstiń usı pikiri óz juwapkershiligin joytpaǵan. Sonıń ushın da Keynsti ekonomikada XX ásirge qaray jol ashqan teoriyashı dep ataydı.

http://eduportal.uz

**Tapsırma!**

Oylayıq, siz mebel fabrikasınıń direktorısız. Siz ushın oraylasqan planlı ekonomika, bazar ekonomikası, aralas ekonomialardan qaysısında is júritiw ańsatıraq bolar edi? Qaysı shárayatta óz jumısıńızǵa qızıǵıwıńız kúshlirek bolar edi? Juwabıńızdı dálilleń.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Bazar ekonomikası sisteması «Ne?», «Qalay?» hám «Kim ushın?» degen sorawlarǵa qay dárejede juwap beriwin túsindirip beriń. Bazar ekonomikasınıń tiykarǵı ózgesheliklerin sanań.
2. Erkin ekonomikalıq iskerlik degende neni túsinesiz?
3. Bazar ekonomikasında jeke múlkshiliktiń roli qanday?
4. Ne sebepten monopoliya bazar ekonomikasına qarama-qarsı keledi?
5. Ne ushın dúnyanıń derlik barlıq mámleketleri bazar ekonomikasın tańlap aldı?
6. Taza bazar ekonomikasınıń bolıwı múmkin be? Nege?
7. Aralas ekonomika sharayatındaǵı mámlekettiń roli neden ibarat bolıwı kerek, dep oylaysız? Juwabıńızdı tiykarlań.
8. Taza bazar ekonomikası orınlay almaytuǵın ekonomikalıq mashqalalardı sanań. Bul mashqalalardı sheshiwdiń qanday jolları bar?
9. Ózińiz bilgen isbilermenlik penen shuǵıllanatuǵın isbilermen mısalında bazar ekonomikasınıń tiykarǵı ózgesheliklerin túsindirip beriwge háreket qılıń.
10. Bazar ekonomikasi hám aralas ekonomikaniń abzallıq hám kemshilik táreplerin óz ara salıstırıń.

**Bunı yadta saqlań!**

• Bazar ekonomikasında Ne? Qalay? Kim ushın? islep shıǵarıw kerek degen ekonomikanıń úsh tiykarǵı sorawına, tiykarınan, bazar juwap beredi.

• Bazar ekonomikasınıń tiykarǵı ózgeshelikleri tómendegiler: a) erkin ekonomikalıq iskerlik; b) jeke múlkshilik; d) erkin nırqlar; e) ekonomikalıq mápdarlıq hám payda alıwǵa bolǵan umtılıs; f) monopoliyanı biykar etiw; g) báseki.

• Aralas ekonomika ekonomikalıq sistemalardıń barlıq unamlı táreplerin ózinde jámlegen xojalıqtı júrgiziw sisteması bolıp, onı basqasha sociallıq baǵdarlanǵan bazar ekonomikası, dep te ataydı.

http://eduportal.uz

# 27-TEMA

# ÓZBEKSTAN BAZAR EKONOMIKASÍNA QARAY

**2017-2021-jıllarda Ózbekstandı rawajlandırıwdıń 5 baslı baǵdar jónelisi boyınsha háreketler strategiyası**

**I.** Mámleket hám jámiyet qurılıs sistemasın quramalastırıwdıń baslı jónelisleri

**II.** Nızam ústinligin támiyinlew hám sud-huquq sistemasin jánede jedellestiriwdıń baslı jónelisleri

**III.** Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıwdıń baslı jónelisleri



**IV.** Sociallıq tarawdı rawajlandırıwdıń baslı jónelisleri

**V.** Qáwipsizlik, milletleraralıq tatıwlıq hám diniy baǵrikeńlikti támiyinlew hám de tereń oylanǵan, óz ara mápler hám ámeliy sırtqı siyasat tarawındaǵı baslı jónelisleri

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Háreketler strategiyasınıń hár bir baslı jónelisin úyrenip shıǵıń. Úyrengenlerińiz tiykarında:

1. Globallasıw sharayatında xalıqaralıq báseki kúsheyip, jáhán bazarındaǵı ekonomikalıq múnásebetler quramalasıp atırǵanlıǵın itibarǵa alǵan halda Háreketler strategiyasınıń qabıl qılınıwınıń zárúrligi haqqında óz pikirińizdi bildiriń.

2. III baslı jónelis — ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan jumıslardıń zárúrligi hám kerekligi boyınsha pikirińizdi bayan etiń.

3. Háreketler strategiyasınıń IV — baslı jónelisin ámelge asırıw ushın eń aldı menen III baslı jónelisti ámelge asırıw kerekligin tiykarlań. Bunda sociallıq tarawdı rawajlandırıw hár dayım úlken qárejetlerdi talap etiwdi itibardan qashırmaw kerek.

4. Háreketler strategiyasınıń I, II, V baslı jónelislerin nátiyjeli ámelge asırıw ushın hám III baslı jónelis jetiskenliginiń áhmiyetli ekenligin dálillep beriwge háreket etiń.

http://eduportal.uz

1991-jılı respublikamız óz ǵárezsizligin qolǵa kirgizip, burınǵı awqam qısımınan qutıldı. Endi xalqımız aldında ǵárezsizlik tırnaǵın bekkemlew, erkin puqaralıq jámiyetti qurıw sıyaqlı asa juwapkerli wazıypa tur edi. Bul wazıypanı orınlawdıń birden-bir jolı bul bazar ekonomikasına ótiw edi. Bazar ekonomikasına ótiwde Ózbekstannıń milliy, ózine tán ózgesheliklerin ózinde sáwlelendire alǵan bazar ekonomikasına ótiwdiń bes principi tiykar etip alındı.

Tómendegi usı principlerdi keltiremiz:

1. Ekonomikanıń siyasattan ústinligi.
2. Mámleket — bas reformator.
3. Nızamlar hám olarǵa boysınıwdıń ústinligi.
4. Jedel sociallıq siyasat júrgiziw.
5. Bazar ekonomikasına basqıshpa-basqısh ótiw.

Usı principlerden kelıp shıǵıp, respublikamızda usı ótken waqıt ishinde júdá úlken ózgerisler ámelge asırıldı. Respublikamızda bazar qatnasıqlarına tiykarlanǵan milliy ekonomika tiykarlari jaratıldı. Buǵan mısal etıp, múlkshilik, awil xojalıǵı, finans-kredit, sırtqı ekonomikalıq baylanıslar hám sociallıq tarawdaǵı ámelge asırılıp atırǵan reformalardı keltiriw mu'mkin. Bul reformalar mámleketimizde bazar qatnasıqların qáliplestiriw ushın xızmet qıladı. Tiykarınan:

**Múlkshilikti reformalaw tarawında** mámleket múlki esaplanatuǵın zavod hám fabrikalar, turmıslıq xızmet kórsetiw kárxanaları, úy-jaylar hám basqa mámleket múlklerin menshiklestirilip, jámiytlik yaki jeke múlkke aylandırıldı.

**Awıl xojalıǵındaǵı reformalar** adamlarǵa jerden biypul paydalanıw huqıqınıń beriliwi, jeke qıytaq ushın jer maydanlarınıń keńeytiliwi, fermer hám diyqan xojalıqlarınıń dúziliwi menen ámelge asırılmaqta.

**Finans-kredit tarmaǵındaǵı reformalar** respublikamız óz valyutasın aylanısqa kirgiziwi, birqansha kommerciyalıq banklerdiń ashılıwı, bahalı qaǵazlar bazarınıń shólkemlestiriliwi, jańa salıq sistemasın jaratıw sıyaqlı bazar talabına juwap beretuǵın finans sistemasın jaratıw járdeminde amelge asırılıp atır.

**Sırtqı ekonomikalıq baylanıslardaǵı reformalar** respublikamızdıń sırtqı ekonomikalıq baylanısların erkinlestiriwge qaratılǵan.

**Sociallıq tarawdaǵı reformalar** ótiw dáwirinde kelip shıǵatuǵın túrli qolaysız jaǵdaylardan xalıqtı qorǵawǵa qaratılǵan.

Sóńǵı eki jıl Ózbekstan ekonomikasında tereń reformalar baslanıw dáwiri boldı. Mámleketimiz ekonomikasında bar bolǵan biraq paydalanılmaytuǵın úlken imkaniyatlardı iske asırıw áhmiyetli wazıypa sıpatında qoyıldı. Bunıń ushın sońǵı jıllarda jol qoyılǵan qáte hám kemshiliklerdi tán alıp, ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıwda jedellik penen kirisildi. Bul

reformalar nátiyjesinde qısqa waqıt ishinde mámleketimiz ekonomikasında tómendegi ózgerisler júzege keldi:

— mámlekettegi ekonomikalıq kórsetkishleri ayqınlastırıldı. Yaǵnıy jıllıq ekonomikaliq ósiwdiń 8% dan artıq dep kórsetiliwi noreal, haqıyqattan jıraq dep tán alındı hám real ekonomikalıq kórsetkishler keltirildi. Bul kórsetkishlerdiń shappaqlıǵı támiynlenedi;

— Aldınǵı dáwirde Ózbekstanǵa tán bolǵan global sistemadan ajralıp, jekkeleniwge qaratılǵan ekonomikalıq siyasattan bas keshiwdi hám ekonomikamızdı jáhán global ekonomikalıq sistemaǵa integraciyalaw boyınsha jedel háreketler baslap jiberildi;

— Ekonomikaǵa mámlekettiń aralasıwın minimallastırıw boyınsha ilajlar kórile basladi;

— Valyuta bazarın liberalastırıw boyınsha sistemali jumıslar ámelge asırıldı. Nátiyjede qısqa waqıt ishinde valutanı erkin konvertaciyalaw jolǵa qoyıldı;

— Isbilermenlik iskerligin qollap-quwatlaw hám isbilermenlik iskerligine tosıqlardı alıp taslaw boyınsha ilajlar belgilendi;

— Bajıxana xızmeti sezilerli dárejede kemeyttirildi;

— Sırtqı ekonomikalıq iskerlik boyınsha tosıqlar alıp taslandı;

— Shet mámleketler, eń dáslep qońsı mámleketler menen ekonomikalıq baylanıstı jaqsılaw boyınsha ilajlar kórildi;

— Túpkilikli salıq reformalari baslandı

— Pul aylanısı boyınsha nátiyjesinde náq hám náq emes pul qunı arasındaǵı parıq joq etildi.

Sonıń menen birge bank tarawındaǵı admenstrativlik, básekelik ortalıqtı jaratıw tarawındaǵı, mámleket buyırtpalariniń bazardaǵı ornı boyınsha da reformalarǵa tu'rtki berildi.

Joqarıda atap ótilgen hám taǵı basqa baǵdarlardaǵı reformalardı ámelge asırıw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyev tárepinen 2017-2021-jıllarda Ózbekstandı rawajlandırıwdıń bes baslı jónelisi boyınsha háreketler strategiyasi ilgeri súrildi.

Háreketler strategiyasına kirgen bes baslı jónelisten negizgisi dep 3-baslı jónelis — Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıwdıń baslı jónelislerin qaraw múmkin. Sebebi tek bekkem ekonomikalıq tiykar, tayanıshı bolsa ǵana basqa tórt baslı jónelislerdi nátiyjeli ámelge asırıw múmkin boladı.

Ekonomikalıq reformalardi ámelge asırıw procesinde mámleketimiz tárepinen tómendegi wazıypalarǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta:

— Ekonomika tarawlarına investiciyalar muǵdarın keskin asırıw. Ásirese shet el investiciyaların elede ózine qaratıw;

— Mámleket kompaniyaları basqarıw sistemasın túpten jaqsılaw;

— Mámleket múlkin ózlestiriw boyınsha jańa jandasıwǵa tiykarlanǵan iskerlikti jolǵa qoyıw;

— Qımbat bahalı qaǵazlar bazarın jaqsılaw;

— Agrar tarawdaǵı; reformalardı jánede janlandırıw;

— Bank-kredit, salıq, bajıxana tarawlarındaǵı reformalardı dawam ettiriw;

— Sanlı ekonomika tarawın rawajlandırıw;

— Ekonomikadaǵı innovaciyalardıń, zamanagóy texnologiyalardıń rolın kúsheyttiriw.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Háreketler strategiyası jónelislerin sanap beriń.
2. Háreketler strategiyası III bólimindegi jónelislerdiń qalǵan 4 bólimlerindegi jónelisler menen qanday baylanısı bar?
3. Háreketler strategiyasiniń tiykarı nede?
4. Háreketler strategiyasınıń áhmiyeti haqqında ne dey alasız?
5. Ekonomikalıq reformalardı ámelge asırıw barısında mámleketimiz tárepinen qanday wazıypalarǵa úlken itibar bermekte.
6. Háreketler strategiyasınıń nátiyjeli ámelge asırıw siziń shańaraǵıńız tınıshlıǵı, abadanshılıǵı hám baxıt sadatı ushın qay dárejede áhmiyetli ekenligi haqqında pikirińizdi bildiriń.

**Bunı yadta saqlań!**

- Háreketler strategiyası mámleketimiz turmısınıń barlıq tarawların qamtıp aladı.
- Háreketler strategiyası 5 bólek (jónelis)ke bólingen.
- Ondaǵı III bólek (jónelis) ekonomikalıq tarawdı rawajlandırıw hám liberallastırıwǵa baǵishlanǵan.
- Ekonomika tarawınıń rawajlanıwı mámleketimiz ómiriniń barlıq tarawları rawajlanıwıdıń tiykari bolıp xızmet etedi.

**Tapsırma**

«Háreketler strategiyası turmısımızda» temasında referat tayarlań. Referattı tayarlaw procesinde háreketler strategiyasın dıqqat penen úyrenip shıǵıń. Onıń hár bir jónelisi ózimiz, jaqınlarımız hám átirapımızdaǵılardıń ómirine, turmısına, miynet iskerligine qanday hám qay dárejede tásir ótkeriwi múmkinligin bayan etiń.

# V BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Ne sebepten, bazar ekonomikası sharayatında básekisiz ekonomika rawajlanbaydı?
2. Islep shıǵarıwshılar (satıwshılar) arasındaǵı báseki nátiyjesinde tutınıwshılar qanday payda kóredi? Mısallar menen túsindiriń.
3. Monopoliyanıń qanday ekonomikalıq zıyanı bar?
4. Ekonomikada monopoliyanıń bar bolıwı hár qashan da jaman aqıbetlerge alıp kele bere me?
5. Ózbekstannıń bazar ekonomikasına ótiwden gózlengen maqset ne?
6. Bazar ekonomikasına ótiwdiń bes principi haqqında aytıp beriń.
7. Bazar ekonomikasına ótiwde mámlekettiń roli haqqında neler bilesiz?
8. Mámleketimizde júrgizilip atırǵan sociallıq siyasattıń mazmunı nede?
9. Ótken dawir ishinde respublikamızda bazar ekonomikasına ótiw baǵdarında qanday reformalar amelge asırıldı?

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa tán talqındı tabıń.

### ATAMALAR:

1. Bazar ekonomikası.
2. Báseki
3. Nırq qurallarısız básekilesiw.
4. Nırqlar básekilesiwi.
5. Aralas ekonomika.
6. Monopoliya.
7. Oligopoliya.
8. Sap báseke bazarı.
9. Ekonomikalıq sistema.

### TALQÍLAWLAR:

a) bazar ekonomikası hám oraylasqan rejeli ekonomikanıń unamlı táreplerin ózinde qáliplestirgen zamanagóy ekonomikalıq sistema;
b) jeke menshik mu'likshilikke tiykarlanǵan ulıwma ekonomikalıq sheshimler bazaar mexanizmi járdeminde anıqlanatuǵin ekonomikalıq sistema;
d) jámiyet (mámleket) ekonomikalıq turmısın qáliplestiriw túri;
e) belgili bir tovar túri jeke islep shıǵarıwshı yaki satıwshı tárepinen satılatuǵın, basqa satıwshılardıń kiriwi júdá qıyın bolǵan bazar;



http://eduportal.uz

f) belgili bir tovar túri júdá kóp satıwshılar tárepinen satılatuǵın, basqa satıwshılardıń kiriwi jeńil, nırqlar erkin bolǵan bazar;
g) tovar nırqın ózgertpesten, onıń sapasın jaqsılaw, reklamanı kúsheytiw sıyaqlı faktorlar arqalı básekileslerge tásir kórsetiw;
d) bir neshe iri kárxana hám firmalardıń monopoliyasınan ibarat bolǵan bazar;
i) tovar nırqın túsiriw yaki arttırıw járdeminde básekileslerge tásir kórsetiw;
j) ekonomikada iskerlik kórsetiwshi tárepler mápleriniń bir-birine qarsı keliwinen júzege keletuǵın óz ara gúres.

## D. TESTLER

**1. Qátesin tabıń.**

**Taza báseki bazarında:**

A) satıwshı tovar nırqın ózi qálegenin-she ózgerte almaydı.
B) satıwshılar arasında báseki boladı.
D) satıwshı tovar nırqın qálegeninshe ózgerte aladı.
E) satıwshı sanınıń keskin artıp ketiwi tovarlar nırqınıń tómenlewine alıp keledi.

**2. Oligopolistlik bazarda:**

A) satıwshı birew boladı.
B) tovar hár túrli boladı.
D) nırqtı tiykarınan iri hám kishirek fir-malar belgileydi.
E) báseki bolmaydı.

**3. Monopolistlik báseki bazarında:**

A) bir túrdegi tovarlar satıladı.
B) monopolist satıwshılar kóp bolıp óz ara básekilesedi.
D) satıwshı birew boladı.
E) qarıydar birew boladı.

**4. Satıwshılar básekisi nátiyjesinde:**

A) tovar nırqı kóteriledi.
B) tovar túrleri kóbeymeydi.
D) tovar nırqı túsedi
E) tovar sapası tómenlep ketedi.

**5. Tovarǵa bolǵan talap muǵdarı usınıs muǵdarınan joqarı bolǵanda, kimler arasında báseki júzege keledi?**

A) qarıydarlar.
B) satıwshılar.
D) satıwshılar menen qarıydarlar.
E) islep shıǵarıwshılar menen qarıydarlar.



http://eduportal.uz

**6. Satıwshılar ortasındağı báseki nátiyjesinde tovarlar ...**
A) sapası tómenlep, nırqı kóteriledi.
B) nırqı ózgermeydi, sapası tómenleydi.
D) túri kóbeyiwi múmkin.
E) nırqı túsedi, sapası bolsa

**7. Qátesin tabıń:**
A) bazar ekonomikası monopoliyaǵa qarsı gúrese aladı.
B) mámleket monopoliyaǵa tásirin ótkere aladı.
D) mámleket monopoliyası da bolıwı múmkin.
E) hár túrli sheklewler nátiyjesinde de monopoliya júzege keliwi múmkin.

**8. Qátesin tabıń:**
A) satıwshılardıń básekilesiwi nátiyjesinde nırq tómenleydi.
B) xızmet kórsetiw tarawında báseki bolmaydı.
D) satıwshı menen qarıydar básekilesiwi múmkin.
E) qarıydar básekilesiwi nátiyjesinde nırq kóteriledi.

**9. Qaysı punktte bazarlardıń atları monopoliyalasıw dárejesiniń artıwı tártibinde jaylastırılǵan?**
A) taza báseki, oligopoliya báseki, monopol báseki, taza monopol báseki.
B) taza báseki, monopol báseki, taza monopol báseki, oligopol báseki.
D) taza báseki, monopol báseki, oligopol báseki, taza monopol báseki.
E) monopol báseki, taza monopol báseki, oligopol báseki taza báseki,

**10. Báseki ortalıǵı bolıwı ushın qanday sharayatlar bolıwı kerek?**
A) satıwshılar hám qarıydarlardıń kóp bolıwı.
B) tovar nırqına hesh bir firma tásir ótkere almaslıǵı.
D) bazarǵa kiriwge hesh qanday tosqınlıqlardıń bolmaslıǵı.
E) joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**11. Tómendegi ózgesheliklerdiń qaysı biri bazar ekonomikasına tán emes?**
A) isbilermenlik.
B) jeke múlkshilik.
D) monopoliyanı qollap-quwatlaw.
E) báseki.

*Salıq júgin kemeyttiriw, salıq hákimshiligin jetilistiriw ekonomikanı rawajlandırıwdıń eń biri áhmiyetli faktorlardan biri.*

***Shavkat Mirziyoyev***

# VI bap. Salıq sisteması



http://eduportal.uz

# 28-TEMA SALÍQLAR HÁM OLARDÍŃ TÚRLERI




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Belgili bolǵanınday, salıqlar mámleket ǵáziynesine óndiriletuǵın, nızamda kórsetilgen májbúriy tólemler. Mámleketimiz puqaraları salıq tólewshi sıpatında mámleketke qanday salıqlardı tóleydi?
2. Ne sebepten salıqlardı tólew májbúriy sanaladı?
3. Salıq tólemleri wolardı tolewshilerge qanday kórinislerde qaytıp keledi?
4. Salıqlardıń óz waqtında tólewinen birinshi náwbette kim mápdar: mámleket pe yamasa salıq tolewshiler me?

*Salıq* — puqara, firma hám kárxanalardan mámleket byudjetine óndiriletuǵın, nızamda kórsetilgen májbúriy tólem. Salıqlar mámleket byudjetiniń tiykarǵı dáramat dáregi esaplanadı.

**Salıq** — puqara, firma hám kárxanalardan mámleket ǵáziynesine óndiriletuǵın, nızamda kórsetilgen májbúriy tólew.

Mámlekette salıqlardı engiziwden maqset;
— sociallıq tovar hám xızmetlerdi islep shıǵarıwdı pul menen támiyinlew;

http://eduportal.uz

— xalıq dáramatların qayta bólistiriw;
— geybir islep shıǵarıw tarawların qollap-quwatlawdan ibarat.

Mámleket jámiyet aldındaǵı bir qatar sociallıq wazıypalardı óz moynına alar yeken, oǵan úlken muǵdardaǵı pul zárúr boladı. Sol sebepli, mámleket kórsetiletuǵın xızmetler ushın óz puqaraları, firma hám kárxanalardan salıq kórinisindegi tólew óndiriledi. Demek, mámleket puqarası sıpatında hár birimiz bizge kórsetilip atırǵan medicinalıq xızmet, bilimlendiriw, qorǵanıw xızmeti, jámiyetlik tártipti saqlaw sıyaqlı xızmetler ushın mámleketke salıq kórinisinde haqı tóleydi ekenbiz.

Ekinshi tárepten, mámleket tiyisli tarawda is júrgizip atırǵan firma hám kárxanalar tóleytuǵın salıqlar muǵdarın kemeytip, olarǵa belgili salıq jeńilliklerin beriwi múmkin. Bul bolsa kárxanalar islerin xoshametlep, islep shǵarılıp atırǵan ónimler kóleminiń kóbeyiwine alıp keliwi múmkin. Demek, salıqlar járdeminde mámleket kárxanalardıń ekonomikalıq iskerligin xoshametlep turıwı múmkin yeken.

Sonıń menen birge, mámleket xalıqtıń kem táminlengen bóleginen azıraq, bay adamlardan kóbirek salıq óndirip, xalıq dáramatınıń qayta bólistiriwine úlesin qosıwı múmkin.

Salıqlar hám basqa májbúriy tólemler mámleket byudjetine yamasa mámlekettiń maqsetli fondına kelip túsedi. Salıqtan túsken qarjılar bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, huqıqtı qorǵaw sisteması, mámleketti basqarıw organları zárúrliklerine, ǵarrılıq napaqalarına hám basqa tólemlerdi ámelge asırıwǵa jumsaladı.

Mámleketimizde salıq hám basqa májbúriy tólemler Ózbekstan Respublikası Salıq kodeksi dep atalatuǵın huqıqıy hújjet tiykarında belgilenedi. Salıq hám basqa májbúriy tólemlerdi belgilew, engiziw, esaplaw hám mámleket ǵáziynesine, maqsetli fondlarına tólew menen baylanıslı qatnasıqlar Ózbekstan Respublikasınıń Salıq kodeksi tiykarında ámelge asırıladı.

Salıq kodeksi salıqqa tartıw haqqındaǵı barlıq nızam hújjetleriniń tiykarın quraydı hám salıq qatnasıqların tártipke salıp turadı.

**Ekonomikalıq huqıq tiykarları**

Salıqlar hám basqa májbúriy tólemler usı kodeks penen belgilenedi, ózgertiledi yamasa biykar etiledi.

*Ózbekstan Respublikası Salıq kodeksi, 2-statya*

Salıq qatnasıqlarına tıyıslı barlıq rásmiy hújjetler Salıq kodeksine boysınadı. Ózbekstanda búgingi kúngi salıq stavkalarin belgilew salıq

http://eduportal.uz

kodeksinde emes bálkim Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararı arqalı hár jılı ayrıqsha belgilenip keldi. Bunnan tısqarı nızam hújjetleri arqalı jeńillestirilgen salıqqa tartıw túrleri akcizke tartılıwshı tovarlar sıyaqlı dizimler tastıyqlanatuǵın edi. Sonıń ushın salıq kodeksinen ayırım huquqıy hújjetler de salıq nızamshılıǵınıń ayrıqsha bólimi bolıp esaplanadı.

Salıq siyasatın jetilistiriw konsepsiyasınıń qabıl etiliwi mámleketimiz Salıq sistemasında úlken ózgerislerge alıp keldi. 2019-jıldan Ózbekstan Salıq nızamshılıǵında onlaǵan ózgerisler kúshke kirdi. Bul ózgerislerge sebep mámleketimiz óz rawajlanıwınıń jańa — jedel basqarıwǵa ótiwi menen belgilendi. Házirgi dáwirde zamanagóy talaplarǵa jańa «Salıq kodeksi» juwap beredi.

Mámleketimizdegi ámeldegi salıq nızamshılıǵında puqaralar hám kárxanalar tárepinen Salıq túrlerine tómendegiler kiredi: payda salıǵı, dáramat salıǵı, aksiz salıǵı, mal-múlk salıǵı, jer salıǵı, qosılǵan qıymat salıǵı, tábiyiy resurslardan paydalanǵanı ushın tólenetuǵın salıq hám basqalar.

Salıqlardan tısqarı salıqlarǵa teńlestirilgen ayırım májbúriy tólemler hám bar olardı tólew hám salıq tólewshiler ushın májbúriy esaplanadı. Olarǵa tómendegiler kiredi: sociallıq tólem, puqaralardıń byudjetinen tısqarı qamsızlandırıw fondlarına, byudjetten tısqarı qamsızlandırıw fondlarına májbúriy ajıratıwlar, mámleket bajı, bajıxana tólemleri, túrli jıyınlar hám t.b.

Salıqlar tuwrı hám aylanba salıq túrlerine bólinedi. Puqara hám kárxanalardan tuwrıdan-tuwrı mámleket ǵáziynesine óndiriletuǵın salıqlar

**Tuwrı salıq** — puqara hám kárxanalardan tuwrıdan-tuwrı mámleket ǵáziynesine óndiriletuǵın salıq.

tuwrı salıqlar dep ataladı. Kárxana paydasınan (dáramatınan) alınatuǵın salıq, jer salıǵı, dáramat salıǵı sıyaqlıları tuwrı salıqlar qatarına kiredi.

Puqaralar tárepinen tuwrıdan-tuwrı mámleketke emes, al, dáslep tovarlardı satıwshı kárxanalarǵa tólenetuǵın, soń bolsa kárxana rárepinen mámleketke ótkeriletuǵın salıqlar aylanba salıqlar dep ataladı. Aylanba salıqlarǵa qosımsha nırq salıqları, aktsiz salıǵı sıyaqlılar kiredi.

**Aylanba salıq** — puqaralar tárepinen dáslep tovarlardı satıwshı kárxanalarǵa tólenetuǵın, soń kárxana tárepinen mámleketke ótkeriletuǵın salıq.

Mámleket puqaralarınan, yaǵnıy fizikalıq táreplerden dáramat salıǵı, malmúlk salıǵı hám jer salıǵı óndiriledi.

Usını aytıp ótiwimiz kerek, bazı salıqlar tuwrıdan-tuwrı mámleket gáziynesine kelip túsedi. Bunday salıqlar mámleketlik salıqlar dep ataladı. Mámleket salıqlarga qosılgan salıqlar qunsalıǵı, aksiz salıǵı kárxanalar paydasınan (daramatınan) alınıtugın salıqlar, puxaralardan alınatugın dáramat salıǵı sıyaqlılar kiredi.

Jergilikli hákimiyat, wálayat, rayonlıq basqarıw organları juwapkershiligine beriletuǵin salıq túrleri *jergilikli salıqlar* dep ju'ritiledi. Bunday salıq

**Bilesiz be?**

Mámleketimizde eki hám onnan da artıq dáramat dáregine iye bolǵan fizikalıq tárepler hár jılı 1-aprelge shekem ótken jıl ushın salıq deklaraciyasın toltırıp, salıq inspekciyasına tapsırıwı shárt. Deklaraciyada ótken jılǵı barlıq dáramatlar hám oǵan tólengen salıq muǵdarı kórsetilgen bolıwı kerek.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Salıqlardı engiziwden maqset ne?
2. Salıqlar járdeminde qalayınsha adamlardıń dáramatları qayta bólistiriledi?
3. Kárxanalardan qanday salıqlar alınadı? Puqaralardan she?
4. Tuwrı hám aylanba salıqlardıń bir-birinen parqı nede?
5. Salıqlardı tolıq hám waqtında tólew shártpe?
6. Hár bir salıq tólewshi tapqanı hadal bolıwı ushın aldın-ala ne islewi zárúr dep oylaysız?
7. Mámleket salıqtan jıynalǵan qarjılardı qanday maqsetke isletiledi?

**Bunı yadta saqlań!**

- Mámleket byudjetiniń tiykarǵı dáregi esaplanǵan salıqlarsız, mámleket óz wazıypaların tolıq orınlay almawı múmkin.
- Salıqlar mámleket tárepinen puqara him firmalardan májbúriy túrde óndiriledi.
- Salıqlardıń tuwrı salıq him aylanba salıq turleri bar.



http://eduportal.uz

# 29-TEMA SALÍQQA TARTÍW TIYKARLARÍ



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerdegiden salıq tólewi lazım bolǵan shaxslardı ajratıp kórsetiń.
2. Su'wretlerdegi nárselerden qaysıları ushın onıń iyesi salıq tólewi kerek dep oylaysiz?
3. Salıq tólewi lazım bolǵan hám salıq tólemewi lazım bolǵan adam bir-birinen nesi menen parıqlanıwı kerek dep oylaysız?
4. Toplanǵan salıqlardan eń tiykarǵı payda alıwshı shaxslardı joqarıdaǵı súwretlerden kórsetiń hám bunday dep oylawıńız sebebin túsindirip beriń.

Salıq haqqındaǵı barlıq nızam hújjetleri tómendegi principlerge tiykarlanadı:

— *májbúriylik,* bul principke tiykarınan salıqlar barlıq puqaralar ushın májbúriy tólew esaplanadı.
— *anıqlılıq* principi boyınsha, salıq hám basqa májbúriy tólemlerdi qansha muǵdarda, qanday tártipte tólew túsinikli etip kórsetilgen bolıwı kerek;

http://eduportal.uz

— *ádillik* principine tiykarınan salıq salıw ulıwmalıq bolıp, salıq sesteması jeńilliklerin belgilew sociallıq ádillik principine tuwrı keliwi hám adamdı kemsitiwge jol qoyılmaydı;
— *jekkelik* principi boyınsha, salıq sisteması Ózbekstan Respublikasınıń aymaǵında barlıq salıq tólewshilerge birdey esaplanadı;
— *ashıq-aydınlıq* principi boyınsha, salıq salıwdı tártipke salıwshı hár qanday normativ-huqıqıy hújjetler rásmiy basılımlarda járiyalanıwı shárt;
— *salıq tólewshiniń haqlıǵı* principi boyınsha, salıqqa baylanıslı hújjetlerde anıqlanǵan hár qanday qáte salıq tólewshi paydasına sheshiledi.

Salıq qatnasıqlarında eki tárep — salıq tólewshiler hám salıq óndiriwshiler qatnasadı. Salıq óndiriwshi tárep te salıq qatnasıqları subyekti esaplanıp, oǵan mámleket tárepinen salıq óndiriwge wákillik berilgen organlar kiredi. Mámleketlik salıq xızmeti, bajıxana, finans shólkemleri mámlekettiń wákillik organı esaplanadı.

Salıq obyekti dep salıq tólew lazım bolǵan dáramat, mal-múlk yamasa tovarǵa aytıladı. Ámelde salıq tólewi salıq obiektine qaratılǵan boladı. Salıq obiekti iyesi bolsa bul salıqtı tólewge lazım boladı. Salıqtıń uluwma muǵdarı salıq salıw stavkasına baylanıslı. Salıq salınatuǵın obiektler dáramat, múlk yamasa tovarlar túrli ólshem birliklerinde ólshenedi.

Hár bir salıqqa tartılatuǵın obyekt túrine mámleket tárepinen ayrıqsha salıq sıpatında tóleniwi kerek bolǵan muǵdar belgilenedi. Bul muǵdar salıq stavkası dep júritiledi.

**Salıq subyektleri** — salıq tólewshiler hám salıq óndiriwshiler.
**Salıq obyekti** — salıq tólewi lazım bolǵan dáramat, mal-múlk yamasa tovar.

Salıq stavkası, qatań — pul birligine, salıstırmalı — procentlerde beriliwi múmkin. Máselen, 2010-jıl yanvar ayında avtotransport iyeleri satıp alǵan hár bir litr benzin ushın 160 swm qatań salıq tólegen. Qosılǵan qun salıǵı bolsa jámi jaratılǵan qosımsha qun nırqınıń 20 procenti muǵdarında, yaǵnıy salıstırmalı stavkada belgilengen.

Salıq stavkaları salıqqa tartılatuǵın dáramat obyektiniń muǵdarına qarap: *proporcionalıq, progressivlik, regressivlik* túrlerge bólinedi.

*Proporcionalıq salıq stavkası*nda salıqqa tartılıp atırǵan obyekt qanday bolıwına qaramastan, bir túrdegi úleste salıq tóleydi. Mısalı, 2019-jıl

1-yanvardan baslap kárxananiń mal-múlkiniń qunı kóp yamasa az bolıwına qaramastan óndiriletuǵın mal-múlk stavkası 2 procentti quraydı.

**Salıq stavkası** — salıq obyektiniń hár bir birligi ushın mámleket tárepinen belgilengen norma.

*Progressiv salıq stavkas*ında dáramat obyekti kóbeyiwi menen stavkası da kóbeyip baradı. Bul salıq stavkası 2019-jılǵa shekem mámleketimizde tek ǵana fizikalıq tárepler dáramatlarınan óndiriletuǵın salıqta qollanıladı. 2019-jıl 1-yanvardan baslap bul salıq stavkası hám ózgermes 12 % stavkasına almastırıldı.

*Regressiv salıq stavkas*ında bolsa dáramat ósip barıwı menen salıq stavkası azayıp baradı.

Salıq tólewshi degende tek ǵana adamlar — puqaralar, emes bálkim kárxanalardı da tu’siniw mu’mkin. Sebebi olardıń hár birinen óndiriledi. Puqaralar hám kárxanalar tóleytuǵın Salıqlar biri-birinen ayırmashılıqqa iye.

Olar tóleytuǵın Salıq túrlerin tómendegishe keltirip ótemiz:

Mámleket puqaralardan, yaǵniy fizikalıq shaxslardan dáramat salıǵı, mal-múlk salıǵı hám jer salıǵı óndiriledi.

Kárxanalardan, yaǵnıy yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın salıq túrle-rine: kárxana paydası (dáramati)nan tólenetuǵin salıq, aksiz salıǵı, kárxana mal-múlkinen tólenetuǵin salıq, jer salıǵı, qosımsha qun salıǵı, tábiyiy resurslardan paydanlanǵani ushın tólenetuǵin salıq hám basqalar kiredi. Mámleketimiz nızamlarına muwapıq shólkemlestirilgen kárxanalar, firmalar, islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw mákemeleri *yuridikalıq shaxslar* esaplanadı.

**Bilesizbe?**

Ózbekstan Respublikasınıń 24-dekabr 2018-jıl «Salıq hám byudjet siyasatınıń 2019-jılǵa mólshellengen tiykarǵı baǵdarların qabıl etilgenligi múnásibeti menen Ózbekstan Respublikasınıń ayırım nızam hu’jjetlerine ózgeris hám qosımshalar kiritiw haqqında»ǵı nızam tiykarında «salıq kodeksi»niń ońlaǵan statyasına ózgeris hám qosımshalar kiritildi, bir neshe statya alıp taslandı.

**Fizikalıq tárep** — Ózbekstan Respublikası puqaraları, shet el puqaraları hám puqaralıǵı bolmaǵan adamlar.

**Yuridikalıq tárep** — Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına muwapıq shólkemlestirilgen kárxanalar, firmalar, islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw kárxanaları.



**Amir Temur**

(1336 — 1405)

Saqıpqıran Amir Temur óz saltanatında júdá hám nátiyjeli saliJq dizimin qáliplestirgen, ol mámlekettgi saliq siyasatı ádil bolıwına úlken itibar bergen. «Temur tuzuklari» salıq haqqında bılay jazadı: Xirojnı jıyıw waqtında eki wazir shuǵullansın. Birewi toplaǵan maldı jazıp tekserip tursın, bajı alıwshılar puqaraǵa zulum etip olardıń ahwalına zıyan kórsetpesin. Viloyatlarda toplanǵan tolıq tovardı kiriw dápterine jazıwları kerek. Eki wázir bolsa shiǵin dápterine jazıp jiyilǵan mallardı sipoh aylıǵina qosilsin.

Amir Temur mámleket ǵáziynesinde esap kitapları anıq jolǵa qoyılǵan. Bul hazirgi zamandaǵı mámlekettiń byudjet siyasatına uqsap ketedi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámleketimiz salıq nızamshılıq hújjetleri nege tiykarlanǵan?
2. Salıqqa tartıwdıń tiykarǵı printsiplerin sanap beriń.
3. Salıq salıw subiekti hám obiektiniń bir-birinen ayırmashılıǵın aytıń.
4. Salıq stavkası degen ne hám ol qanday kóriniste qollanıladı?
5. Salıq stavkasınıń túrlerin sanań hám olarǵa mısal keltiriń.

**Bunı yadta saqlań!**

• Mámleketimizdegi salıq sisteması májbúriylık, anıqlıq, ádillik, jekkelik, ashıq-aydınlıq hám salıq tólewshilerdiń haqlıǵı principlerine tiykarlanadı.

• Salıq stavkaları salıqqa tartılatuǵın dáramat obyektiniń ózgesheligine qaray, proporcional, progressiv, regressiv túrde belgilenedi.



http://eduportal.uz

# 30-TEMA
# SALÍQ TÓLEWSHILERDIŃ HUQÍQLARÍ HÁM MÁJBÚRIYATLARÍ








## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. 1-2 hám 4-5- súwretlerde súwretlengen puqaralardıń salıq tólewshi sıpatında qanday huqıqları bolıwı múmkinligin shamalap kóriń.
2. 4-súwrette súwretlengen isbilermenniń salıq tólewshi sıpatında huqıqı buzılǵanda ol kimge múrájáát etiwi lazım dep oylaysız?
3. 2-súwrette súwretlengen satıwshı 5-súwrettegi tigiwshiniń májbúriyatları menen 1-hám 4- súwrettegi isbilermenlerdiń májbúriyatları ortasında qanday parıq bolıwı múmkin? Huquqları ortasında-she?
4. Salıq tólewshilerdiń huqıqları kim tárepinen kepillenedi?
5. Salıq tólewshilerdiń májbúriyatların orınlawdıń 3-hám 6- súwretlerdegi shaxslar ómiri menen qanday baylanısı bar dep oylaysız?

Salıq tólewshiler bir qatar huqıq hám minnetlerge iye. Olardıń huqıq hám minnetleri ámeldegi Salıq kodeksi, Ózbekstan Respublikasınıń «Mámleketlik salıq xızmeti haqqında»ǵı nızam hám salıq boyınsha basqa huqıqıy hújjetlerinde belgilep qoyılǵan.

Mámleket salıq tólewshilerdiń huqıqların nızam menen bekkemlep, salıq tólewshiniń mápin qorǵawı menen bir waqıtta, salıq sistemasında júz



http://eduportal.uz

beriwi múmkin bolǵan ádilsizliklerdiń aldın aladı. Salıq tólewshiniń óz huqıqların biliwi bolsa oǵan óz mápin qorǵaw ushın múmkinshilik jaratadı. Salıq tólewshilerdiń huqıqları mámleket tárepinen kepillenedi.

Salıq tólewshilerdiń tiykarǵı huqıqları tómendegilerden ibarat:

— salıqqa tiyisli máseleler boyınsha salıq organlarınan zárúr másláhat hám túrli maǵluwmatlar alıw;
— mámleket tárepinen belgilengen salıq jeńilliklerinen paydalanıw;
— belgilengeninen artıqsha tólengen salıqlardı qaytarıw boyınsha salıq organlarına múrájáát etiw;
— salıq organlarınan óziniń byudjet aldındaǵı salıqlar boyınsha qarızı bar yamasa joq ekenligi haqqında zárúr maǵluwmatlardı alıw;
— óziniń salıq tólewshi sıpatında huqıqları buzılǵan jaǵdayda tiyisli jerlerge arız etiw;
— salıqshı tóleniwi tiyis bolǵan salıq jıyınların esaplaǵanda qátege jol qoyǵan bolsa, usı qáteni óz ıqtıyarı menen óz betinshe dúzetiw.

Joqarıda sanap ótilgen huquqlardıń kepilleniwi salıq tólewshini kewil hátirjemlik hám erteńgi ku'nge isenim menen iskerlik kórsetiwge imkan jaratadi. Nátiyjede, salıq tólewshiniń iskerliginen mámleket hám pu'tin jámiyet mápdar boladi.

Hár bir fizikalıq yamasa yuridikalıq tárep salıq tólewshi sıpatında jámiyetimiz hám mámleketimiz aldında bir qatar minnetlerdi óz moynına alıwı hám orınlawı shárt. Sebebi, salıq tólewshiler moynındaǵı wazıypalardı orınlap, salıq tólemlerin óz waqtında ámelge asırsa bunnan pútkil jámiyet mápdar boladı.

Salıq tólewshilerdiń minnetleri tómendegilerden ibarat:

— salıq tólewshi fizikalıq yamasa yuridikalıq tárep bolıwına qaramastan, belgilengen múddette salıq organlarınan dizimnen ótiw;

— kárxana mákan jayı ózgergen waqıtta jergilikli salıq organlarına bul haqqında óz waqtında xabar beriw;

— salıqlardıń nızamda belgilengen muǵdarın óz waqtında tólew;

— salıq tólewshi fizikalıq tárep dáramatlar haqqındaǵı deklaraciyanı hám yuridikalıq tárepler bolsa salıqlar boyınsha zárúr esap-kitaplardı jergilikli salıq organlarına óz waqtında tapsırıw;

— salıq boyınsha jeńilliklerden paydalanǵan waqıtta usı jeńillikler huqıqın tastıyıqlaytuǵın hújjetlerdi jergilikli salıq organlarına óz waqtında tapsırıw;

— salıq nızamı buzılǵanda salıq organlarınıń bunı saplastırıw boyınsha talapların orınlaw.

Salıq tólewshiniń joqarıda sanap ótilgen minnetlerin atqarıwı, salıq sistemasında nızamǵa qarsı háreketler bolıwınıń aldın aladı. Onıń óz minnetlerin biliwi hám shın kewilden orınlawı salıq óndiriwshi — mámleket ushın ǵana emes, al, salıq tólewshiniń ózi ushın da áhmiyetli. Sebebi, bul onıń qolaysız jaǵdayǵa túsip qalıwınıń aldın aladı hám tınıshlıqta is júrgiziw ushın sharayat jaratadı.

Salıq tólewshiler joqarıda keltirilgen minnetlerge boysınbasa, salıq nızamshılıǵında kózde tutılǵan tártipte juwapkershilikke tartıladı.

Salıqqa tiyisli huqıqbuzarlıq bir neshe túrli aqıbetlerge alıp keliwi múmkin.

Salıqlardı hám májbúriy tólemlerdi óz waqtında tólew hár bir puqara hám kárxana ushın muqaddas minnet. Intizamlı salıq tólewshini mámleket hám jámiyet húrmet qıladı hám hár tárepten qollap-quwatlaydı. Biraq sonday fizikalıq hám yurıdıkalıq shaxslar hám boladı, olar óz májbúriyatlarına juwapkershiliksiz penen qaraydı. Bul bólsa óz náwbetinde salıqqa tartıw tarawındaǵı huqıqbuzarlıqlarǵa alıp keledi. Máselen, sawdadaǵı túsimdi jasırıw (kemeytirip kórsetiw), kirim qılınbaǵan tólemlerdi saqlaw sıyaqlı huqıqbuzarlıqlar bir neshe bólimlerdegi huquqbuzarlıqlar dep qaralıwı múmkin:

a) Salıq huquqbuzarlıǵı sıpatında;
b) Hákimshilik huquqbuzarlıq sıpatında;
c) Jınayat sıpatında;
d) Puqaralıq-huquqıy qattı-háreket sıpatında.

Bunda huqıqbuzarlıqtıń kólemi, birinshi márte yakı tákiraran ámelge asırılıp atırǵanı, abaysizlıq áqibetinde yakı qasttan ámelge asırılıp atırǵanlıǵı sıyaqlı jaǵdaylar inabatqa alınadı.

Bul huquqbuzarlıqlar ushın jaza belgileniwi menen bir waqıtta jasırılǵan (kemeyttirilgen) salıq muǵdarı hám, álbette óndiriledi.

Ayırım jaǵdaylarda huqıqbuzar óz qálewi menen zıyanlardı qaplaǵanda, ol juwapkershilikten azat etiliwi múmkin.

**Ekonomikalıq huqıq tiykarları**

Fizikalıq táreplerdiń salıqqa tiyisli huqıqtı buzǵanı ushın juwapkershiligi on altı jastan baslap iske túsedi.

*Ózbekstan Respublikasınıń Salıq kodeksi, 107-statya.*

**Tariyxqa názer**

Ullı babamız Alisher Nawayı ápiwayı adamlarǵa «Salıqtı tólewden bas tartpawın másláhát berdi, sebebi, bunday háreket, óz sheriklerine zıyan keltiriw menen barabar» dedi. Alisher Nawayınıń salıq haqqındaǵı, baj-hiraj tólew haqqındaǵı pikirleri ǵárezsiz mámleketimiz salıq sisteması haqqındaǵı bilimlerdiń tariyxıy tiykarların bilip alıwǵa járdem beriwi tábiyiy.

Ámir Temur ekonomikalıq kózqaraslarında salıq máselesine ayrıqsha áhmiyet bergen. Saxıpqıran óz dáwrinde salıq siyasatın xalıq mápinen kelip shıqqan halda ámelge asırǵan. Ol eger xalıq salıq sisteması sebepli kámbaǵallasıp ketse, mámleket te aqırında kámbaǵallasadı, xalıqtıń bay-dáwletli bolıp jasawı ushın ádil salıq sisteması zárúr dep esaplaǵan.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Salıq tólewshilerdiń qanday huqıqları bar?
2. Bul huqıqlar kim tárepinen hám qanday kepillenedi?
3. Mámleket salıq tólewshi huqıqlarınıń kepillewiniń sebebi nede dep oylaysız?
4. Salıq tólewshiniń óz huqıqların biliwi oǵan qanday payda beredi?
5. Salıq tólewshiniń minnetlerin sanap beriń.
6. Salıq tólewshiniń minnetlerin shın kewilden atqarıwınan kim mápdar?
7. Salıq tólew boyınsha huqıqbuzarlıqlar ushın qanday jaza sharaları qollanılıwı múmkin?

**Bunı yadta saqlań!**

- Mámleketimiz nızamshılıǵı salıq tólewshi huqıqların qorǵaydı.
- Salıq tólewshiniń óz mábúriyatların orınlawdan pútin jámiyet mápdar.
- Salıq tólewshi óz huquqları hám májbúriyatların biliw hám olarǵa ámel etiw múmkin.
- Salıq tólew boyınsha huqıqbuzarlıq ushın jazaǵa tartıladı.



http://eduportal.uz

# VI BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Salıq hám basqa májbúriy tólemlerdi tólew salıq tólewshi sıpatında hár bir adam ushın hám qarız, hám parız degen pikirdi qalay túsindiresiz?
2. Salıq tólewdiń sawap is ekenligin tiykarlań.
3. Májbúriy tólemlerdiń qanday túrlerin bilesiz?
4. Salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerden túsken qarjılar qanday maqsetlerde isletiledi?
5. Ullı babamız Alisher Nawayınıń salıq haqqındağı pikirleri haqqında aytıp beriń.
6. Salıq kodeksi haqqında nelerdi bilesiz?
7. Salıqqa tartıwdıń tiykarğı printsiplerin sanap beriń.
8. Salıq tólewdiń ózine tán ózgesheliklerin sanap beriń.
9. Salıq tólewshilerdiń tiykarğı huqıq hám minnetleri haqqında aytıp beriń.
10. Mámleketlik hám jergilikli salıqlardıń bir-birinen parqı nede?
11. Ullı babamız Ámir Temurdıń salıq haqqındağı kóz qarasları haqqında ne bilesiz?
12. Salıq tólewshi yuridikalıq hám fizikalıq táreplerdiń parqın túsindirip beriń.
13. Salıqlardıń qanday túrlerin bilesiz?
14. Tuwrı hám aylanba salıqlarğa mısal keltiriń. Olardıń bir-birinen ayırmashılığı nede?

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamağa say talqılawdı tabıń.

**ATAMALAR:**

1. Salıq.
2. Salıq kodeksi.
3. Fizikalıq tárep.
4. Yuridikalıq tárep.
5. Salıq obyekti.
6. Salıq subyekti.
7. Salıq stavkası.
8. Salıq tólewshiler.
9. Wákillikli organlar.

**TALQÍLAWLAR:**

a) salıq tólew tiyis bolğan dáramat, mal-múlk yamasa tovar;
b) Ózbekstan Respublikası puqaraları, shet el puqaraları hám puqaralığı bolmağan adamlar;



http://eduportal.uz

d) salıqqa tartıw haqqındaǵı barlıq nızam hújjetleriniń tiykarın quraytuǵın hám salıq qatnasıqların tártipke salıwshı hújjet;
e) salıq tólewshiler hám wákillikli organlar;
f) puqara, firma hám kárxanalardan mámleket ǵáziynesine óndiriletuǵın, nızamda kórsetilgen minnetli tólem;
g) salıqlar hám basqa májbúriy tólemlerdi ámelge asırıw minneti moynında bolǵan hár qanday fizikalıq hám yuridikalıq tárep;
h) Ózbekstan Respublikasınıń nızamlarına muwapıq shólkemlestirilgen, óz múlki menen sudta dawager hám juwapker bola alatuǵın shólkem;
i) mámleket tárepinen nızam tiykarında salıq hám basqa minnetli tólemlerdi óndiriw wazıypası qoyılǵan hám wákillik berilgen mámleket organları hám shólkemleri;
j) Salıq obiektiniń hár bir birligi ushın mámleket tárepinen belgilep qoyılǵan shama.

## D. TESTLER

Berilgen sorawǵa mánisi jaǵınan durıs hám tuwrı tolıq juwaptı belgileń.

**1. Tólengen salıqlar qay jerge barıp túsedi?**

A) Napaqa fondına.
B) Mámleket byudjetine.
D) Kárxanalar esabına.
E) Fondlarǵa.

**2. Salıqlardan túsken qarjılar qaysı tarawlarǵa jiberiledi?**

A) Bilimlendiriw.
B) Mámleketlik basqarıw organları.
D) Densawlıqtı saqlaw.
E) Bárshe juwaplar durıs.

**3. Salıq tólemlerin engiziw, salıq stavkaların belgilew hám salıq tólew menen baylanıslı basqa qatnasıqlar qaysı nızam hújjeti tiykarında ámelge asırıladı?**

A) Puqaralıq kodeksi.
B) Salıq kodeksi.
D) Konstitutsiya.
E) Salıq komitetiniń qararları.

**4. Tuwrıdan-tuwrı mámleket ǵáziynesine kelip túsetuǵın salıqlar qalay ataladı?**

A) Tuwrı salıqlar.
B) Aylanba salıqlar.

http://eduportal.uz

D) Mámleket salıqları.
E) Jergilikli salıqlar.

**5. Mámleketimizde ótken jıldı eki hám onnan artıq dáramat dáregine iye bolǵan puqaralar usı jıldıń qaysı sánesine shekem salıq dekloraciyaların toltırıp salıq inspekciyasına tapsırıwı shárt?**
A) 1-yanvarǵa shekem.
B) 1-martqa shekem.
D) 1-aprelge shekem.
E) 31-dekabrge shekem.

**6. Qaysı juwapta salıq tólewshilerdiń huqıqlarınıń birewi keltirilgen?**
A) Salıq jeńilliklerinen paydalanıw.
B) Salıq organlarınan dizimnen ótiw.
D) Salıqlardı óz waqtında tólew.
E) Salıq dekloratsiyasın óz waqtında tapsırıw.

**7. Qaysı juwapta tek ǵana mámleket salıqları keltirilgen?**
A) Yuridikalıq tareplerden alınatuǵın payda salıǵı, akciz salıǵı.
B) Fizikalıq tareplerden alınatuǵın dáramat salıǵı, qosılǵan qun salıǵı.
D) Jer astı hám jer ústi resurslarin paydalanǵanı ushın salıqlar.
E) Barlıq juwaplar durıs.

**8. Qaysı juwapta tek ǵana jergilikli salıqlar kórsetilgen?**
A) mal-múlik salıǵı hám aktsiz salıǵı.
B) jer salıǵı hám qosılǵan qun salıǵı.
D) mal-múlik salıǵı hám jer salıǵı.
E) qosılǵan qun salıǵı hám aktsiz salıǵı.

**9. Eger adamlar salıq sisteması arqalı kámbaǵallasıp ketse, mámleket te aqıbette kámbaǵallasadı, xalıqtıń bay-dáwletli jasawı ushın ádil salıq sisteması zárúr dep esaplaǵan ullı babamız kim?**
A) Alisher Nawayı.
B) Ámir Temur.
D) Mırza Uluǵbek.
E) Zaxriddin Muxammed Babur.

**10. Qaysı juwapta tek yuridikalıq tárep biyligine iye salıq tólewshiler keltirilgen?**



http://eduportal.uz

A) respublikadaǵı kárxanalar hám Ózbekstan puqaraları.
B) shet el kárxanaları hám shet el puqarası.
D) Ózbekstan puqaraları hám shet el puqaraları.
E) respublikamızdaǵı kárxanalar hám shet el kárxanaları.

**12. Ózbekstan Respublikasınıń salıq stavkasınıń qaysı túrleri ámelde qollanıladı?**

A) progressiv.
B) proporcional.
D) tuwrı hám aylanba.
E) joqarıdaǵılardıń hámmesi.

**13. Qaysı juwapta salıq qatnasıqlarınıń subyektleri keltirilgen?**

A) salıq tólewshiler hám wákillik organları.
B) shet el puqaraları.
D) mámleket puqaraları hám kárxanalar.
E) napaqadaǵılar hám jumısshılar.

**14. Qaysı juwapta tek ǵana salıq keltirilgen?**

A) Aksiz hám jer salıǵı
B) Qosılǵan qiymat hám dáramat salıǵı
C) Aksiz hám qosılǵan qiymat salıǵı
D) Dáramat hám mal-múlk salıǵı

**15. Qaysı juwapta tek úzliksiz salıq keltirilgen?**

A) Aksiz hám jer salıǵı
B) Qosılǵan qiymat hám dáramat salıǵı
C) Aksiz hám qosılǵan qıymat salıǵı
D) Dáramat hám mal-múlk salıǵı

http://eduportal.uz

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ

### 8-klass boyınsha ótilgenlerdi tákirarlaw ushın test sorawları (juwmaqlawshı baqlaw jumısı úlgisi)

**1. Tańlawdıń alternativ qunı — bul:**
A. imkaniyatlar ishinen paydalı jaǵınan ekinshi orında turatuǵını.
B. Tańlanǵan imkaniyattıń ózi.
D. Tańlaw nátiyjesinde bas tartılǵan imkaniyatlardıń barlıǵı.
E. Tańlaw nátiyjesinde bas tartılǵan, eń úlken paydaǵa beretuǵın imkaniyat.

**2. Insan zárúrlikleri...**
A. Sheklengen, sebebi insan sanawli waqıt aralıǵında ómir keshiredi.
B. Sheksiz, sebebi insan árman-tileginiń shegi joq.
D. Sheklengen, sebebi resurslar sheklengen.
E. Sheksiz, sebebi biz jasap atırǵan mákannıń shegarası joq.

**3. Ekonomikanı ne sebepten úyrenemiz?**
A. Ekonomikanı bilgen adam únemli boladı.
B. Ekonomikanı bilgen adam jaqsı isbilermen boladı.
D. Ekonomikanı jaqsı bilgen adam aqıl menen ekonomikalıq sheshim qabıllay aladı.
E. Joqarıdaǵılardıń hámmesi durıs.

**4. Natuwrı qatardı anıqlań.**
A. Barlıq ekonomikalıq sistemalar tań-law mashqalasına dus keledi.
B. insan ruwxıy zárúrliklersiz jaqsı turmıs keshire almaydı.
D. insan sheksiz mákanda jasaydı, sol sebepli ekonomikalıq resurslardıń da shegi joq.
E. insan zárúrlikleriniń shegi joq.

**5. Ekonomikanıń tiykarǵı mashqalası — bul:**
A. Tábiyiy resurslardıń sheklengenligi.
B. insan zárúrlikleriniń sheksizligi.
D. insan zá rú rliklerin qanaatlandırıw.
E. insannıń sheksiz zárúrliklerin qanaatlandırıw ushın zárúr resurslardıń sheklengenligi.

**6. Óndiris faktorları — bul:**

http://eduportal.uz

A. Miynettiń bólistiriliwi hám qánigelesiwi.
B. Tek imarat, qurılıslar, ásbap-úskeneler hám stanoklar.
D. Tek jumısshılar sheberligi hám texnologiya.
E. Tábiyiy faktor, miynet faktorı, kapital hám isbilermenlik faktorı.

**7. Qaysı juwap uluwmalastırıp berilgen? Miynet ónimdarlıǵı — bul...**
A. Bir resurs birliginen paydalanıp, islep shıǵarılǵan ónim muǵdarı.
B. Waqıt birligi ishinde islep shıǵarılǵan tovar kólemi.
D. Bir jumısshı islep shıǵarǵan ónim muǵdarı.
E. Bir jumısshı islep shıǵarǵan ónimniń puldaǵı qunı.

**8. Miynet bólistiriliwi:**
A. Nırqlardıń ósiwine alıp keledi.
B. Miynet ónimdarlıǵın kemeytedi.
D. Dáramatlardı tegis bólistiriw múm-kinshiligin beredi.
E. Miynet ónimdarlıǵın arttıradı.

**9. Miynet ónimdarlıǵına ne tásir kórsetedi?**
A. Texnologiyalardı qollaw.
B. Qánigelesiw.
D. Jumısshılardıń kásiplik sheberligi.
E. Joqarıdaǵılardıń hámmesi.

**10. Tómendegi ózgesheliklerdiń qaysı biri oraylasqan jobalı ekonomikaǵa tán emes?**
A. Jobalı óndiris.
B. Belgilengen nırqlar.
D. Buyrıqpazlıq.
E. Erkin nırqlar.

**11. Bazar ekonomikası degende neni túsinesiz?**
A. Bazar qatnasıqları qaǵıydaları tiykarında basqarılatuǵın eko- nomi-ka.
B. Shańaraq, úy xojalıǵın júrgiziwde bazar qatnasıqların esapqa alıw.
D. Satıwshı hám qarıydar arasındaǵı nırqtıń baғzar tárepinen belgileniwi nátiyjesindegi ekonomika.
E. Adamlar ortasındaǵı erkin ekonomikalıq baylanıs, qatnas.

**12. «Ne, qalay hám kim ushın islep shıǵarıw kerek»? degen mashqalaǵa qay jerde dus keledi?**
A. Tek ǵana dástúriy ekonomikada.
B. Tek oraylasqan jobalı ekonomikada.
D. Tek bazar ekonomikasında.
E. Hár qanday ekonomikalıq sistemada.

**13. Eger islep shıǵarıwshı barlıq resursların iske salsa, kóbi menen 100 dana A tovardan hám 200 dana B tovardan islep shıǵaradı A tovardan 120 dana islep shıǵarıwǵa qalay erisiw múmkin?**
A. Hesh bir sharayatta buǵan erisip bolmaydı.
B. Qattı únemlilik penen erisiw múmkin.
D. B tovardı islep shıǵarıwdı kemeytiw arqalı erisiw múmkin.
E. Tek ǵana qosımsha qárejet sarplap erisiw múmkin.

**14. Aralas ekonomika qaysı ekonomikalıq sistemalardıń elementlerin óz ishine aladı?**
A. Tek oraylasqan hám dástúriy ekonomikanıń.
B. Tek dástúriy hám bazar ekonomikasınıń.
D. Barlıq ekonomikalıq sistemanıń.
E. Oraylasqan hám bazar ekonomikasınıń.

**15. Tómende keltirilgen óndiristi shólkemlestiriwde miynetti bólistiriw ámelge asırılǵan ba?**
A. Bir fabrika asxana mebeli, ekinshisi bolsa jataqxana ushın jumsaq mebel islep shıǵaradı.
B. Bir firma kompyuter, ekinshisi bolsa printer islep shıǵaradı.
D. Bir boyawshı diywaldı boyawǵa tayarlaydı, ekinshisi bolsa boyaydı.
E. Braziliya kofe, Hindistan shay islep shıǵaradı.

**16. Bazar — bul:**
A. Satıwshı hám qarıydarlar ushırasatuǵın jer.
B. Tovar hám xizmetler almastırılatuǵın jer.
D. Óndiristi tutınıw menen baylanıstıratuǵın qural.
E. Nadurıs juwap joq.

**17. Tovardıń narqı bul:**
A. Satıwshınıń tovar ushın almaqshı bolǵan pul muǵdarı.
B. Qarıydardıń tovar ushın tólemekshi bolǵan pul muǵdarı.
D. Tovardı islep shıǵarıw ushın sarp-lanǵan jámi qárejet muǵdarı.
E. Satıwshı tovardı satıwǵa hám qarıydar bolsa tovar ushın tólewge razı bolǵan pul muǵdarı.

**18. Pul qanday qásiyetlerge iye bolıwı kerek?**
A. Qolay hám ıqsham.
B. Bekkem hám turaqlı.
D. Siyrek hám qalbekilestiriw qıyın.
E. Joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**19. Tovar islep shıǵarıw ushın zárúr bolatuǵın resurslar nırqı ózgergende:**

http://eduportal.uz

A. Usınıs muǵdarı ózgeredi.
B. Talap ta, usınıs ta ózgermeydi.
D. Tovarǵa bolǵan talap ózgeredi.
E. Tovar usınısı ózgeredi.

**20. Tómendegi faktorlardan qaysı biri talapqa tásir etpeydi:**
A. Tovardı paydalanıwshılar sanınıń ózgeriwi.
B. Tutınıwshılar dáramatınıń ózgeriwi.
D. Bazarǵa tovardıńkóp muǵdarda alıp keliniwi.
E. Tovar nırqınıń artıwı kútiliwi.

**21. Usınıs muǵdarı belgili bir waqıt dawamında:**
A. Qarıydarlardıń belgili nırqta satıp alıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.
B. Satıwshılardıń islep shıǵarıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.
D. Satıwshılardıń belgili bir nırqta satıwı múmkin bolǵan tovar muǵdarı.
E. Satıwshılar tárepinen bazarǵa alıp kelingen uluwma tovar muǵdarı.

**22. Tovarǵa bolǵan talap muǵdarı onıń usınıs muǵdarınan kóp bolsa, bazarda:**
A. Tovar satılmastan toplanıp qaladı.
B. Tam-tarıslıǵı júzege keledi.
D. Teńsalmaqlıq payda boladı.
E. Satıwshılar arasında báseki júzege keledi.

**23. Satıwshılar ortasındaǵı báseki nátiyjesinde tovarlar:**
A. Sapası jamanlasadı, nırqı kóteriledi.
B. Nırqı ózgermeydi, sapası jamanlasadı.
D. Túri kóbeyiwi múmkin.
E. Nırqı túsiwi, sapası bolsa jaqsılanıwı múmkin.

**24. Tómendegi ózgesheliklerdiń qaysı biri bazar ekonomikasına tán emes?**
A. isbilermenlik.
B. Jeke múlkshilik.
D. Monopoliyanı quwatlaw.
E. Báseki.

**25. «Ekonomikanıń siyasattan ústinligi» principi:**
A. Mámlekettiń bas reformator bolıwı.
B. Nızam hám nızamǵa boysınıwı bekkem bolıw zárúrligin bildiredi.
D. Hám ishki, hám sırtqı ekonomikalıq múnásibetlerdiń ideologiyadan azat bolıwın bildiredi.

E. Kúshli sotsiallıq siyasat alıp barıw boyınsha tásirsheń shara- ilajlar kóriwdi bildiredi.

**26. Ekonomikaǵ a baylanıslı dáslepki kitap kim tárepinen jazılǵan?**

A. Adam Smit. B. Aristotel.
D. Ksenofont. E. Alfred Marshall.

**27. Tovarǵa bolǵan talap hám usınıs tómendegi keste kórinisinde berilgen. Tovardıń turaqlı nırqı (swm), turaqlı muǵdarı (dana) hám satıw kólemin anıqlań.**

| *Tovardıń nırqı* | 400 | 800 | 1200 | 1600 |
|---|---|---|---|---|
| *Tovardıń muǵdarı* | 15 | 10 | 5 | 0 |
| *Usınıs muǵdarı* | 8 | 10 | 14 | 20 |

A. 400 swm, 10 dana, 4000 swm.
C. 800 swm, 10 dana, 4000 swm.
D. 800 swm, 10 dana, 8000 swm.
E. 1200 swm, 10 dana, 8000 swm.

**28. Salıqqa tartılatuǵın dáramat, mal-múlk yamasa tovar qalay ataladı?**

A. Salıq subiekti.
B. Salıq obiekti.
D. Salıq stavkası.
E. Salıq.

**29. Fizikalıq tárep esaplanatuǵın salıq tólewshi qaysı juwapta keltirilgen?**

A. Ayaq-kiyim islep shıǵarıwshı jeke firma.
B. Un islep shıǵarıwshı zavod.
D. Baspaxana jumısshısı.
E. Barlıq salıq tólewshiler.

**30. Yuridikalıq tárep esaplanǵan salıq tólewshiler qaysı juwapta keltirilgen?**

A. Ayaq-kiyim islep shıǵarıwshı jeke firma.
B. Oqıtıwshı.
D. Baspaxana jumısshısı.
E. Barlıq salıq tólewshiler.

**31. Qaysı juwapta salıq tólewshiniń minnetlerinen birewi keltirilgen?**

A. Mámleket tárepinen belgilengen salıq jeńilliklerinen paydalanıw.
B. Salıqlardıń belgilengen muǵdarın óz waqtında tólew.
D. Óziniń tolıq tólewshi esabında huqıqları buzılǵanda tiyisli jerlerge arza beriw.

http://eduportal.uz

E. Salıq organlarınan salıqtan qarızı bar yamasa joq ekenligi haqqında maǵlıwmat alıw.

**32. Salıq obiektiniń hár bir birligi ushın mámleket tárepinen belgilep qoyılǵan norma?**

A. Salıq.
B. Salıq stavkası.
D. Salıq obyekti.
E. Salıq subyekti.

**33. Bir puqara óziniń 300 birlik dáramatınan 36 birlik, ekinshi puqara 440 birlik dáramatınan 44 birlik dáramat salıǵın tóledi. Bularǵa tiykarlanǵan dáramat salıǵı stavkası qanday?**

A. Proporcional. B. Progressiv.
D. Regressiv. E. Durıs juwap berilmegen.

**34. Bazarda tovarǵa bolǵan talap muǵdarınıń usınıs muǵdarına teń bolgandaǵı bahası...**

A. tovardıń turaqlı bahası B. tovardıń haqıyqıy bahası
D. tovardıń erkin bahası E. tovardıń bazar bahası

**35. Tovar nırqın ózgertpesten oniń sıpatın jaqsılaw, reklamanı kúsheytiriw sıyaqlı faktorlar arqalı básekige tásir kórsetiw ... dep ataladı.**

A. Báseki B. Nırqlar úzliksiz básekilesiw
C. Bazardı tátipke salıw D. Nırqlar arqalı básekilesiw

**36. Sap báseki bazarı, monopolistic báseki bazarı, oligopolistic bazar, sap monopol bazar bul — ...**

A. Monopoliya tu’rleri
B. Bazarlardiń kimge tıyılı ekenligin bildiriwshi atamalar
C. Bazar qatnasıwshılarınıń bazarǵa qarata pikirlerdi sáwlelendiriwshi atamalar
D. Tovardıń bazar nırqı.

**37. Mámleket áhmiyetine iye bolǵan hám arnalǵan monopollastırılǵan ayrım islep shiǵariw tarawlari, tarmaqlari yaki karxanalar ... dep ataladi.**

A. Mámleket monopoliyaları B. Arnalǵan monopoliyalar
C. Tábiyiy monopoliyalar D. Erkin monopoliyalar.

**38. Mámleketimizdegi monopoliyaǵa qarsı nızamshılıǵı tiykarǵı wazıypasınan ... ibarat.**

A. Monopoliyaǵa shek qoyiw, isbilermenlik hám básekini qollap-quwatlaw;
B. Monopoliyalardi sheklew;
C. Bazarda talap hám usınısınıń teń salmaqlıǵına erisiw;
D. Bazar múnásebetlerinde mámlekettiń rolin asırıw.

**39. Jeke múlkshillikke tiykarlanǵan, hámme ekonomikalıq sheshimler bazar mexanizmleri járdeminde anıqlanǵan sistema ... dep ataladı.**

A. Bazar múnásibetleri;
B. Ekonomikalıq sistema;
C. Bazar sisteması;
D. Bazar ekonomikası.

**40. Bazar ekonomikasinda ...**

A. Rejeler tiykarǵı faktorlar;
B. Mámleket bazarınıń tiykarǵı qatnasıwshısı;
C. Nırqlar erkin boladı;
D. Durıs juwap joq.

**41. Qaysı juwapta tek ǵana salıq keltirilgen?**

A. Aksiz hám jer salıǵı
B. Qosılǵan qiymat hám dárámat salıǵı
C. Aksiz hám qosılǵan qıymat salıǵı
D. Dárámat hám mal-múlik salıǵı

**42. Qaysı juwapta tek úzliksiz salıq keltirilgen?**

A. Akciz hám jer salıǵı
B. Qosılǵan qıymat hám dárámat salıǵı
C. Aksiz hám qosılǵan qiymat salıǵı
D. Dárámat hám mal-múlk salıǵı

**43. Qaysı jaǵdayda bir kúnlik miynet ónimdarlıǵı joqarı?**

A. 12 jumısshı 120 detal tayarlaydı.
B. 8 jumısshı 95 detal tayarlaydı.
C. 11 jumısshı 105 detal tayarlaydı.
D. 20 jumısshi; 200 detal tayarlaydı.

**44. Tómendegi súwretlerde súwretlengen nárselerdiń qaysı biri pul wazıypasın orınlay aladı?**

A. 

B. 

D. 

E. 

http://eduportal.uz

**S32** Sariqov Ergashvoy Sotvoldiyevich.
**Ekonomikalıq bilim tiykarları**: Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinıń 8-klası ushın sabaqlıq/E.S.Sariqov, B.Q.Haydarov. — T.:«Huqıq hám Jámiyet» baspası, 2019 — 160 b.

I.Avtorlas

ISBN
**UOK**
**KBK**

Sariqov Ergashvoy Sotvoldiyevich
Haydarov Bahodir Qayumovich

# IQTISODIY BILIM ASOSLARI

**8-sinf uchun darslik**

*Qaraqalpaq tilinde*

*Qayta islengen hám tolıqtırılǵan*
*4-basılımı*

Original-maket «Huqıq hám Jámiyet» baspası tárepinen tayarlandı.

Basıwǵa ruxsat etildi 30.09.2019-j. Formatı $70x90^{1}/_{16}$. «Tayms» garniturasi. Kegli 11. Ofset usılında basıldı. Shartli tabaǵı 11,7. Basma tabaǵı 10,94.
Nusqası ___________ nusxa. __-___ sanli buyırtpa.

http://eduportal.uz

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetetuǵın keste

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| **Jańa** | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
| **Jaqsı** | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| **Qanaatlandırarlı** | Muqaba jelingen, bir qansha sızılıp, shetleri qayrılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betleri qayta jelimlengen, ayırım betlerine sızılǵan. |
| **Qanaatlandırarsız** | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bólimnen ajıralǵan yamasa pútkilley joq. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |

http://eduportal.uz